# बिहारक सभ राजकीय आईटीआई मे लागत सोलर पैनल, पीपीपी मोड मे बनत महिला छात्रावास

पटना, समदिया।

राज्यक सभ राजकीय औद्योगिक प्रशिक्षण संस्थान (आईटीआई) मे सोलर पैनल लगाओल जाएत। सोलर पैनल लगेनिहार प्रस्ताव पर सहमति दए देल गेल अछि। सोलर पैनल लगेनाइक उद्देश्य सभ आईटीआई मे बिजली पर निर्भरता आ ऊर्जा खर्च कें कम करब अछि। सौर ऊर्जाक उपयोग सं संस्थानक परिसर मे हरित ऊर्जा कें बढ़ावा भेटबाक संग-संग दीर्घकाल मे संस्थानक संचालन खर्च सेहो कम कएल जा सकत। मंगलदिन युवा, रोजगार एवं कौशल विकास मंत्री अरुण शंकर प्रसादक अध्यक्षता मे भेल बैठक मे जननायक कर्पूरी ठाकुर कौशल विश्वविद्यालयक स्थापना लेल जमीन अधिग्रहणक प्रक्रिया शुरू करबाक सहमति बनल। सभ नोडल आईटीआई मे नेशनल एप्रेंटिशिप प्रमोशन स्कीम (एनएपीएस) कें तेजी सं लागू कराबय पर जोर देल गेल। एकर संग आईटीआईक पूर्व छात्र कें संस्थान सं जोड़बाक लेल एल्युमिनाइ एसोसिएशन गठित करबाक निर्णय लेल गेल। बैठक मे सचिव कौशल किशोर आ निदेशक रंजीत कुमार मौजूद छलाह। जिनका जिलाक महिला



आईटीआई मे छात्रावासक सुविधा उपलब्ध नहि अछि, ततय पीपीपी मोड मे छात्रावास निर्माण लेल निविदा आमंत्रित करबाक निर्णय लेल गेल अछि। ओतहि जे सरकारी आईटीआई एखन धरि अपन भवन नहि अछि, हुनका लेल आम लोक सं भूमि दान लेबाक उद्देश्य सं विज्ञापन जारी करबाक सहमति बनल। भूमि दान कएनिहार व्यक्ति अथवा हुनकर पूर्वजक नाम पर संबंधित आईटीआईक नामकरण कएल जाएत। आईआईटी पटना मे राष्ट्रीय अंतरिक्ष दिवस समारोह मे 600 छात्र सभ कें भेटल अंतरिक्ष विज्ञानक जानकारी इसरो वैज्ञानिक सभ सं कएलक संवाद पटना। भारतीय प्रौद्योगिकी संस्थान (आईआईटी) पटना मे यूआर राव सैटेलाइट सेंटर (यूआरएससी), इसरो के सहयोग सं राष्ट्रीय अंतरिक्ष दिवस 2026 समारोहक आयोजन कएल गेल। कार्यक्रम मे बिहारक अलग-अलग स्कूल सं पहुंचल करीब 600 विद्यार्थी शामिल भेलाह। छात्र सभ कें भारतक अंतरिक्ष अभियान, चंद्रयान-3क सफलता आ अंतरिक्ष विज्ञान मे देशक उपलब्धि सं परिचित कराओल गेल। एहि दौरान विद्यार्थी सभ कें विज्ञान, तकनीक आ अंतरिक्ष अनुसंधानक क्षेत्र मे आगू बढ़बाक लेल प्रोत्साहित कएल गेल। कार्यक्रम मे केंद्रीय विद्यालय, फाउंडेशन एकेडमी, सरकारी विद्यालय, हाई स्कूल अमहारा, उच्च माध्यमिक विद्यालय दयालपुर-दौलतपुर सहित बिहारक कतेको स्कूलक विद्यार्थी शामिल भेलाह। पैघ संख्या मे स्कूली छात्रसभक मौजूदगी सं पूरा कार्यक्रम विशेष बनि गेल। विद्यार्थी सभ अंतरिक्ष विज्ञान सं जुड़ल विषय सभ कें बुझबाक संग इसरो वैज्ञानिक सभ सं सीधा संवाद सेहो कएलनि। समारोहक उद्घाटन सत्र मे आईआईटी पटनाक निदेशक प्रो. टीएन सिंह, यूआरएससी-इसरोक उप निदेशक डॉ. सेंथिल कुमार, आईआईटी पटनाक भौतिकी विभागाध्यक्ष प्रो. नवीन के. निश्चल, इसरोक वैज्ञानिक, संस्थानक शिक्षक आ विद्यार्थी मौजूद छलाह। एहि दौरान विद्यार्थी सभ कें भारतक अंतरिक्ष कार्यक्रम आ अंतरिक्ष प्रौद्योगिकी सं जुड़ल महत्वपूर्ण जानकारी देल गेल। तकनीकी सत्र मे छात्र सभ अंतरिक्ष अनुसंधानक दिशा, भारतक उपलब्धि आ वैज्ञानिक अभियानसभक बारे मे जानकारी हासिल कएलनि। इसरो वैज्ञानिक सभ सं बातचीतक अवसर भेटला पर विद्यार्थी सभ अंतरिक्ष विज्ञान सं जुड़ल प्रश्न सेहो पूछलनि। कार्यक्रमक उद्देश्य मात्र छात्र सभ कें जानकारी देब नहि छल, बल्कि हुनका मे विज्ञानक प्रति रुचि आ जिज्ञासा बढ़ेनाइ सेहो छल। विद्यार्थी सभ कें बताओल गेल जे अंतरिक्ष विज्ञान आ तकनीकक क्षेत्र मे आगू बढ़बाक लेल निरंतर सीखबाक, प्रयोग करबाक आ नव चीज सभ कें बुझबाक आवश्यकता अछि। राष्ट्रीय अंतरिक्ष दिवस समारोहक दौरान विद्यार्थी सभ लेल कतेको प्रतियोगिताक आयोजन सेहो कएल गेल। एहि मे स्पेस क्विज, एक्सटेंपोर, स्पॉट पेंटिंग आ मेमोरी टेस्ट प्रमुख छल। एहि प्रतियोगिता सभ मे छात्र सभ उत्साहपूर्वक भाग लेलनि आ अपन प्रतिभाक प्रदर्शन कएलनि। स्पेस क्विजक माध्यम सं विद्यार्थीसभक वैज्ञानिक ज्ञानक परख कएल गेल, जखनकि एक्सटेंपोर प्रतियोगिता मे छात्रसभक संचार कौशल आ विषय कें तुरंत बुझि अपन बात रखबाक क्षमता सामने आएल। स्पॉट पेंटिंग आ मेमोरी टेस्टक माध्यम सं रचनात्मकता, अवलोकन क्षमता आ स्मरणशक्तिक परख कएल गेल। प्रतियोगिता सभ सं छात्र सभ मे टीमवर्क आ स्वस्थ प्रतिस्पर्धाक भावना कें सेहो बढ़ावा भेटल। समारोह मे आईआईटी पटनाक स्कूली शिक्षाक क्षेत्र मे भागीदारी कें सेहो प्रमुखता सं सामने आनल गेल। संस्थानक भौतिकी आ रसायन विज्ञान विभागक शिक्षक बिहार सरकारक संग मिलि सरकारी स्कूल सभ मे 11वीं आ 12वीं कक्षाक प्रयोगशाला सभ कें नीक बनेबाक लेल काज कए रहल छथि। एहि पहलाक उद्देश्य सरकारी स्कूलक विद्यार्थी सभ कें विज्ञानक पढ़ाइक दौरान नीक प्रयोगात्मक आ व्यावहारिक अनुभव उपलब्ध करेनाइ अछि। प्रयोगशाला सभ कें मजबूत केला सं छात्र सभ किताब मे पढ़ल वैज्ञानिक सिद्धांत सभ कें प्रयोगक माध्यम सं बुझि सकताह। एहि सं विज्ञान विषयक प्रति हुनकर रुचि बढ़ेबाक आ भविष्य मे तकनीकी शिक्षा दिस हुनका प्रेरित करबा मे सेहो सहायता भेटि सकैत अछि। कार्यक्रमक समापन पर विद्यार्थी सभ कें निरंतर जिज्ञासु बनल रहबाक आ विज्ञान तथा इंजीनियरिंगक क्षेत्र मे आगू बढ़बाक संदेश देल गेल। छात्र सभ कें प्रोत्साहित कएल गेल जे ओ नव तकनीक कें बुझबाक संग वैज्ञानिक सोच विकसित करथि आ भविष्य मे देशक अंतरिक्ष एवं तकनीकी अभियान सभ मे अपन भूमिका निभेबाक दिशा मे आगू बढ़थि। आईआईटी पटना मे आयोजित एहि कार्यक्रम सं स्कूली विद्यार्थी सभ कें कक्षाक पढ़ाइ सं अलग अंतरिक्ष विज्ञान कें नजदीक सं बुझबाक अवसर भेटल। इसरो वैज्ञानिक सभ सं संवाद, तकनीकी सत्र आ विभिन्न प्रतियोगिताक माध्यम सं छात्र सभ विज्ञान सीखबाक संग अपन प्रतिभा देखेबाक अवसर सेहो पओलनि। समारोहक मुख्य संदेश छल जे देशक भविष्यक वैज्ञानिक आ इंजीनियर आइक जिज्ञासु विद्यार्थीसभक बीच सं तैयार होयताह।

## मेट्रो निर्माणक कारण ट्रैफिक पुलिस बदललक योजना,नेहरू पथ पर 20 अगस्त सं व्यावसायिक



पटना, समदिया।

**» वाहन पर रोक,ऑटो-ई रिक्शाक लेल नव रूट**

पटना मे मेट्रो निर्माणक कारण नेहरू पथ पर बढ़ि रहल ट्रैफिकक दबाव कें कम करबाक लेल पैघ बदलाव कएल गेल अछि। यातायात पुलिस जाम सं राहति दियाबय लेल नव वैकल्पिक मार्ग तैयार कएलक अछि। 20 अगस्त सं चिड़ियाघर गेट नंबर-1 सं आयकर गोलंबर धरि व्यावसायिक वाहनक परिचालन पर स्थायी रोक लगा देल जाएत। पुनाईचकक लग बढ़ि रहल दबाव कें देखैत ऑटो आ ई-रिक्शा आब विश्वसरैया भवनक पाछांबला सड़क सं गुजरत। ई रूट पुनाईचक रोड होइत अटल पथ आ तकर बाद महेश नगर अंडरपासक बाटे बोरिंग कैनाल रोड दिस जाएत। प्रस्तावित प्रतिबंधक जानकारी बस आ ऑटो संघक पदाधिकारी सभ कें दए देल गेल अछि। एहि इलाका सभ मे सब सं बेसी चुनौती नेहरू पथ पर एखन तीन ठाम मेट्रो निर्माणक काज चलि रहल अछि। एहि मे राजवंशी नगर हनुमान मंदिरक लग स्थिति सब सं बेसी चुनौतीपूर्ण अछि। एतय भोर 9 सं 11 बजे आ सांझ 5 सं राति 8 बजे धरि भारी जाम लगैत अछि। यातायात पुलिसक अनुसार ऑटो, ई-रिक्शा आ सिटी बसक कारण चिड़ियाघर, हनुमान मंदिर, विकास भवन आ नियोजन भवनक आसपास लगातार दबाव बनल रहैत अछि। नव योजना सं एतयक लोक कें राहति भेटबाक उम्मीद अछि।

# मीठापुर-महुली एलिवेटेड रोड आ कच्ची दरगाह-बिदुपुर पुल तैयार, आब उद्घाटनक प्रतीक्षा

पटना, समदिया।

पटना आ उत्तर-दक्षिण बिहारक बीच आवागमन कें सहज बनेनिहार दूटा महत्वपूर्ण परियोजना आब तैयार अछि। मीठापुर-महुली एलिवेटेड सड़कक पहिल चरण आ कच्ची दरगाह-बिदुपुर सिक्सलेन गंगा पुलक निर्माण पूरा भए चुकल अछि। आब दुनू परियोजनाक उद्घाटनक इंतजार अछि। दुनू परियोजना शुरू भेलाक बाद पटना यातायात व्यवस्था कें राहति भेटबाक उम्मीद अछि। संगहि उत्तर आ दक्षिण बिहारक बीच यात्रा सेहो सहज होयत। ओतहि, मीठापुर-महुली एलिवेटेड सड़कक दोसर चरणक काज सेहो तेज गति सं चलि रहल अछि। दुनू परियोजना तैयार भेलाक बाद आब उद्घाटनक तैयारी चलि रहल अछि। अपुष्ट जानकारीक अनुसार, राज्य सरकार प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी सं




कच्ची दरगाह-बिदुपुर पुलक उद्घाटन कराबयबाक तैयारी कए रहल अछि। मुदा, एकर आधिकारिक पुष्टि एखन नहि भेल अछि। पुल शुरू भेलाक बाद पटना सं उत्तर बिहार जाय बला लोक कें पैघ राहति भेटत। गांधी सेतु पर सेहो वाहनक दबाव कम होयबाक उम्मीद अछि। मीठापुर-महुली एलिवेटेड रोड परियोजना कें दू चरण मे विकसित कएल जा रहल अछि। एकर पहिल चरण मे सिपारा सं महुली बीच करीब 6.7 किलोमीटर लंबी सड़क बनाओल गेल अछि। एहि मे करीब 5.4 किलोमीटर हिस्सा एलिवेटेड अछि। ई सड़क सिपारा लग न्यू बाइपास सं जुड़ैत अछि। एकर शुरुआत भेलाक बाद दक्षिण पटना मे कतेको इलाका मे आवागमन पहिने सं सहज भेल अछि। परियोजनाक दोसर चरण मे मीठापुर सं सिपारा बीच करीब 2.10 किलोमीटर चारि लेन एलिवेटेड सड़क बनाओल जा रहल अछि। एकर अतिरिक्त महुली सं पुनपुन बीच करीब 2.20 किलोमीटर चारि लेन एटग्रेड सड़कक प्रावधान अछि।दोसर चरण पूरा भेलाक बाद मीठापुर, सिपारा, महुली आ पुनपुनक बीच यात्रा आरो सुगम भए जाएत। एकर लाभ जहानाबाद, अरवल, गया, औरंगाबाद आ बिहारशरीफ दिस आबि-जाय बला लोक कें सेहो भेटत। मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी 7 अगस्त कें मीठापुर-महुली एलिवेटेड रोडक दोसर चरणक निर्माण काजक निरीक्षण केने छलाह। ओ अधिकारी सभ कें काज शीघ्र पूरा करबाक निर्देश देलनि छलाह। मुख्यमंत्री परियोजना कें पटना यातायात व्यवस्था लेल महत्वपूर्ण बतौने छलाह। एकर बाद निर्माण काज मे तेजी आबयबाक उम्मीद अछि। कच्ची दरगाह-बिदुपुर सिक्सलेन गंगा पुलक निर्माण सेहो पूरा भए चुकल अछि। करीब 19.75 किलोमीटर लंबा ई पुल पटना केर कच्ची दरगाह कें वैशालीक बिदुपुर सं जोड़ैत अछि।एहि परियोजनाक लागत करीब 4,988 करोड़ रुपैया बताओल गेल अछि। पुल शुरू भेलाक बाद पटना सं वैशाली, समस्तीपुर, दरभंगा आ उत्तर बिहारक दोसर हिस्सा धरि पहुंचब सहज भए जाएत। कच्ची दरगाह-बिदुपुर पुल शुरू होयबाक सब सं पैघ लाभ पटना आ उत्तर बिहारक बीच आवागमन कें भेटत। पैघ संख्या मे वाहन एहि नव मार्गक उपयोग कए सकत। एहि सं गांधी सेतु पर वाहनक दबाव कम होयबाक उम्मीद अछि। पटना सं उत्तर बिहार जाय बला यात्री कें एकटा वैकल्पिक आ नीक मार्ग भेटत।

# भीड़ हिंसा आ सड़क जाम सं निपटबाक लेल बिहार मे नव व्यवस्था, 49 दंगा निरोधी दस्ता गठित होयत

पटना, समदिया।

बिहार मे कानून-व्यवस्था सं जुड़ल संवेदनशील परिस्थिति, हिंसक प्रदर्शन, सड़क जाम, सरकारी संपत्ति कें नोकसान पहुंचेनाइ आ भीड़ नियंत्रण जेहन स्थिति सं निपटबाक लेल पैघ व्यवस्था कएल गेल अछि। आब प्रत्येक जिला मे दंगा निरोधी दस्ता (रायट कंट्रोल यूनिट) तैयार कएल जाएत। पुलिस मुख्यालय सभ जिला कें ए, बी आ सी श्रेणी मे बांटि कुल 49 दंगा निरोधी कंपनी गठित करबाक योजना बनौने अछि। एहि लेल कुल 294 वाहन उपलब्ध कराओल जाएत। प्रत्येक दंगा निरोधी कंपनी मे तीन प्लाटून रहत। एकटा प्लाटून मे कुल 47 पुलिसकर्मी रहताह। एहि मे आंसू गैस दस्ता, लाठी दस्ता, सशस्त्र बल, चालक, वायरलेस



ऑपरेटर आ अन्य प्रशिक्षित कर्मी शामिल रहताह। जरूरत पड़ला पर महिला पुलिसकर्मी, चिकित्सा आ एंबुलेंस सहायता दल तथा वीडियोग्राफी लेल कर्मी सेहो टीमक हिस्सा रहताह। प्रत्येक प्लाटून कें एक बस आ एक ट्रक सहित दूटा वाहन देल जाएत। जिलाक श्रेणीक अनुसार संसाधन उपलब्ध कराओल जाएत। ए श्रेणी मे पटना कें तीन कंपनी आ 18 वाहन भेटत। गया, रोहतास, मुजफ्फरपुर, सारण, मोतिहारी, बेतिया, दरभंगा, मधुबनी, समस्तीपुर, भागलपुरआ अन्य चिह्नित जिला मे दू-दू कंपनी आ 12-12 वाहन रहत। बी श्रेणीक जिला मे एक-एक कंपनी आ 6-6 वाहन, जखनकि सी श्रेणीक जिला मे एक-एक प्लाटून आ दू-दू वाहन उपलब्ध कराओल जाएत। दंगा अथवा हिंसाक सूचना भेटिते जिला नियंत्रण कक्ष सं तत्काल सूचना प्रसारित कएल जाएत।दंगा निरोधी दस्ता कें 20 मिनटक भीतर निर्धारित स्थल लेल विदा कएल जाएत।घटनास्थल पर पहुंचि टीम वरिष्ठ पुलिस अधिकारीक संग समन्वय करैत स्थितिक लगातार आकलन करत आ आवश्यकतानुसार कारबाइ करत। दस्ता मे शामिल पुलिसकर्मी सभ कें विशेष प्रशिक्षण सेहो देल जाएत। प्रत्येक जिलाक पुलिस केंद्र मे एक मासक प्रशिक्षण होयत। एकर बाद प्रत्येक प्लाटून कें तीन मास मे एक सप्ताहक रिफ्रेशर कोर्स कराओल जाएत।

# पाटलिपुत्र स्पोर्ट्स कॉम्प्लेक्स मे अंतरराष्ट्रीय स्तरक इंडोर स्टेडियमक सुविधा मार्च 2027 सं भेटत

पटना, समदिया।

बिहारक खेलाड़ी सभ कें शीघ्रहि अंतरराष्ट्रीय स्तरक सुविधा भेटत। कबड्डी, बास्केटबॉल, बॉक्सिंग, वॉलीबॉल, सेपक टाकरा सहित विभिन्न इंडोर खेलक खेलाड़ी आब पटना मे आधुनिक सुविधाक बीच अभ्यास कए सकताह। कंकड़बाग स्थित पाटलिपुत्र स्पोर्ट्स कॉम्प्लेक्स मे 21.20 करोड़ रुपैयाक लागत सं अत्याधुनिक इंडोर स्टेडियमक निर्माण भए रहल अछि। ई स्टेडियम मार्च 2027 धरि बनि कए तैयार भए जाएत। एकर मुख्य उद्देश्य वर्ष 2028क लॉस एंजिल्स ओलिंपिक आ 2030क प्रस्तावित कॉमनवेल्थ गेम्स लेल राज्यक प्रतिभावान




खेलाड़ी सभ कें तैयार करब अछि, जाहि सं हुनका उच्चस्तरीय अभ्यास लेल दोसर राज्य पर निर्भर नहि रहय पड़य। इको-फ्रेंडली आ एडवांस्ड इंजीनियरिंगक मॉडल स्टेडियमक निर्माण प्री-फैब्रिकेटेड स्टील स्ट्रक्चर आ आधुनिक पीयूएफ इंसुलेटेड पैनल सं कएल जा रहल अछि। एकर संग ग्रीन बिल्डिंग मानकक अंतर्गत ऊर्जा बचेनिहार सस्टेनेबल एचवीएसी

**» खेलाड़ी सभ कें भेटत वर्ल्ड क्लास ट्रेनिंग**

एयर-कंडीशनिंग सिस्टमक व्यवस्था होयत। खेलाड़ी सभ कें भेटत वर्ल्ड क्लास ट्रेनिंग एहि अत्याधुनिक इंडोर स्टेडियमक निर्माण पूरा भेला सं बिहार मे खेल संस्कृति आ खेलाड़ीसभक प्रदर्शन मे पैघ बदलाव आएत। स्थानीय खेलाड़ी सभ कें अपनहि राज्य मे वर्ल्ड-क्लास ट्रेनिंगक सुविधा भेटत। ई बात खेल प्राधिकरणक उपनिदेशक हिमांशु सिंह कहलनि। स्टेडियमक प्रमुख विशेषता फोल्डेबल दर्शक दीर्घाः पैघ मोकाबला लेल 1000 सं बेसी दर्शकक क्षमता बला रिट्रैक्टेबल सीटिंग सिस्टम रहत, जे जरूरतक अनुसार खोलल अथवा समेटल जा सकत। इन-हाउस हॉस्टलः टूर्नामेंट आ कैंपक दौरान खेलाड़ीसभक ठहरबाक लेल परिसर मे 40 बेडक सर्वसुविधायुक्त डॉरमेट्री बनत। प्रोफेशनल एथलीट जोनः महिला आ पुरुष खेलाड़ी सभ लेल अलग-अलग डेडिकेटेड वॉर्म-अप एरिया, आधुनिक चेंजिंग रूम, लॉकर आ वॉशरूमक सुविधा रहत। ब्रॉडकास्ट रूमः राष्ट्रीय आ अंतरराष्ट्रीय स्तरक मैचक लाइव टेलीकास्ट लेल विशेष ब्रॉडकास्टिंग रूम बनत, जतय सं पूरा कोर्ट पर सीधा नजरि राखल जा सकत। सुरक्षा आ सुगम पहुंचः आपातकालीन निकास लेल कतेको एग्जिट गेट, चौड़ा कॉरिडोर आ दिव्यांगजनक सुविधा लेल यूनिवर्सल एक्सेस रैंप बनाओल जाएत।

# बिहारक तीन अनुमंडल मे नव राजस्व अधिकारीक तैनाती, विभाग जारी कएलक अधिसूचना

पटना, समदिया।

राजस्व एवं भूमि सुधार विभाग बिहारक तीन अनुमंडल मे नव राजस्व अधिकारीक तैनाती केने अछि। ई सभ अधिकारी बिहार राजस्व सेवाक छथि। विभाग दिस सं एहि संबंध मे अधिसूचना जारी कएल गेल अछि। अधिसूचना अनुसार पटनाक अपर जिला भू-अर्जन पदाधिकारी पंकज कुमार झा कें समस्तीपुरक अनुमंडल राजस्व पदाधिकारी बनाओल गेल अछि। हुनका आब समस्तीपुर मे राजस्व सं जुड़ल कार्यक जिम्मेदारी संभारय पड़तनि। मुंगेरक राजस्व अधिकारी सह कानूनगो पवन कुमार झा कें अरेराजक अनुमंडल राजस्व पदाधिकारी बनाओल गेल अछि। ओतहि बारसोईक अनुमंडल राजस्व




**» पंकज कुमार झा समस्तीपुर आ पवन कुमार झा अरेराजक अधिकारी बनलाह**

**» विकास कुमार सिंह अररिया सदरक अनुमंडल राजस्व अधिकारी नियुक्त भेलाह**

अधिकारी विकास कुमार सिंह कें अररिया सदरक अनुमंडल राजस्व पदाधिकारी नियुक्त कएल गेल अछि। विभाग अधिकारी सभ कें नव जिम्मेदारीक अनुसार कार्यभार संभारबाक निर्देश देलनि अछि।

# बिहार मे बालू-पाथरक पट्टा पर नव सीमा, आब 200 हेक्टेयर सं बेसी जमीन राखब मुश्किल

पटना, समदिया।

बिहार मे खनिज पट्टाक बंदोबस्ती कें लए सरकार पैघ निर्णय लेने अछि। आब बालू, पत्थर वा कोनो अन्य विशिष्ट लघु खनिजक लए एक व्यक्ति राज्यभरि मे कुल मिला कए 200 हेक्टेयर सं बेसी क्षेत्रफलक खनिज पट्टा नहि राखि सकत। सरकार बिहार खनिज नियमावली, 2019 मे दोसर संशोधन केने अछि। संशोधित नियम मे स्पष्ट कएल गेल अछि जे 200 हेक्टेयरक सीमा कोनो एक जिला धरि सीमित नहि रहत। राज्यक भीतर बालू, पत्थर आ अन्य विशिष्ट लघु खनिजक लए एक व्यक्तिक नाम पर मौजूद सभ खनिज पट्टाक कुल संयुक्त क्षेत्रफल एहि सीमा मे शामिल



होयत। सरकार पत्थर खदानक बंदोबस्ती लेल भूखंड सभ कें आवश्यकताक आधार पर जोड़बाक वा छोट-छोट टुकड़ा अर्थात खंड मे बांटबाक प्रावधान सेहो केने अछि। संशोधनक उद्देश्य खनिज पट्टाक पैघ स्तर पर एके व्यक्तिक लग केंद्रित होए पर रोक लगेनाइ अछि। खान एवं भू-तत्व विभाग सं भेटल जानकारीक अनुसार नीलामी प्रक्रिया मे सेहो बदलाव कएल गेल अछि। सफल उच्चतम बोलीदाता कें नीलामीक पांच कार्य दिवसक भीतर नीलामी राशिक 25 प्रतिशत जमा करबाक होयत। संशोधनक बाद विभाग एहि संबंध मे विस्तृत आदेश सेहो जारी कए देने अछि। विभाग कें असफल बोलीदाताक अग्रधन राशि अधिकतम 10 दिनक भीतर वापस करबाक होयत। ओतहि प्रतिभूति राशि पट्टा अवधि समाप्त भेलाक बाद वापस कएल जाएत। मुदा एकरा लेल ई शर्त रहत जे पट्टाधारक भुगतान मे डिफाल्टर नहि हो। खान एवं भू-तत्व विभागक अनुसार पट्टाधारक आब पट्टा क्षेत्रक सीमा सं अधिकतम दू किलोमीटरक परिधि मे मोबाइल क्रशर सहित क्रशर स्थापित कए सकताह। एहि लेल विभाग दिस सं निर्धारित शर्तक पालन करब अनिवार्य होयत। निर्माण स्थल सं 500 मीटरक परिधि मे निर्माण कार्य सं सीधा जुड़ल संवेदक कें सेहो क्रशर स्थापनाक अनुमति देल जा सकत अछि। एकरा लेल संबंधित कार्य विभागक अनुशंसा आवश्यक होयत। नियमावली मे एहि संबंध मे आवश्यक प्रावधान कएल गेल अछि।

# राजद कें राजभवन मार्च मे सिटी एसपी संभारलनि सुरक्षा व्यवस्थाक कमान

पटना, समदिया।

पटना मे राष्ट्रीय जनता दलक राजभवन मार्च कें लए पुलिस आ प्रशासन सुरक्षा व्यवस्था कड़ा कए देलक अछि। मार्च कें देखैत शहरक प्रमुख आ संवेदनशील क्षेत्र सभ मे पैघ संख्या मे पुलिस पदाधिकारी आ जवानक तैनाती कएल गेल अछि। जेपी गोलंबर सं डाकबंगला चौराहा होइत बेली रोड धरि पुलिसक विशेष निगरानी राखल गेल अछि। जगह-जगह बैरिकेडिंग कए सुरक्षा व्यवस्था कें मजबूत कएल गेल अछि। राजदक प्रस्तावित मार्च कें लए भोर सं पार्टी कार्यकर्तासभक जुटबाक सिलसिला शुरू भए गेल अछि। कार्यकर्तासभक बढ़ैत संख्या कें देखैत पुलिस प्रमुख स्थान सभ पर अतिरिक्त बल तैनात कएलक अछि। प्रशासनक प्रयास अछि जे प्रदर्शनक दौरान कानून-व्यवस्था

**» जेपी गोलंबर सं बेली रोड धरि भारी पुलिस बल तैनात**

बनल रहय आ कोनो अप्रिय स्थिति उत्पन्न नहि हो। राजभवन मार्चक संभावित रूट आ आसपासक क्षेत्र सभ मे पुलिसकर्मी कें अलर्ट राखल गेल अछि। संवेदनशील स्थान सभ पर अतिरिक्त पुलिस बल तैनात कएल गेल अछि, जाहि सं प्रदर्शनकारीसभक गतिविधि पर नजरि राखल जा सकय आ जरूरत पड़ला पर तत्काल कारबाइ कएल जा सकय। सुरक्षा व्यवस्थाक कमान सिटी एसपी ममता कल्याणी संभारि रहल छथि। ओ घटनास्थल पर मौजूद पुलिस अधिकारी सभ सं लगातार जानकारी लए रहल छथि आ सुरक्षा इंतजामक जायजा लए रहल छथि। पुलिसक टीम प्रमुख मार्ग सभ पर लगातार गश्त सेहो कए रहल अछि। मार्चक दौरान प्रदर्शनकारी सभ कें प्रतिबंधित क्षेत्र मे जेबाक रोकबाक लेल पुलिस वाटर कैनन आ अतिरिक्त पुलिस टुकड़ी सेहो तैनात केने अछि। कोनो स्थिति सं निपटबाक लेल पुलिस कें सतर्क रहबाक निर्देश देल गेल अछि। प्रशासन दिस सं सुरक्षा संग यातायात व्यवस्था सामान्य राखबाक पर सेहो विशेष ध्यान देल जा रहल अछि। मार्चक कारण प्रमुख सड़क सभ पर भीड़ बढ़बाक आशंका कें देखैत पुलिसकर्मी कें यातायात व्यवस्था संभारबाक जिम्मेदारी सेहो देल गेल अछि, जाहि सं आमलोक कें बेसी परेशानी नहि हो। सिटी एसपी ममता कल्याणी कहलनि जे कानून-व्यवस्था सं खिलवाड़ करबाक अनुमति ककरो नहि देल जाएत। पुलिसक नजरि पूरा क्षेत्र पर अछि आ स्थिति कें अनुसार सुरक्षा व्यवस्था कें आरो मजबूत कएल जाएत। ओ कहलनि जे पुलिसक उद्देश्य शांतिपूर्ण तरहे प्रदर्शन कें नियंत्रित करब आ शहर मे कानून-व्यवस्था कायम राखब अछि। संगहि आमलोकक आवाजाही आ यातायात व्यवस्था कें बेसी प्रभावित होए सं बचाबयक प्रयास कएल जा रहल अछि। राजदक राजभवन मार्च कें लए पटना मे राजनीतिक गतिविधि तेज अछि। एक दिस पैघ संख्या मे राजद कार्यकर्ता मार्च मे शामिल होबाक लेल जुटि रहल छथि, जखनकि दोसर दिस पुलिस आ प्रशासन कोनो अप्रिय स्थिति सं निपटबाक लेल सुरक्षा के पूरा इंतजाम केने अछि। फिलहाल जेपी गोलंबर सं बेली रोड धरि पुलिस बलक तैनाती आ बैरिकेडिंगक माध्यम सं पूरा क्षेत्र कें सुरक्षा घेरा मे राखल गेल अछि।

# मॉर्निंग वॉक पर निकलल गर्भवती महिलाक टाटा 407 सं पीचायल, मृत्यु

## तीन अबोध बच्चाक माथ सं उठल मायक ममता, करीब तीन घंटा सड़क रहल जाम

**समस्तीपुर, समदिया**

शिवाजीनगर प्रखंडक हथौड़ी थाना क्षेत्रक रहटौली पंचायतक वार्ड संख्या 5 मे बुधदिन भोर करीब पांच बजे हृदयविदारक सड़क दुर्घटना मे आठ मासक गर्भवती महिलाक मृत्यु भए गेल। रोसड़ा-हथौड़ी मुख्य पथ पर रहटौली गामक लग मॉर्निंग वॉक लेल निकलल 25 वर्षीय अंकिता देवी उर्फ अंकित गुप्ता कें रोसड़ा दिस सं हथौड़ी दिस जा रहल टाटा 407 पार्सल वाहन जोरदार ठोकर मारि देलक। दुर्घटना एतेक भीषण छल जे महिलाक घटनास्थले मृत्यु भए गेल। मृतकक पहचान रहटौली निवासी रोशन सहनीक पत्नी अंकिता देवीक रूप मे भेल अछि। प्रत्यक्षदर्शी सभक अनुसार वाहनक ठोकर सं महिलाक माथ पर गंभीर चोट लागल। दुर्घटना मे महिलाक संग मौजूद हुनकर एकटा पुत्र सहित दू अन्य लोक सेहो घायल भेलाह। स्थानीय लोकक सहयोग सं घायल सभ कें प्राथमिक स्वास्थ्य केंद्र पहुंचाओल गेल, जतऽ हुनकर इलाज कएल गेल। घटनाक बाद चालक वाहन छोड़ि कए फरार भए गेल। हथौड़ी थाना पुलिस टाटा 407 कें जब्त कए थाना लए गेल अछि आ चालक तथा वाहन मालिकक संबंध मे जानकारी जुटाओल जा




रहल अछि। अंकिताक मृत्यु केर खबर फैलिते घटनास्थल पर लोकक भारी भीड़ जुटि गेल। आक्रोशित ग्रामीण सभ सड़क पर शव राखि आवागमन बाधित कए देलनि। करीब तीन घंटा धरि मुख्य सड़क जाम रहल, जाहि कारण दुनू दिस वाहनक लंबा कतार लागि गेल। जाम हटेबाक लेल पुलिस, स्थानीय लोक आ जनप्रतिनिधि सभ कें बहुत प्रयास करय पड़ल। थाना अध्यक्ष मौसिम, सीओ अंबपाली यादव, पंचायतक मुखिया प्रेम कुमार सहनी, सरपंच रविंद्र प्रसाद चौधरी, पूर्व जिला पार्षद डॉ. शिव शंकर मंडल आ समाजसेवी उमेश यादवक संयुक्त पहल सं लोक सभ कें बुझाओल गेल, तकर बाद जाम समाप्त भेल। एहि उपरांत पुलिस शव कें पोस्टमार्टम लेल सदर अस्पताल, समस्तीपुर पठा देलक।

**तीन छोट बच्चाक माथ सं उठल मायाक साया :** अंकिताक मृत्यु सं परिवार पर दुखक पहाड़ टूटि पड़ल अछि। मृतकक तीनटा छोट-छोट बच्चा अछि। एहि मे राजा कुमार करीब तीन वर्ष, रोशन कुमारी चारि वर्ष आ राजन कुमार मात्र एक वर्षक अछि। अंकिता आठ मासक गर्भवती छलथि। दुर्घटनाक बाद परिवार आ ग्रामीण सभक बीच सभ सं पैघ चिंता ई अछि जे आब एहि मासूम बच्चा सभक देखभाल के करत। एक वर्षक राजन कें तं आब मायाक गोदक सहारा सेहो नहि भेटत। घटनाक सूचना मृतकक पति रोशन सहनी कें देल गेल अछि। ओ परिवारक भरण-पोषण लेल केरल मे मजदूरी करैत छथि। घटना केर जानकारी भेटलाक बाद हुनका सहित पूरा परिवारक रो-रो कए बुरा हाल अछि। ग्रामीण सभक अनुसार परिवार आर्थिक रूप सं बहुत कमजोर अछि। लोक सभ प्रशासन सं मृतकक परिजन कें सरकारी प्रावधानक अनुसार मुआवजा देबाक तथा दोषी वाहन चालकक विरुद्ध कड़ा कारबाइ करबाक मांग कएलनि।

**तेज रफ्तार वाहन सं ग्रामीण सभ मे आक्रोश :** ग्रामीण सभ कहलनि जे रोसड़ा-हथौड़ी मुख्य पथक दुनू कात आबादी होयबाक बावजूद वाहन चालक तेज गति सं वाहन चलबैत छथि। दिन हो अथवा राति, एहि मार्ग पर वाहनक रफ्तार पर नियंत्रण नहि रहैत अछि। ग्रामीण सभ आशंका व्यक्त कएलनि जे चालक नशा मे होयत अथवा नींदक कारण वाहन अनियंत्रित भेल होयत। हालांकि एकर पुष्टि पुलिसक जांचक बादे भए सकत। स्थानीय लोकक कहब अछि जे यदि वाहन सड़कक किनार स्थित कोनो घर मे घुसि जाइत तं दुर्घटना आरो भयावह भए सकैत छल। ग्रामीण सभ मुख्य पथ पर वाहनक गति नियंत्रित करबाक, नियमित वाहन जांच करबाक आ आबादी बला क्षेत्र मे सुरक्षा व्यवस्थाक पुख्ता इंतजाम करबाक मांग कएलनि। हथौड़ी थाना अध्यक्ष मौसिम कहलनि जे सड़क दुर्घटना मे आठ मासक गर्भवती महिलाक मृत्यु भेल अछि। महिला मॉर्निंग वॉक लेल निकलल छलथि। घटनाक बाद सड़क जाम भेल छल, जे लोक सभ कें बुझा कए समाप्त करा देल गेल। शव पोस्टमार्टम लेल पठा देल गेल अछि। दुर्घटनाग्रस्त टाटा 407 कें जब्त कएल गेल अछि। चालकक संबंध मे जानकारी जुटाओल जा रहल अछि। मामिला मे विधिसम्मत कारबाइ कएल जायत। सीओ अंबपाली यादव कहलनि जे घटना केर सूचना भेटलाक बाद घटनास्थल पर पहुंचि जाम समाप्त कराओल गेल। सरकारक प्रावधानक अनुसार मृतकक परिजन कें भेटयवला मुआवजा दिलेबाक लेल हरसंभव कारबाइ कएल जायत।

# चक्कू घोपि कए हत्याक बाद तीन दिन धरि अंगना मे रहल शव

## परिजन गिरफ्तारीक मांग पर नहि कएलनि आखरी संस्कार, 5 लोक पर एफआईआर

**झंझारपुर, समदिया**

भैरवस्थान थाना क्षेत्रक हैंठीवाली गाम मे बीतल रविदिन राति भेल युवकक चक्कू गोदिकऽ हत्या मामिला मे परिजन तीन दिन धरि शवक आखरी संस्कार नहि कएलनि। आरोपी सभक गिरफ्तारीक मांग कें लए कए शव कें घरक आंगन मे गड्ढा खोदि प्लास्टिक मे राखि बर्फक सिल्लीक सहारा सं सुरक्षित राखल गेल। घटना रविदिन राति करीब 2 बजे भेल। अज्ञात नकाबपोश दू बदमाश घरक बरामदा मे सुतल 30 वर्षीय मोहन झा पर ताबड़तोड़ चक्कू सं छाती पर वार कए निर्मम हत्या कए देलक आ फरार भए गेल। घटनाक सूचना भेटिते झंझारपुर एसडीपीओ सुबोध कुमार सिन्हा, भैरवस्थान थानाध्यक्ष सत्येंद्र तिवारी सहित पुलिस बल घटनास्थल पर पहुंचि जांच शुरू कएलक। पोस्टमार्टमक बाद परिजन शव कें घर अनलनि आ आंगन मे गड्ढा खोदि प्लास्टिक बिछा कए ओकरा मे राखि देलनि। शवक चारूकात बर्फक सिल्लियां राखल गेल। परिजनक आरोप अछि जे पुलिस शव कें शीघ्र सं शीघ्र जरा देबाक प्रयास मे छल। मृतकक माय ममता देवी आ बहिन कहलनि जे पुलिस चाहैत छल जे कोनो तरहें शव कें जरा



देल जाय। शव जलि गेलाक बाद पुलिस किछु नहि करत। एहि कारण सं शव कें आंगन मे राखल गेल। मंगलदिन करीब 12:30 बजे दिन मे मृतकक वृद्ध माय ममता देवीक फर्द बयान पर भैरवस्थान थाना मे एफआईआर दर्ज कएल गेल। पुलिस पांच लोक कें नामजद कएलक अछि। एहि मे भैरवस्थान थाना क्षेत्रक हैठीवाली गामक मृतकक तीन पड़ोसी, नरुआर गामक एक लोक आ झंझारपुर आरएस थाना क्षेत्रक एक व्यक्ति शामिल अछि। ममता देवी अपन बयान मे कहलनि जे भोला झा पहिने सेहो मारपीट केने छल। सभ नामजद आरोपी घटना बाद सं फरार बताओल जा रहल अछि। बुधदिन पुलिस बगल मे रहय वाली एकटा महिला कें पूछताछ लेल थाना अनलक। एकर बाद परिजन आखरी संस्कार लेल राजी भेलाह। बुधदिन मृतकक सगे चचेरा भाइ चंदन झा मुखाग्नि दए मोहन झाक आखरी संस्कार कएलनि। भैरवस्थान थानाध्यक्ष सत्येंद्र तिवारी कहलनि जे बयानक आधार पर प्राथमिकी दर्ज कए मामिलाक जांच जारी अछि। फरार आरोपी सभक गिरफ्तारी लेल छापेमारी कएल जा रहल

# पेयजल संकट बला क्षेत्र मे टैंकर सं जलापूर्ति सुनिश्चित करी : जिलाधिकारी

- **नल-जल योजना कें सक्रिय रखबाक आ खराब चापाकलक शीघ्र मरम्मत करबाक निर्देश**

**दरभंगा, समदिया**




जिलाधिकारी कौशल कुमारक अध्यक्षता मे जिला मे पेयजल आपूर्ति व्यवस्थाक समीक्षा लेल बैसार आयोजित भेल। बैसार मे दरभंगा ग्रामीणक विधायक राजेश कुमार मंडल सेहो उपस्थित छलाह। बैसार मे जिला मे पेयजल आपूर्तिक वर्तमान स्थिति, प्राप्त शिकायत, नल-जल योजना, नव जलापूर्ति योजना, चापाकलक मरम्मत आ नगर निकाय क्षेत्र मे पेयजल उपलब्धताक विस्तार सं समीक्षा कएल गेल। जिलाधिकारी कहलनि जे विभिन्न क्षेत्र सं पेयजल आपूर्ति बाधित होयबाक शिकायत भेटि रहल अछि। ओ संबंधित कार्यपालक अभियंता, कनीय अभियंता आ पदाधिकारी सभ कें निर्देश देलनि जे जाहि क्षेत्र मे पेयजल समस्या अछि, ओतय तत्काल टैंकरक माध्यम सं जलापूर्ति सुनिश्चित कएल जाय। ओ स्पष्ट कहलनि जे पेयजल संकटक कारण आम लोक कें कठिनाइ नहि होयबाक चाही। ओ सभ कनीय अभियंता कें नल-जल आ नव जलापूर्ति योजना कें सक्रिय आ कार्यशील रखबाक निर्देश देलनि। तकनीकी अथवा अन्य कारण सं जलापूर्ति बाधित होय पर तत्काल समस्याक समाधान करबाक कहलनि। नगर निकायक कार्यपालक पदाधिकारी सभ कें सेहो अपन-अपन क्षेत्र मे पेयजल आपूर्तिक नियमित निगरानी करबाक आ आवश्यकता अनुसार वैकल्पिक माध्यम सं जलापूर्ति सुनिश्चित करबाक निर्देश देल गेल। नव जलापूर्ति योजनाक समीक्षा करैत जिलाधिकारी संबंधित संवेदक सभ कें निर्माण कार्य मे तेजी अनबाक तथा आवश्यकता अनुसार कार्यबल आ टीमक संख्या बढ़ेबाक निर्देश देलनि, जाहि सं योजनाक लाभ लोक कें शीघ्र भेटि सकय। दरभंगा ग्रामीणक विधायक राजेश कुमार मंडल नव बोरिंग मे वायरिंगक कार्य शीघ्र पूरा करय पर जोर देलनि। ओ पीएचईडीक अभियंता सभ कें क्षेत्र मे सक्रिय रहि पेयजल सं जुड़ल समस्याक त्वरित समाधान करबाक कहलनि। जिलाधिकारी पीएचईडीक कार्यपालक अभियंता कें चापाकल मरम्मत दल कें पूर्ण रूप सं सक्रिय रखबाक तथा खराब चापाकलक पहचान कए प्राथमिकताक आधार पर मरम्मत करयबाक निर्देश देलनि। बैसार मे नगर आयुक्त राकेश कुमार गुप्ता, जिला जनसंपर्क पदाधिकारी आशीष अमन, कार्यपालक पदाधिकारी, पीएचईडीक अभियंता आ संबंधित संवेदक उपस्थित छलाह।

### खेल संघक आवश्यकता सं जुड़ल मुद्दा पर खेल मंत्री केलनि बैसार

**पटना।** खेल मंत्री श्रेयसी सिंहक अध्यक्षता मे आइ खेल विभाग द्वारा गोल्फ आ फेंसिंग खेल संघक प्रतिनिधि सभक संग बैसार आयोजित कएल गेल। बैसार मे दुनू खेलक विकास, खेलाड़ी सभक प्रशिक्षण, प्रशिक्षक आ तकनीकी कर्मचारीक उपलब्धता तथा आधारभूत सुविधा सं जुड़ल आवश्यकताक संबंध मे विस्तार सं चर्चा भेल। एहि अवसर पर खेल विभागक सचिव दीपक आनंद सहित विभागक अन्य अधिकारी उपस्थित छलाह। बैसार मे गोल्फ संघक दिस सं तकनीकी कर्मचारी आ प्रशिक्षकक आवश्यकताक मुद्दा राखल गेल। खेल मंत्री सुश्री श्रेयसी सिंह कहलनि जे गोल्फ मे प्रतिभाक पहचान (टैलेंट आइडेंटिफिकेशन) विभागक प्राथमिकता अछि। प्रतिभावान खेलाड़ी सभक पहचान कए हुनका नीक प्रशिक्षण आ आवश्यक सुविधा उपलब्ध करएबाक लेल तकनीकी कर्मचारी आ प्रशिक्षकक व्यवस्था कएल जएत। ओ कहलनि जे खेलाड़ी सभ कें प्रशिक्षित करयवला प्रशिक्षक कें सेहो आवश्यक सहयोग आ सुविधा उपलब्ध कराएब विभागक प्राथमिकता अछि। खेल मंत्री कहलनि जे अक्टूबर मे संभावित रूप सं आयोजित होमयवला ह्यमशालह्न कार्यक्रम मे गोल्फ कें सेहो शामिल करबाक विचार कएल जएत, जाहि सं गोल्फ मे रुचि रखनिहार खेलाड़ी सभ कें अपन प्रतिभा देखएबाक अवसर भेटि सकय।

# स्टूडेंट क्रेडिट कार्ड योजना मे पारदर्शिता सुनिश्चित हो : मंत्री

## नवसृजित डिग्री कॉलेज लेल विद्यार्थी सभक सुविधा अनुसार हो भूमि चयन

**पटना, समदिया**

उच्च शिक्षा मंत्री संजय सिंह टाइगर विभागीय अधिकारी सभ कें निर्देश देलनि जे स्टूडेंट क्रेडिट कार्ड योजनाक लाभ मात्र ओहि विद्यार्थी सभ कें भेटय, जे निर्धारित पात्रता आ सभ आवश्यक मापदंड पूरा करैत होथि। ओ गलत आ भ्रामक जानकारी दए एक सं बेसी कॉलेज संचालित करयवला सभ शैक्षणिक संस्थानक जांच करबाक निर्देश देलनि। संजय सिंह टाइगरक अध्यक्षता मे बुधदिन विकास भवन मे विभागीय समीक्षा बैसार आयोजित भेल। एहि दौरान नवसृजित डिग्री कॉलेज लेल भूमि उपलब्धता, स्टूडेंट क्रेडिट कार्ड योजना आ शैक्षणिक संस्थानक मान्यता तथा संचालन सं जुड़ल विभिन्न विषयक समीक्षा कएल गेल। मंत्री कहलनि जे स्टूडेंट क्रेडिट कार्ड योजनाक उद्देश्य विद्यार्थी सभ कें उच्च शिक्षा लेल आर्थिक सहायता उपलब्ध करेनाइ अछि। तें पात्र विद्यार्थी धरि योजनाक लाभ पारदर्शी आ सहज ढंग सं पहुंचेनाइ सुनिश्चित कएल जाय। ओ निर्देश देलनि जे



नवसृजित डिग्री कॉलेज लेल एहन भूमि चुनल जाय, जे प्रखंड मुख्यालयक आसपास हो आ विद्यार्थी सभ लेल सहज तथा नजदीक हो। ओ चयनित शिक्षक सभक प्रमाणपत्रक वैधता जांच निर्धारित समय-सीमा मे पूरा करबाक निर्देश सेहो देलनि। समीक्षा बैठकक दौरान मंत्री वर्तमान मे संचालित आठ शोध संस्थान कें सरल आ सुव्यवस्थित करबाक आवश्यकता पर जोर देलनि। ओ संस्थानक मान्यता, संचालन व्यवस्था, उपलब्ध संसाधन, विद्यार्थी सभ कें देल जा रहल सुविधा आ निर्धारित मापदंडक समुचित सत्यापन करबाक निर्देश देलनि। संजय सिंह टाइगर स्पष्ट कहलनि जे उच्च शिक्षा व्यवस्था मे कोनो स्तर पर लापरवाही अथवा अनियमितता बर्दाश्त नहि कएल जायत। जांचक क्रम मे संबंधित पदाधिकारी अथवा अन्य जिम्मेदार लोकक संलिप्तता सामने अबैत अछि तं हुनका विरुद्ध नियमानुसार कारबाइ कएल जायत। ओ कहलनि जे भविष्य मे एहन घटना पर रोक लगाबय लेल विभागीय स्तर पर लगातार निगरानी, सत्यापन आ जवाबदेहीक व्यवस्था कें आरो मजबूत कएल जाय। उच्च शिक्षा सं जुड़ल योजना आ संस्थानक निगरानी प्रभावी बनाओल जाय, जाहि सं विद्यार्थी सभक हित सं कोनो स्तर पर समझौता नहि हो आ उच्च शिक्षा व्यवस्था मे पारदर्शिता, गुणवत्ता आ जवाबदेही सुनिश्चित रहय।

# किसानक आर्थिक मजबूती लेल कृषि ऋण पर अतिरिक्त 1 प्रतिशत ब्याज अनुदान

**पटना, समदिया**

कृषि मंत्री विजय कुमार सिन्हाक उपस्थिति मे आइ कृषि भवन, मीठापुर, पटना मे वित्तीय वर्ष 2026-27 लेल राज्य सरकार द्वारा संचालित कृषि ऋण पर 1 प्रतिशत अतिरिक्त ब्याज अनुदान योजनाक अंतर्गत कृषि विभाग आ नाबार्डक बीच समझौता ज्ञापन (एमओयू) पर हस्ताक्षर भेल। कृषि विभागक दिस सं कृषि निदेशक मुकेश कुमार लाल आ नाबार्डक दिस सं उप महाप्रबंधक भोला प्रसाद सिंह समझौता ज्ञापन पर हस्ताक्षर कएलनि। मंत्री कहलनि जे भारत सरकार द्वारा कृषि ऋण पर पहिने सं 3 प्रतिशत ब्याज अनुदान देल जा रहल अछि। एकर अतिरिक्त बिहार सरकार अपन राज्य योजनाक मद सं किसान सभ कें 1 प्रतिशत अतिरिक्त ब्याज अनुदान उपलब्ध कराओत। वित्तीय वर्ष 2026-27 लेल एहि योजनाक अंतर्गत राज्य सरकार द्वारा 500 लाख रुपैया (5 करोड़ रुपैया)क राशि उपलब्ध कराओल जा रहल अछि। योजनाक क्रियान्वयन लेल नाबार्ड कें राज्य एजेंसी नामित कएल गेल अछि।

कृषि मंत्री बतौलनि जे योजनाक अंतर्गत वाणिज्यिक बैंक, क्षेत्रीय ग्रामीण बैंक आ सहकारी बैंक सं लेल गेल 3 लाख रुपैया धरि फसल ऋण, किसान क्रेडिट कार्ड (केसीसी) ऋण आ अल्पावधि कृषि उत्पादन ऋण पर 1 प्रतिशतक दर सं ब्याज अनुदान देल जएत। 3 लाख रुपैया सं बेसी ऋण लेल गेलाक स्थिति मे सेहो ब्याज अनुदानक लाभ अधिकतम 3 लाख रुपैयाक ऋण राशि धरि देय होएत। योजनाक लाभ ओहि पात्र किसान कें भेटत, जे निर्धारित अवधिक भीतर अपन ऋणक भुगतान कए देताह। योजनाक उद्देश्य किसान पर कृषि ऋणक ब्याजक बोझ कम करब आ हुनका बेसी सं बेसी संस्थागत कृषि ऋण प्राप्त करबाक लेल प्रोत्साहित करब अछि। ओ कहलनि जे योजनाक दायरा मे लघु, सीमांत आ अन्य सभ श्रेणीक किसान शामिल

# त्रिस्तरीय पंचायती राज संस्थाक निर्वाचित प्रतिनिधिक आश्रित कें अनुग्रह अनुदान मे विलंब बर्दाश्त नहि : मंत्री

**पटना, समदिया**

पंचायती राज मंत्री दीपक प्रकाश विकास भवन स्थित अपन कार्यालय कक्ष मे वित्तीय वर्ष 2026-27 मे त्रिस्तरीय पंचायती राज संस्थाक निर्वाचित प्रतिनिधिक कार्यकालक दौरान मृत्यु भेलाक स्थिति मे हुनकर आश्रित कें देल जाएबला 5 लाख रुपैयाक अनुग्रह अनुदानक स्वीकृतिक प्रगतिक समीक्षा कएलनि। समीक्षा कए दौरान ओ अधिकारी सभ कें स्पष्ट निर्देश देलनि जे पात्र आश्रित परिवार कें अनुग्रह अनुदान उपलब्ध करएबाक प्रक्रिया मे कोनो तरहक अनावश्यक विलंब नहि हो। एहि लेल जिला स्तर पर होमयवला अनावश्यक विलंबक संबंध मे सभ जिलाधिकारी कें मामिलाक त्वरित गति सं एक निश्चित समय-सीमाक भीतर निष्पादन करबाक निर्देश देल गेल।

मंत्री कहलनि जे निर्वाचित



पंचायत प्रतिनिधि ग्रामीण स्तर पर जनसेवा आ स्थानीय विकास मे महत्वपूर्ण भूमिका निभबैत छथि। हुनकर आकस्मिक निधनक स्थिति मे हुनकर परिवार कें समय पर आर्थिक सहायता उपलब्ध कराएब विभागक प्राथमिक जिम्मेदारी अछि। ओ निर्देश देलनि जे अनुग्रह अनुदान सं संबंधित सभ पात्र मामिलाक समयबद्ध आ संवेदनशील ढंग सं निष्पादन सुनिश्चित कएल जाए।

बैसार मे वित्तीय वर्ष 2026-27 मे प्राप्त आवेदन, स्वीकृत मामिला आ लंबित मामिलाक संगहि अनुग्रह अनुदानक स्वीकृतिक विस्तृत समीक्षा कएल गेल। मंत्री लंबित मामिलाक कारणक जानकारी लैत संबंधित अधिकारी सभ कें आवश्यक दस्तावेज आ प्रक्रियागत औपचारिकता शीघ्र पूरा करएबाक निर्देश देलनि। संगहि चेकलिस्ट मे संशोधन कए ओकरा सरल बनएबाक लेल सेहो निर्देश देलनि।

ओ कहलनि जे जं कोनो मामिला मे दस्तावेज अथवा अन्य औपचारिकताक कारणें स्वीकृति लंबित अछि, तं संबंधित प्रखंड पंचायत राज पदाधिकारी, प्रखंड विकास पदाधिकारी, जिला पंचायत राज पदाधिकारी, जिलाधिकारी आ मुख्यालय स्तर सं प्रक्रिया पूरा करबाक लेल अवधि निर्धारित कएल जाए, जाहि सं स्वीकृतिक प्रक्रिया मे तेजी आबि सकय। संगहि संबंधित विभाग सभक संग समन्वय कायम कए मामिलाक निष्पादन करबाक निर्देश देल गेल। संगहि ग्राम कचहरी सचिव/न्याय मित्रक पद पर रहबाक अवधि मे मृत्यु भेलाक बाद हुनकर आश्रित कें 4 लाख रुपैयाक अनुग्रह अनुदान स्वीकृत करबाक व्यवस्था अछि। मंत्री अधिकारी सभ कें निर्देश देलनि जे योजनाक क्रियान्वयनक नियमित समीक्षा कएल जाए आ जिला सभ सं प्राप्त मामिलाक निष्पादनक स्थितिक प्रभावकारी निगरानी सुनिश्चित कएल जाए।

### मुजफ्फरपुर-सीतामढ़ी-सोनबरसा फोरलेन कें मंजूरी, विकास कें भेटत नव गति : संजय सरावगी

**पटना।** बिहार भाजपा अध्यक्ष संजय सरावगी केंद्रीय कैबिनेट द्वारा मुजफ्फरपुर-सीतामढ़ी-सोनबरसा मार्ग कें चारि लेन बनयबाक स्वीकृति देल गेलापर प्रसन्नता व्यक्त कएलनि। ओ एहि महत्वपूर्ण सड़क परियोजना कें बिहारक विकास आ नीक संपर्कक दिस मे एकटा पैघ कदम बतबैत प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदीक प्रति आभार आ अभिनंदन व्यक्त कएलनि। संजय सरावगी कहलनि जे प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदीक नेतृत्व मे बिहार नीक संपर्क सुविधाक संग विकासक बाट पर तेजी सं आगू बढ़ि रहल अछि। केंद्र सरकार द्वारा राज्य मे सड़क, रेल, पुल सहित अन्य आधारभूत संरचनाक विस्तार कें लगातार प्राथमिकता देल जा रहल अछि। एहि क्रम मे मुजफ्फरपुर-सीतामढ़ी-सोनबरसा मार्ग कें चारि लेन बनयबाक स्वीकृति बिहार लेल महत्वपूर्ण उपलब्धि अछि। ओ कहलनि जे केंद्रीय कैबिनेट 3,590.73 करोड़ टाकाक लागत सं 82.578 किलोमीटर लंबा मुजफ्फरपुरझसीतामढ़ीझसोनबरसा मार्ग कें चारि लेन बनयबाक मंजूरी देने अछि। परियोजना पूरा भेलापर एहि क्षेत्र मे आवागमन बेसी सहज आ सुरक्षित होयत तथा लोक कें नीक सड़क सुविधा भेटत। भाजपा प्रदेश अध्यक्ष कहलनि जे ई परियोजना मात्र सड़क निर्माण धरि सीमित नहि अछि, बल्कि एकर दूरगामी आर्थिक आ सामाजिक प्रभाव पड़त। नीक सड़क संपर्क सं व्यापारिक गतिविधि कें गति भेटत, माल ढुलाई सहज होयत तथा स्थानीय स्तर पर रोजगार आ आर्थिक अवसरक विस्तार होयत। सीतामढ़ी आ सोनबरसा जेकां क्षेत्रक संपर्क व्यवस्था मजबूत भेला सं सीमावर्ती इलाका कें सेहो विशेष लाभ भेटत। ओ कहलनि जे बिहार मे आधुनिक सड़क सुविधाक लगातार विस्तार प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदीक विकसित भारतक संकल्प कें मजबूत करैत अछि। केंद्र सरकार दिस सं बिहार कें भेटि रहल विकास परियोजना राज्यक आधारभूत संरचना कें नव मजबूती प्रदान कए रहल अछि।

# हरित ऊर्जा क्लस्टरक स्थापना कें शीघ्र भेटत मंजूरी : डॉ. गोपाल जी ठाकुर

## दरभंगा मे नवीकरणीय ऊर्जा उपकरण निर्माण इकाईक स्थापना लेल पहल तेज

दरभंगा, समदिया

पर्यावरण संरक्षण कें बढ़ावा देबाक उद्देश्य सं दरभंगा मे सौर ऊर्जा परियोजनाक विस्तार लेल केंद्र सरकारक दिस सं पहल शुरू कएल गेल अछि। दरभंगा मे नवीकरणीय ऊर्जा उपकरण निर्माण इकाई तथा हरित ऊर्जा क्लस्टरक स्थापना लेल केंद्रीय नवीकरणीय ऊर्जा मंत्रालय केंद्रीय विद्युत मंत्रालय कें शीघ्र पहल करबाक निर्देश देने अछि। सांसद सह लोकसभा मे भाजपा सचेतक डॉ. गोपाल जी ठाकुर एकरा लेल महत्वपूर्ण उपलब्धि बतौलनि। केंद्र सरकारक दिस सं पठाओल गेल पत्रक आलोक मे जानकारी दैत सांसद डॉ. गोपाल जी ठाकुर कहलनि जे दरभंगा सहित मिथिला क्षेत्र मे सौर ऊर्जापरियोजनाक विस्तार लेल ओ 27 जुलाई 2026 कें नवीन एवं नवीकरणीय ऊर्जा मंत्री प्रह्लाद जोशीक कार्यालय मे भेंट केने छलाह। एहि दौरान दरभंगा मे सौर ऊर्जा परियोजनाक विस्तार आ हरित ऊर्जा सं जुड़ल विभिन्न महत्वपूर्ण विषय पर विस्तार सं चर्चा करैत शीघ्र पहल करबाक आग्रह केने छलाह। एकर सकारात्मक परिणाम आब सामने आयल अछि। सांसद कहलनि जे नवीकरणीय ऊर्जा मंत्रालय पत्रक माध्यम सं सूचित केने अछि जे केंद्रीय विद्युत मंत्रालय कें आवश्यक औपचारिकता शीघ्र पूरा करबाकनिर्देश देल गेल अछि। एहि सं दरभंगा मे नवीकरणीय ऊर्जा उपकरण निर्माण इकाई आ हरित ऊर्जा क्लस्टरक स्थापना लेल बाट प्रशस्त भेल अछि। डॉ. ठाकुर कहलनि जे मानसून सत्रक दौरान केंद्रीय मंत्री प्रह्लाद जोशी सं भेल भेंट मे दरभंगा मे रूफटॉप सौर ऊर्जा परियोजनाक विस्तार, स्वच्छ ऊर्जाक उपयोगआ पर्यावरण संरक्षण सहित अन्य महत्वपूर्ण विषय पर चर्चा केने छलाह। ओ कहलनि जे एहि दिशा मेकएल गेल पहल आब धरातल पर साकार होइत देखाइ पड़ि रहल अछि। सांसद डॉ. गोपाल जी ठाकुर दरभंगा मे पर्यावरण संरक्षणक मुद्दा पर केंद्रीय मंत्री प्रह्लाद जोशी द्वारा कएल गेल पहल लेल हुनका आ केंद्र सरकारक प्रति आभार व्यक्त कएलनि। ओ कहलनि जे दरभंगा मे प्रधानमंत्री सूर्य घर योजना,पीएम-कुसुम योजना, सरकारी भवन पर रूफटॉप सौर ऊर्जा संयंत्र, सार्वजनिक उपक्रम मे हरित ऊर्जा तथा पर्यावरण संरक्षण सं जुड़ल अन्य विभिन्न मुद्दा पर केंद्र सरकार तत्परतापूर्वक पहल कए रहल अछि।दरभंगा मे हरित ऊर्जा क्लस्टर सं भविष्य मे होमए बला लाभ कें रेखांकित करैत सांसद कहलनि जेग्लोबल वार्मिंग सं बचाव लेल केंद्र सरकारक ई पहल दरभंगा सहित संपूर्ण मिथिला क्षेत्रक लेल वरदान साबित भए सकैत अछि।



# जीरामजी योजना पर बिस्फी मे कार्यशाला, मनरेगाक नव प्रावधानक देल गेल जानकारी

बिस्फी, समदिया

टीपीसी भवनक सभागार मे पंचायती राज संस्थाक निर्वाचित प्रतिनिधि आ पदाधिकारी सभक लेल बीबी जी राम जी विकसित भारत गारंटी फॉर योजना एंड आजीविका मिशन ग्रामीण योजना कें लए कए एक दिवसीय उन्मुखीकरण कार्यशालाक आयोजन कएल गेल। कार्यक्रमक शुभारंभ प्रखंड प्रमुख रीता कुमारी, बीडीओ बसंत कुमार सिंह, कार्यक्रम पदाधिकारी मनोरंजन कुमार रंजन, जिला पार्षद सदस्य तजीमुद्दीन आजियाउद्दीन दीप प्रज्वलित कए कएलनि। कार्यशाला मे मनरेगा केर स्थान पर सरकार द्वारा आनल गेल नव योजनाक संबंध मे विस्तार सं जानकारी देल गेल। कार्यक्रम पदाधिकारी मनोरंजन कुमार रंजन योजनाक विभिन्न प्रावधान आ ओकर कार्यान्वयनक संबंध मे जानकारी दैत कहलनि जे 1 जुलाई 2026सं देशभरि मे मनरेगाक नव स्वरूप जी राम जी लागू कएल गेल अछि। नव व्यवस्था अंतर्गत 100 दिनक स्थान पर 125 दिनक रोजगार उपलब्ध करयबाक प्रावधान कएल गेल अछि। इच्छुक मजदूर आवेदन कए सकैत छथि। हुनका सभ कें नजदीकी पंचायत मे काज उपलब्ध कराओल जायत। निर्धारित समय पर रोजगार उपलब्ध नहि कराओल गेल तं नियमानुसार बेरोजगारी भत्ता सेहो देल जायत। योजनाक अंतर्गत मजदूरी दर 255 टाका सं बढ़ा कए 300 टाका कए देल गेल अछि। योजनाक संचालन मे केंद्र आ राज्यसरकारक भागीदारी निर्धारित कएल गेल अछि। कार्यशाला मे जी राम जी अधिनियमक उद्देश्य, मुख्यप्रावधान, जनप्रतिनिधि सभक भूमिका आ जिम्मेवारीक संबंध मे सेहो विस्तार सं जानकारी देल गेल। रोजगार गारंटी कार्ड बनयबाक संगहि योजना तैयार करब, ओकरा पूरा करब, निगरानी करब, रखरखाव करब, काज मे पारदर्शिता बनौने रखब, शिकायतक समाधान करब आ सामाजिक जवाबदेही सुनिश्चित करबाक सहित कतेको बिंदु पर विस्तार सं चर्चा कएल गेल।



# सरकारी प्रतीक्षा समाप्त, जमुथरिक किसान बांस-बल्ला सं बना देलनि चेक डैम

## किसान कहलनि, हम अपन भाग्य स्वयं लिखैत छी, 48 घंटा मे खेत धरि पहुंचत पानि, लहलहायत फसिल

झंझारपुर, समदिया

तस्वीर मे देखाइत ई मजदूर कोनो सरकारी ठेकेदारक नहि, बल्कि झंझारपुर प्रखंडक जमुथरि गामक दर्जनो किसान छथि। बरखों सं सिंचाइक अभाव आ सरकारी उदासीनताक सामना कए रहल ग्रामीण सभ आब अपन बुद्धि, विवेक आ एकजुटताक बल पर अपन तकदीर बदलबाक बीड़ा उठा लेने छथि। ग्रामीण सभ लखनदेई नदी पर बांस आ बल्ला सं अस्थायी चेक डैम तैयार करब शुरू कए देने छथि। पुरान कंक्रीट स्ट्रक्चर पर बांसक मजबूत जाली तैयार कए पानि रोकबाक आ ओकरा खेत दिस मोड़बाक प्रयास कएल जा रहल अछि। एहि जनभागीदारी अभियान मे जमुथरि गामक मलय नाथ मिश्र, जोगिंदर यादव, अरुण कामत, रघुनी राम, नुनु यादव, चलितर राम, रामलखन राम, माधुरी यादव, विजय यादव, जय सियाराम यादव, प्रमोद कामत, कमलेश कामत, रामेश्वर यादव, फेकू यादव सहित दर्जनों किसान दिन-रात अपन लक्ष्यमे जुटल छथि। ग्रामीण सभ कहलनि जे प्रत्येक साल सांसद-विधायक सं गुहार लगबैत-लगबैत थाकि गेलहुं, मुदा कोनो ठोस कदम नहि उठाओल गेल। आखिरकार गाम मे पंचायत कए सभ मिलि कए निर्णय लेलहुं जे आब अपन समस्या केर समाधान खुद करब। हम सभ अपना कें आगू आ बेसी मजबूत ढंग सं तैयार करब। सांसद-विधायकक नाम पर अपन लक्ष्य कें कमजोर नहि होमए देब। हम अपन कहानी खुदलिखब। काज मे लागल किसान सभक दावा अछि जे जं एहि गति सं काज चलैत रहल तं 48 घंटाक भीतर लखनदेई नदीक पानि सुखायल खेत धरि पहुंचि जायत। एहि बाद गामक बंजर जमीन पर फेर सं हरियाली लौटि आयत। कृषि विशेषज्ञ सभ एहि पहल केर सराहना कएलनि। हुनका सभक अनुसार एहि चेक डैम सं मुख्य रूप सं तीनटा बड़ लाभ होयत। सैकड़ो एकड़ जमीन मे सिंचाइ संभव होयत आ फसल सुरक्षित रहत। भूजल स्तर मे सेहो उल्लेखनीय सुधार होयत आ आगांक वर्ष सभ लेल पानिक स्थायी व्यवस्था होयत। ग्रामीण सभक स्पष्ट कहब अछि जे अपन एकजुटता आ सामूहिक प्रयास कोनो सरकारक भरोसा सं बेसी मजबूत होइत अछि। अपन समस्याक समाधान खुद करब सं गामक वास्तविक विकाससंभव अछि। जमुथरि गामक किसान सभ ई साबित कए देने छथि जे सरकारक बाट नहि तकब, बल्कि अपन प्रयास सं बांस-बल्लाक सहायता सं चेक डैम तैयार कए खेत धरि पानि पहुंचायब।



# 48 घंटाक भीतर राष्ट्रीय पांडुलिपि मिशनक टीम शुरू कएलक आकलन काज

## विधायक ईश्वर मंडल कएलनि सांसद संजय झाक ऐतिहासिक आ सफल प्रयासक सराहना

मधुबनी, समदिया

जदयू केर राष्ट्रीय कार्यकारी अध्यक्ष सह राज्यसभा सांसद संजय कुमार झा द्वारा सोमदिन कएल गेल निरीक्षण आ घोषणा केर महज 48 घंटाक भीतर मिथिला संस्कृत स्नातकोत्तर एवं शोध संस्थान मेसंरक्षित प्राचीन आ बहुमूल्य पांडुलिपिक डिजिटलाइजेशन कें लए कए राष्ट्रीय पांडुलिपि मिशन अग्रिमकारबाइ शुरू कए देलक अछि। ई जानकारी दैत दरभंगा ग्रामीण विधायक सह जदयू जिलाध्यक्ष राजेश कुमार उर्फ ईश्वर मंडल कहलनि जे राष्ट्रीय पांडुलिपि मिशनक निदेशक डॉ. अनिर्बान दास द्वारा दरभंगा जिलाधिकारी सं वार्ता भेलाक बाद मिशनक अधिकृत एजेंसी सीबीएसएलक जिला प्रभारी विशाल राज,तकनीकी विशेषज्ञ श्याम कुमार तथा डीपीओ स्थापना अवधेश कुमार संस्थानक दौरा कएलनि। टीम संस्थान मे मौजूद पांडुलिपि सभक भौतिक स्थिति, आकार आ संख्या सहित ओकर संरक्षण लेल आवश्यकतकनीकी उपकरणक संबंध मे विस्तृत आकलन कएलक। पांडुलिपिक वर्तमान स्थिति कें देखैत डिजिटलाइजेशन आ संरक्षणक दिशा मे आवश्यक प्रक्रिया पर सेहो जानकारी लेल गेल। विधायक ईश्वर मंडल राज्यसभा सांसद संजय कुमार झाक एहि ऐतिहासिक प्रयासक सराहना करैतकहलनि जे मिथिलाक ई ज्ञान परंपरा आ अमूल्य धरोहर संपूर्ण राष्ट्रक संपत्ति अछि। ओ आश्वस्त कएलनि जे जिला प्रशासन आ स्थानीय स्तर पर पांडुलिपिक संरक्षण आ डिजिटलाइजेशनक काज मे हरसंभव सहयोग सुनिश्चित कएल जायत। बताबी जे संस्थान मे मुख्य रूप सं मिथिलाक्षर, बांग्ला आ देवनागरी लिपि मे लिखल दुर्लभ पांडुलिपि संरक्षित अछि। एहि पांडुलिपि सभक संरक्षण आ डिजिटलाइजेशन सं मिथिलाक प्राचीन ज्ञान परंपरा कें सुरक्षित रखबाक संगहि आगांक पीढ़ी धरि पहुंचेनाइसंभव होयत। निरीक्षण आ समीक्षाक दौरान शोध संस्थानक पैघ बाबू नैति कामती, अर्जुन मंडल, रविंद्र चौधरी, उज्वल कुमार आ संतोष झा सहित संस्थानक अन्य कर्मी आ गणमान्य लोक उपस्थित छलाह।



# 'राखी के ताग भैया' भेल रिलीज

मधुबनी, समदिया

जानकी फिल्म्स प्रोडक्शनक यूट्यूब चैनल पर आइ राखी गीत रिलीज भेल अछि, जकर बोल अछि 'राखी के ताग भैया, हम्मर छी भाग'। एहि गीत कें साहित्यकार अजित आजाद लिखने छथि, जखनकि एकर स्वर अनुराधा गुप्ता देने छथि। गीतक संगीत आलोक कुमार झा तैयार केने छथि। वरिष्ठ लेखक चंडेश्वर खान चैनलक बटन दबा कए गीत कें जारी केलनि। मैथिली मे राखी गीतक कमी कें देखैत एहि गीत कें जारी कएल गेल अछि। जानकी फिल्म्सक निदेशक सुनील कुमार झा कहलनि जे भाई- बहिनक एहि अनोखा पाबनि कें अपन दिस सं सांगीतिक महत्व देबाक प्रयास कएल गेल अछि। खास कए भाई सं दूर रहय वाली बहिन सभक लेल एहि गीत कें तैयार कएल गेल अछि। गीतकार अजित आजाद कहलनि जे ई गीत बहिन सभ कें बेसी नीक लागतनि, किएक तं एहि मे हुनकर मनक भाव कें पिरोवल गेल अछि। गीतक बोल आ संगीत दुनू एकरा कर्णप्रिय बना रहल अछि।

# बिहार मे अपराध आ अफसरशाही चरम पर : ललन चौधरी

## विधायक कहलनि जे सदन सं सड़क धरि न्याय लेल लड़ैत रहत लाल झंडाक संगठन

मधुबनी, समदिया

भारतक कम्युनिस्ट पार्टी (मार्क्सवादी) मधुबनी-रहिका लोकल कमिटीक दिस सं ककरौल चौक सं प्रतिरोध मार्च निकालल गेल। हाथ मे लाल झंडा लेने कार्यकर्ता सभ जोरदार नारा लगबैत प्रखंड विकास पदाधिकारी सह अंचल अधिकारीक कार्यालय परिसर मे पहुंचलाह, जतय मार्च प्रदर्शन सभा मे परिणत भए गेल।सभाक अध्यक्षता अंचल सचिव सोनधारी यादव कएलनि। सभ कें संबोधित करैत माकपाक बिहार राज्यसचिव ललन चौधरी कहलनि जे बिहार अपराधी आ अफसरशाहीक चंगुल मे फंसल अछि। हुनका आरोप लगौलनि जे वर्तमान सरकारक कार्यकाल मे अपराधी सभ कें संरक्षण भेटि रहल अछि। ओ कहलनि जे माकपाक नेता आ रहिका लोकल कमिटीक सदस्य भागवत यादवक अपराधी सभ हत्या कए देलक। भागवत यादव गरीबक लेल सदिखन संघर्ष करैत छलाह, मुदा आइ हुनकर हत्याक आरोपी सभ खुला घूमि रहल अछि। ओ कहलनि जे बिहारक पुलिस-प्रशासन पूरा तरहे विफल भए गेल अछि। ललन चौधरी आरोप लगौलनि जे पुलिस आ जेल प्रशासनक साजिशक कारण रौशन यादवक मृत्यु भेल अछि आ जिला प्रशासन हाथ पर हाथ धऽ कए बैसल अछि। ओ कहलनि जे बिहार मे बढ़ैत अपराधक विरुद्ध संघर्ष जारी अछि। हुनका शासन-प्रशासन कें चेतावनी दैत मांग कएलनि जे भागवत यादव हत्या कांड आ रौशन यादव मृत्यु कांडक उच्चस्तरीय जांच कराओल जाय तथा रौशन यादवक परिजन कें 50 लाख टाका मुआवजा देबाक घोषणा सरकार अविलंब करय। प्रतिरोध मार्च मे शामिल लोक सभ सं अपील करैत ललन चौधरी कहलनि जे सभ्य समाज मे अपराधक कोनो स्थान नहि अछि। सभ मिलि कए सरकारक संरक्षण मे अपराध करयवाला तत्वक विरुद्ध संघर्ष कें तेज करबाक आवश्यकता अछि। सभ कें संबोधित करैतमाकपाक विधायक अजय कुमार कहलनि जे न्याय लेल सभ लोक कें मिलि कए संघर्ष तेज करबाक चाही। ओ कहलनि जे भागवत यादव आ रौशन यादव हत्याकांडक मामिला विधानसभा मे उठाओलजायत। हुनका जेल अधीक्षक कें तत्काल निलंबित करबाक मांग सेहो कएलनि। विधायक कहलनि जे लाल झंडाक लोक बिहार मे न्याय लेल सदन सं सड़क धरि संघर्ष करैत रहत। ओ जिला प्रशासन कें चेतावनी दैत कहलनि जे लोक कें न्याय देबाक दिशा मे उचित ढंग सं काज करय। ओ कहलनि जे रौशन यादवकमृत्यु लेल जिम्मेदार लोक सभ कें छोड़ल नहि जायत आ एहि मामिला कें मजबूती सं विधानसभा मे उठाओल जायत। ओ कहलनि जे कानूनक अनुसार कोनो कैदीक जेल मे मृत्यु होइत अछि तं एहि मामिला मे सबसं पहिने जिला पदाधिकारी कें जिम्मेदार मानल जाइत अछि। माकपाक जिला सचिव मनोज कुमार यादव कहलनि जे भागवत यादव कपिलेश्वर सं सांझ मे अपन घर लौटि रहल छलाह। रास्ता मे अपराधी सभ चाकू सं गोदिकऽ हुनकर हत्या कए देलक। एहि मामिला मे रहिका थाना कांड संख्या 206/26 दर्ज अछि, मुदा आरोपी सभ खुला घूमि रहल अछि। ओ आरोप लगौलनि जे रहिका थानाध्यक्ष आ अनुसंधानकर्ता अपराधी सभ कें पकड़बाक बदला बचयबाक प्रयास कए रहल छथि। हुनका अनुसंधानकर्ता कें तत्काल हटेबाक मांग करैत भागवत यादवक परिजन कें सुरक्षा उपलब्ध करयबाक लेल जिला प्रशासन सं आग्रह कएलनि। सभाक दौरान रामजी यादव, रामनरेश यादव, दिलीप झा, दरभंगाक नेता रामचंद्र साहु, बाबूलाल महतो, राणा प्रताप सिंह, विजय नाथ मिश्र, पवन भारती, हरिहर झा, अरुण यादव, बद्री पासवान, मो. आवीद, संतोष यादव सहित अन्य नेता सभ अपन विचार रखलनि।



# प्रो. हेतुकर झाक नवम पुण्यतिथि पर श्रद्धांजलि सभा आयोजित



दरभंगा, समदिया

महाराजाधिराज कामेश्वर सिंह कल्याणी फाउंडेशन मे उच्च शिक्षा, शोध आ बौद्धिक जगत मे अपन विशिष्ट योगदान लेल सदैव स्मरण कएल जाएबला प्रख्यात शिक्षाविद् आ विद्वान प्रो. हेतुकर झा केर निधनक नौवम पुण्यतिथि पर भावपूर्ण स्मरण आ श्रद्धांजलि कार्यक्रमक आयोजन कएल गेल। कार्यक्रम मे शिक्षा, साहित्य, इतिहास, संस्कृति आ सामाजिक जीवन सं जुड़ल विद्वान, शिक्षाविद् आ बुद्धिजीवी सभ उपस्थित भए प्रो. झा कें श्रद्धापूर्वक स्मरण कएलनि। कार्यक्रम मे वक्ता सभ कहलनि जे प्रो. हेतुकर झा मात्र शिक्षक अथवा शोधकर्ता नहि छलाह, बल्कि ओ अपन समयक ओहि बौद्धिक परंपराक प्रतिनिधि छलाह, जाहि मे ज्ञान मात्र पुस्तक धरि सीमित नहि रहैत अछि, बल्कि समाज, संस्कृति आ आगांक पीढ़ीक निर्माणक माध्यम बनैत अछि। हुनकर अध्यापन, शोध आ अकादमिक योगदान कें मिथिलाक बौद्धिक विरासतक महत्वपूर्ण हिस्सा बताओल गेल। विश्वविद्यालयक इतिहास विभागक विभागाध्यक्ष डॉ. अनिल चौधरीक अध्यक्षता मे आयोजित कार्यक्रमक मुख्य अतिथि प्रो. विद्या नाथ झा कहलनि जे कोनोविद्वानक निधन हुनकर जीवनक अंत भए सकैत अछि, मुदा हुनकर विचार, शोध आ शिष्यक माध्यम सं हुनकर बौद्धिक यात्रा कहियो समाप्त नहि होइत अछि। एहि अवसर पर डॉ. भक्ति नाथ झा, डॉ. अमिताभ कुमार, डॉ. मंजर सुलैमान आ पर्यावरणविद् नारायणजी चौधरी सहित अन्य विद्वान वक्ता सभ कहलनि जे प्रो. हेतुकर झाक स्मृति आइयो ओहि जीवंत परंपराक रूप मे समाजक बीच उपस्थित अछि। कार्यक्रम मे उदय नाथ झा, मधेपुरा विश्वविद्यालयक सेवानिवृत्त बॉटनी विभागाध्यक्ष अशोक कुमार झा, डॉ. मो. मंजर सुलेमान, डॉ. सुशांत भास्कर, विश्वविद्यालय इतिहास विभागक डॉ. अमिताभ, डॉ. मनीष कुमार, डॉ. ज्योति प्रभा, डॉ. मो. जमील हसन अंसारी, विश्वविद्यालय संस्कृत विभागक डॉ. ममता स्नेही, पर्यावरणविद् नारायणजी चौधरी, आनंद मोहन झा, डॉ. भक्ति नाथ झासहित कतेको गणमान्य लोक उपस्थित भए प्रो. हेतुकर झाक व्यक्तित्व आ कृतित्व कें स्मरण करैतश्रद्धासुमन अर्पित कएलनि। वक्ता सभ अपन संबोधन मे कहलनि जे आइ आवश्यकता मात्र महानविद्वान सभ कें स्मरण करबाक नहि, बल्कि हुनका द्वारा निर्मित ज्ञान, शोध, अध्ययन आ वैचारिक ईमानदारीक परंपरा कें आगू बढ़यबाक अछि। प्रो. झाक स्मृति तखने सार्थक होयत, जखन नव पीढ़ी हुनकर जीवन सं प्रेरणा लए अध्ययन आ शोध कें समाजक बेहतरी सं जोड़त। कार्यक्रमक दौरान प्रो.हेतुकर झाक व्यक्तित्व सं जुड़ल विभिन्न संस्मरण सेहो साझा कएल गेल। उपस्थित लोक सभ कहलनि जे समय बीतैत जाइत अछि, चेहरा स्मृति मे बदलि जाइत अछि, मुदा कोनो सच्चा विद्वानक कलम, विचार आ ज्ञान-साधना आगांक पीढ़ी लेल सदिखन बाट देखबैत रहैत अछि। संस्थाक कार्यपालक पदाधिकारी श्रुतिकर झा सभक प्रति धन्यवाद ज्ञापन कएलनि। ओ प्रो. हेतुकर झा कें श्रद्धांजलि अर्पितकरैत हुनकर स्मृति कें चिरस्थायी बनेबाक संगहि हुनकर शैक्षणिक आ बौद्धिक योगदान कें व्यापक स्तर पर नव पीढ़ी धरि पहुंचेबाक संकल्प व्यक्त कएलनि।

# फार्मर पंजीयनक प्रगति कें लए जिलाधिकारी कएलनि समीक्षा बैसार

## » लंबित फार्मर आईडीक सत्यापन लेल 24 अगस्त धरि विशेष अभियान चलेबाक निर्देश

मधुबनी, समदिया

मुख्य सचिव, बिहार सरकार, पटना द्वारा देल गेल निर्देश केर आलोक मे जिलाधिकारी आनंद शर्माक अध्यक्षता मे जिला मे फार्मर पंजीयनक काजक प्रगति कें लए राजस्व आ कृषि विभागक पदाधिकारी सभक संग वीडियो कॉन्फ्रेंसिंगक माध्यम सं समीक्षा बैसार आयोजित कएल गेल। बैसार मे फार्मर पंजीयनक वर्तमान स्थितिक समीक्षा करैत बताओल गेल जे मधुबनी जिला मे प्रधानमंत्री किसान सम्मान निधि योजनाक अंतर्गत कुल 3,21,514 लाभुक किसान छथि। एहि मे एखन धरि 1,89,781 किसानक फार्मर आईडी तैयार कएल जा चुकल अछि। शेष किसान सभक फार्मर आईडी युद्धस्तर पर तैयार करबाक निर्देश देल गेल। समीक्षाक दौरान बताओल गेल जे करीब 33 हजार फार्मर आईडी विभिन्न स्तर, जाहि मे अंचल आ राजस्व स्तर शामिल अछि, सत्यापन लेल लंबित अछि। जिलाधिकारी सभ लंबित फार्मर आईडीक सत्यापन लेल सभ स्तर पर विशेष अभियान चला कए 24 अगस्त 2026 धरि काज पूराकरबाक निर्देश देलनि। जिलाधिकारी सभ अनुमंडल पदाधिकारी आ भूमि सुधार उप समाहर्ता सभ कें अपन-अपन क्षेत्र मे फार्मर पंजीयनक काजक प्रभावी अनुश्रवण आ नियमित समीक्षा करबाक निर्देश देलनि। हुनका संबंधित अंचल आ प्रखंड स्तरीय पदाधिकारी सभक संग समन्वय स्थापित कए लंबित मामिला सभक शीघ्र निष्पादन सुनिश्चित करबाक लेल कहलनि। एकरा संगहि लंबित फार्मर आईडीक सत्यापनक अतिरिक्त अंचलाधिकारी, राजस्व अधिकारी आ हल्का कर्मचारी सं संबंधित आईडीक समस्या सभक यथाशीघ्र समाधान करैत नव किसान सभक फार्मर पंजीयनक काज सेहो समानांतर रूप सं तेज गति मे करबाक निर्देश देल गेल। जाहि सं बेसी सं बेसी किसानक फार्मर आईडी समय पर तैयार कएल जा सकय। जिलाधिकारी आनंद शर्मा कहलनि जे फार्मर पंजीयन सरकारक महत्वपूर्ण पहल अछि, जाहि माध्यम सं किसान सभक डिजिटल डेटाबेस तैयार कएल जा रहल अछि। ओ जिला मे फार्मर पंजीयनक काज मे बेसी तेजी अनैत मधुबनी कें नीक प्रदर्शन करयवाला जिला सभ मे शामिल करबाक उद्देश्य सं मिशन मोड मे काज करबाक निर्देश देलनि। बैसार मे अपर समाहर्ता (राजस्व), जिला कृषि पदाधिकारी, सहायक निदेशक (शष्य) सह बीज उत्पादन-सह-विपणन पदाधिकारी, सभ अनुमंडल पदाधिकारी, सभ भूमि सुधार उप समाहर्ता, सभ अनुमंडल कृषि पदाधिकारी, सभ अंचलाधिकारी/ राजस्व पदाधिकारी आ सभ प्रखंड कृषि पदाधिकारी वर्चुअल माध्यम सं जुड़ि कए उपस्थित छलाह।



# नेपालक बाटे जबरदस्ती भारत मे प्रवेशक प्रयास मे विदेशी महिला सहित चारि आरोपी कें तीन वर्षक सजा

झंझारपुर, समदिया

नेपालक बाटे भारत मे अपन तीन पुरुष साथी संग जबरन प्रवेश करबाक प्रयास करयवाली म्यांमारक बेगम ताहिरा कें महंगा पड़ल। एहि मामिला मे लौकहा थाना क्षेत्रक नेपाल-भारत सीमा स्थित पिलर संख्या 246 पर तैनात सहायक उपनिरीक्षक करुणा दासक आवेदन पर लौकहा थाना मे 7 अक्टूबर 2023 विदेशी अधिनियम, 1946 केर धारा 14 आ 14सी अंतर्गत मामिला दर्ज कएल गेल छल। मामिला दर्ज भेलाक बाद म्यांमार देशक बोतीदांग प्रदेशक आईकर्प जिलाक निवासी जेबुलक पत्नी बेगम ताहिरा सहित सिमरी, घनश्यामपुर निवासी मो. कादिर, बसौली, घनश्यामपुर निवासी मो. फरमूद आ मो. नियामत कें गिरफ्तार कए न्यायिक हिरासत मे पठाओल गेल छल। एहि मामिला मे एसडीजेएम आनंद राजक अदालत चारू अभियुक्त कें तीन-तीन वर्षक साधारण कारावासक सजा सुनौलनि। एकर संगहि सभ पर 2-2 हजार टाकाक अर्थदंड सेहो लगाओल गेल अछि। अर्थदंडक राशि जमा नहि करबाक स्थिति मे छह मासकअतिरिक्त कारावासक सजा काटय पड़त। बताबी जे एहि मामिला मे विदेशी महिला बेगम ताहिरा 7 अक्टूबर 2023 सं लगातार न्यायिक हिरासत मे छथि। ओतहि अन्य तीन अभियुक्त औपबंधिक जमानत पर छथि। मामिला मे बेगम ताहिराक दिस सं अधिवक्ता सुभा कुमारी पैरवी कएलनि, जखन कि अन्यअभियुक्त सभक दिस सं अधिवक्ता सूरज प्रसाद यादव अदालत मे पैरवी कएलनि।

# शहरक सौंदर्यीकरणक तैयारी प्रारंभ, कॉलेज आ स्कूलक आसपास गंदगी रहब उचित नहि : नगर आयुक्त

## रमेश झा महिला कॉलेजक सामने बदलत शहरक सूरत, सौंदर्यीकरणक तैयारी तेज

सहरसा, समदिया



नगर निगमक सीरत आ सूरत बदलि एकरा स्वच्छ आ सुंदर बनेबाक कवायद महापौर बैन प्रिया केर नेतृत्व मे तेज कए देल गेल अछि। नगर निगम क्षेत्र मे पार्क, वेंडिंग जोन आ महात्मा गांधी पथ विकसितकरबाक संगहि विभिन्न स्थानक सौंदर्यीकरणक योजनापर काज कएल जा रहल अछि। एहि क्रम मे रमेश झा महिला कॉलेजक सामने दीर्घ समय सं गंदगी सं भरल जमीनक तस्वीर आब बदलय लागल अछि।बुधदिन नगर निगमक दिस सं उक्त स्थल पर माटि भरबाक काज कराओल गेल। माटि भराइक बादएतय विभिन्न विकास आ सौंदर्यीकरण परियोजना कें धरातल पर उतारबाक रणनीति तैयार कएल जा रहल अछि। नगर आयुक्त प्रभात कुमार झा कहलनि जे नगर निगम प्रशासनक लगातार प्रयास अछि जे सहरसा शहर कें स्वच्छ, सुंदर आ नीक बनाओल जाय। शहरक अलग-अलग क्षेत्र मे साफ-सफाई आ सौंदर्यीकरण कें लए कए लगातार काज कएल जा रहल अछि। ओ कहलनि जे शहरक प्रतिष्ठित रमेश झामहिला कॉलेज आ गर्ल्स स्कूलक आसपास गंदगी रहब उचित नहि अछि। एहि स्थल कें स्वच्छ आव्यवस्थित बनायब नगर निगमक नैतिक जिम्मेदारी अछि। नगर आयुक्त बतौलनि जे स्थल कें नीक बनेबाक उद्देश्य सं पछिला एक सप्ताह सं लगातार निरीक्षण कएल जा रहल अछि आ एहि क्रम मे माटि भराइक काज कराओल गेल अछि। आगांक दिन मे एहि स्थल पर प्रस्तावित योजनाक संबंध मेकार्ययोजना कें आखरी रूप देल जायत। स्थल निरीक्षणक दौरान निगम पार्षद राजेश कुमार सिंह, आशीषरंजन, राजा मिश्रा, पार्षद प्रतिनिधि शिंकु सिन्हा, रोहित झा सहित नगर निगमक कार्यालयकर्मी उपस्थित छलाह। आब लोकक नजरि एहि बात पर अछि जे रमेश झा महिला कॉलेजक सामने माटि भराइला बाद नगर निगमक प्रस्तावित योजना सभ कखन धरि धरातल पर उतरैत अछि आ ओकरा पूरा भेलाक बाद शहरक सौंदर्य मे कतेक बदलाव अबैत अछि।

# मीटरिंग यूनिट बदलबाक कारण टाउन-1 फीडरक बिजली आइ दू घंटा रहत बाधित



सहरसा, समदिया

विद्युत आपूर्ति प्रमंडल, सहरसाक अंतर्गत ओल्ड पीएसएस मे खराब 11 केवी मीटरिंग यूनिट बदलबाक काज आइ सं कएल जायत। एहि काजक कारण टाउन-1 फीडरक विद्युत आपूर्ति भोर 7 बजे सं 9 बजे धरि बाधित रहत। विद्युत विभागक अनुसार, उक्त अवधि मे टाउन-1 फीडर सं जुड़ल शंकर चौक, दहलानचौक, महावीर चौक, कपड़ा पट्टी आ डीबी रोड सहित आसपासक क्षेत्र मे बिजली आपूर्ति प्रभावित रहत।विभाग संबंधित उपभोक्ता सभ सं निर्धारित समय कें ध्यान मे रखैत आवश्यक विद्युत संबंधी काज पहिने सं पूरा कए लेबाक अपील कएलक अछि। विद्युत कार्यपालक अभियंता, सहरसा अमित कुमार उपभोक्ता सभ सं अपील करैत कहलनि जे निर्धारित समय मे बिजली आपूर्ति बाधित रहबाक कारण आवश्यक तैयारी पहिने सं कए ली आ विभागीय काज मे सहयोग प्रदान करी। ओ कहलनि जे मीटरिंगयूनिट बदलबाक काज विद्युत आपूर्ति व्यवस्था कें सुचारु बनौने रखबाक उद्देश्य सं कएल जा रहलअछि। विभाग विद्युत आपूर्ति बाधित रहला सं उपभोक्ता सभ कें होमऽवला असुविधाक लेल खेद व्यक्तकरैत निर्धारित समय मे सहयोगक अपेक्षा कएलक अछि।

# आरएमएम विधि महाविद्यालय कें चालू करबाक मांग

## केंद्रीय मंत्री चिराग पासवान सं भेंट कएलनि लोजपा जिलाध्यक्ष

सहरसा, समदिया



जिलाक एकमात्र बंद पड़ल आरएमएम विधि महाविद्यालय कें पुनः चालू करय सहित विभिन्न जनसमस्याक समाधानक मांग कें लए कए लोक जनशक्ति पार्टी (रामविलास)क जिलाध्यक्ष महेंद्र कुमार शर्मा केंद्रीय मंत्री सह पार्टीक राष्ट्रीय अध्यक्ष चिराग पासवान सं भेंट कएलनि। नई दिल्ली स्थित पंचशील मे भेल एहि शिष्टाचार भेंटक दौरान जिलाध्यक्ष जिलाक विभिन्न समस्या आ विकास सं जुड़ल मुद्दा केंद्रीय मंत्रीक समक्ष रखलनि। हुनका जिलाक एकमात्र आरएमएम विधि महाविद्यालयक दीर्घ समय सं बंद रहबाक समस्या सं अवगत करबैत एकरा शीघ्र चालू करयबाक मांग कएलनि। एकर अतिरिक्त सहरसा मे रोजगारक अवसर बढ़यबाक लेल उद्योगक स्थापना, स्थानीय स्तर पर युवाक लेल रोजगार उपलब्ध करय आ रोजगारक अभाव मे जिला सं भए रहल पलायनक समस्या पर सेहो विस्तार सं चर्चा कएल गेल। जिलाध्यक्ष संगठनात्मक विषयक संगहि क्षेत्रक अन्य जनसमस्या दिस सेहो केंद्रीय मंत्रीक ध्यान आकृष्ट करौलनि। केंद्रीय मंत्री चिराग पासवान सभ विषय कें गंभीरतापूर्वक सुनैत समस्याक समाधान लेल शीघ्र उचित पहल करबाक आश्वासन देलनि। केंद्रीय मंत्रीक सकारात्मक आश्वासन पर जिलाध्यक्ष महेंद्र कुमार शर्मा आभार व्यक्त कएलनि। ओ कहलनि जे जिला मे शिक्षा, रोजगार आ उद्योगक क्षेत्र मे विकास होयत तं युवाक पलायन पर रोक लगत आ सहरसाक विकास कें नव गति भेटत। हुनका आशा व्यक्त कएलनि जे केंद्रीय मंत्रीक पहल सं जिलाक लंबित समस्याक समाधानक बाट प्रशस्त होयत आ बिहार फर्स्ट, बिहारी फर्स्टक संकल्प कें मजबूती भेटत।

# भरगामा डिग्री कॉलेज मे बढ़ल शिक्षकक संख्या, सात शिक्षक देलनि योगदान

## 22 अगस्त धरि योगदानक तिथि, प्राचार्य नियमित कक्षाक संचालन पर देलनि जोर

भरगामा, समदिया




राजकीय डिग्री महाविद्यालय भरगामा मे शिक्षक सभक योगदानक सिलसिला जारी अछि। बिहार राज्य विश्वविद्यालय सेवा आयोग सं चयनित संविदा आधारित सहायक प्राध्यापक सभक कॉलेज आवंटनक बाद एखन धरि सात शिक्षक योगदान दए चुकल छथि। समाजशास्त्र विभाग मे डॉ. तृप्ति कुमारी आ इतिहास विभाग मे डॉ. आलोक कुमारक योगदानक बाद कॉलेज मे शिक्षकक संख्या सात भए गेल अछि। प्रधानाचार्य प्रो. एसएल वर्मा कहलनि जे शिक्षक सभक योगदानक आखरी तिथि बढ़ा कए 22 अगस्त कए देल गेल अछि। दस्तावेजक सत्यापनक बाद सही पाओल गेलापर योगदान स्वीकृत कएल जा रहल अछि। एखन दू शिक्षकक योगदान बाकी अछि, जे शीघ्र पूरा होयबाक उम्मीद अछि। प्रधानाचार्य प्रो. वर्मा आ बर्सर डॉ. मेराज आलम नव नियुक्त शिक्षक सभक स्वागत करैत नियमित रूप सं कॉलेज आबि कक्षा संचालनकरबाक लेल प्रेरित कएलनि। हुनका सभ कहलनि जे शिक्षक सभक सक्रियता सं कॉलेज मे नीक शैक्षणिकवातावरण बनत। नव नियुक्त शिक्षक सभ सेहो विद्यार्थी सभ कें नीक शिक्षा देबाक लेल हरसंभव प्रयासकरबाक बात कहलनि। एहि अवसर पर डॉ. पूजा गुप्ता, डॉ. राकेश कुमार शर्मा, डॉ. दीपेश कुमार, डॉ. संतोष कुमार आ डॉ. करण कुमार सहित अन्य शिक्षक उपस्थित छलाह।

# पटना मे राजदक राजभवन मार्च मे शामिल भेलीह इंद्राणी राय

सीतामढ़ी, समदिया



बिहारक राजधानी पटना मे बुधदिन राष्ट्रीय जनता दल (राजद) क दिस सं राजभवन मार्च निकालल गेल। मार्च मे राजदक नेता, कार्यकर्ता आ बड़ संख्या मे समर्थक शामिल भेलाह। एहि क्रम मे राजद नेत्री इंद्राणी राय सेहो अपन समर्थक सभक संग मार्च मे शामिल भेलनि। राजदक ई प्रदर्शन सरकारक विरुद्ध विभिन्न मुद्दा कें लए कए आयोजित कएल गेल छल। पार्टी छात्रआ युवा सं जुड़ल मुद्दा, परीक्षा मे कथित पेपर लीक, बेरोजगारी तथा कानून-व्यवस्थाक मुद्दा पर सरकार पर निशाना साधलक। इंद्राणी राय संग पहुंचल समर्थक सभ सेहो मार्च मे हिस्सा लेलनि आ सरकारक विरुद्ध नारा लगौलनि। मार्चक दौरान बड़ संख्या मे राजद कार्यकर्ता सड़क पर देखाइ देलाह। राजद नेता आ कार्यकर्ता सभ राजभवन दिस बढ़ि रहल छलाह, तखन पुलिस प्रदर्शनकारी सभ कें रोकबाक प्रयास कएलक। एहि दौरान नेता प्रतिपक्ष तेजस्वी यादव आ सांसद मीसा भारती सहित कतेको नेता कें हिरासत मे लेल गेलाक खबर अछि। राजद मार्चक माध्यम सं सरकार पर युवा आ छात्र सं जुड़ल गंभीर मुद्दा परजवाबदेही सुनिश्चित करबाक दबाव बनेबाक प्रयास कएलक।

# चोरीक तीन मोटरसाइकिल बरामद, तीन चोर गिरफ्तार

सहरसा, समदिया



सदर थाना पुलिस चोरीक मोटरसाइकिलक खरीद-बिक्रीक मामिला मे कारबाइ करैत तीन आरोपी कें गिरफ्तार कएलक अछि। पुलिस आरोपी सभक निशानदेही पर चोरीक तीनटा मोटरसाइकिल बरामद कएलक अछि। पुलिसक अनुसार, 18 अगस्त कें गुप्त सूचना भेटल छल जे भर्राही निवासी निखिल आनंद उर्फ चनकी चोरीक मोटरसाइकिलक खरीद-बिक्री करैत अछि। सूचना सत्यापनक बाद पुलिस टीम हुनकरघर पर छापेमारी कए बिना नंबरक एकटा मोटरसाइकिल बरामद कएलक। पूछताछक दौरान भेटल जानकारीक आधार पर अविनाश कुमार आ नितीश कुमार उर्फ साका यादव कें हिरासत मे लेल गेल। हुनका सभक निशानदेही पर सोनवर्षा कचहरी थाना क्षेत्रक दिवारी स्थान स्थित मो. जुनैदक गैराजक तलाशी लेल गेल, जतऽ सं दूटा अन्य मोटरसाइकिल बरामद भेल। गिरफ्तार आरोपी सभ मे निखिल आनंद उर्फ चनकी, अविनाश कुमार आ नितीश कुमार उर्फ साका यादव शामिल छथि। पुलिस बतौलनि जेअविनाशक विरुद्ध पहिने सं आर्म्स एक्ट सहित एकटा मामिला दर्ज अछि। ओतहि अविनाश आ नितीशकविरुद्ध एकटा अन्य आपराधिक मामिला सेहो दर्ज अछि।

# 12 पुलिस रेंज मे खुलत इओयुक इकाई, कोसी रेंज मे सहरसा कें भेटत केंद्र

## आय सं बेसी संपत्ति, वित्तीय अनियमितता, परीक्षा माफिया सहित आर्थिक अपराध पर नकेल

सहरसा, समदिया



आर्थिक अपराध पर प्रभावी अंकुश लगय आ जांचक प्रक्रिया कें तेज करबाक लेल बिहार पुलिसक आर्थिक अपराध इकाई केर विस्तार आब राज्यक सभ 12 पुलिस रेंज धरि कएल जायत। एहि मे कोसी रेंजकमुख्यालय सहरसा सेहो शामिल अछि। पुलिस मुख्यालयक दिस सं एहि संबंध मे राज्य सरकार कें प्रस्ताव पठाओल गेल अछि। इओयु केर एहि विस्तार सं आर्थिक अपराध सं जुड़ल मामिला सभक निगरानी आअनुसंधान लेल पटना मुख्यालय पर निर्भरता कम होयत। रेंज स्तर पर इओयु केर इकाई उपलब्ध रहलासं भ्रष्टाचार, आय सं बेसी संपत्ति, वित्तीय अनियमितता, जमीन सं जुड़ल आर्थिक अपराध, परीक्षा माफिया,बालू आ शराब सं जुड़ल संगठित आर्थिक अपराध सहित अन्य मामिला मे कारबाइ आ जांच मे तेजीअयबाक उम्मीद अछि।कोसीक तीन जिला कें भेटत लाभ सहरसा मे इओयु केर रेंज स्तरीय इकाई स्थापित भेला सं कोसी क्षेत्रक सहरसा, सुपौल आ मधेपुरा जिला कें एकर सीधा लाभ भेटबाक संभावना अछि। स्थानीय स्तर पर आर्थिक अपराध सं संबंधित शिकायत आ मामिला सभक निगरानी आसान होयत। पछिला किछु वर्ष मे सहरसा मे सेहो इओयु केर कारबाइ सामने अबैत रहल अछि। एहि वर्ष आय सं बेसी संपत्तिक मामिला मे सहरसाक डीआरडीए निदेशक वैभव कुमारक आवास पर इओयु द्वारा छापेमारी कएलगेल छल। एकर अतिरिक्त प्रत्येक जिला सं इंस्पेक्टर स्तरक एकटा पदाधिकारी कें इओयु सं संबंधितमामिला लेल नोडल पदाधिकारीक रूप मे नामित करबाक प्रक्रिया सेहो शुरू कएल जा रहल अछि। एहि संजिलास्तर पर मामिला सभक निगरानी आ समन्वय बेसी नीक होयत। इओयु मे अपराधक बदलैत स्वरूपकें ध्यान मे रखैत बौद्धिक संपदा अपराध शाखा तथा संपत्ति समपहर्ण एवं राजसात शाखाक सेहो गठनकएल गेल अछि। ओतहि नेपाल सीमा सं जुड़ल जिला सभ मे आर्थिक अपराधक निगरानी लेल अलगबॉर्डर रीजनल इकोनॉमिक इंटेलिजेंस यूनिट गठित करबाक प्रस्ताव अछि।

# संत शिरोमणि रविदास जी महाराजक 650म जयंती पर निकलल कलश यात्रा

## सामाजिक समरसताक संदेश जन-जन धरि पहुंचेबाक लेल गेल संकल्प

समस्तीपुर, समदिया



संत शिरोमणि श्री रविदास जी महाराजक 650म जयंतीक अवसर पर आइ समाहरणालय परिसर, समस्तीपुर सं कलश यात्राक शुभारंभ कएल गेल। समस्तीपुरक सांसद शांभवी चौधरी हरी झंडी देखा कए दूटा वाहन कें रवाना कएलनि। कलश यात्रा समाहरणालय परिसर सं रवाना भए मोहनपुर रोड स्थित नक्कू स्थान पहुंचल, जतय मोहनपुर चौक स्थित महादेव मंदिर मे कलश स्थापित कएल गेल। एहि अवसर पर संत शिरोमणि श्री रविदास जी महाराजक जयघोष करैत हुनका द्वारा देल गेल सामाजिक समरसता आ समानताक संदेश जन-जन धरि पहुंचयबाक संकल्प लेल गेल। कार्यक्रम मे समस्तीपुरक विधायक अश्वमेघ देवी, विधान परिषद सदस्य तरुण कुमार सहित जिला प्रशासनक दिस सं अपर समाहर्ता ब्रजेश कुमार, जिला कल्याण पदाधिकारी अनिल कुमार सिन्हा, सदर अनुमंडल पदाधिकारी राकेश कुमार, अनुमंडलकल्याण पदाधिकारी मणिभूषण ठाकुर सहित अन्य पदाधिकारी उपस्थित छलाह। कलश यात्रा मे जिलाक सभ प्रखंडक कल्याण पदाधिकारी, विकास मित्र, जीविका दीदी, आंगनवाड़ी सेविका आ सहायिका सहित बड़ मे संबंधित कर्मी आ जनप्रतिनिधि सभ सहभागिता कएलनि। कलश यात्राक माध्यम सं संत शिरोमणि श्री रविदास जी महाराजक विचार आ सामाजिक समरसताक संदेश समाजक प्रत्येक वर्ग धरि पहुंचयबाक प्रयास कएल जा रहल अछि। कलश यात्रा 19 आ 20 अगस्त 2026 कें समस्तीपुर जिलाक सभ प्रखंडक अनुसूचित जाति टोला मे भ्रमण करत।

## श्रम संसाधन एवं प्रवासी श्रमिक कल्याण विभागक नीक पहल

# कमरौली बनत जिलाक पहिल बाल श्रम मुक्त पंचायत

शिवहर, समदिया



श्रम संसाधन एवं प्रवासी श्रमिक कल्याण विभाग, बिहारक निर्देश केर अनुपालन मे पिपराही प्रखंड अंतर्गत कमरौली पंचायत कें बाल श्रम मुक्त पंचायत बनेबाक दिशा मे व्यापक आ निरंतर अभियानचलाओल जा रहल अछि। श्रम प्रवर्तन पदाधिकारी सुरेश कुमारक नेतृत्व मे चलि रहल एहि अनूठ पहल मे अदिथी कवच परियोजना, पंचायत स्तरीय बाल कल्याण एवं संरक्षण समिति, पंचायत प्रतिनिधि आविद्यालय सक्रिय सहभागिता सुनिश्चित कएल जा रहल अछि। लगभग 10 हजार सं बेसी जनसंख्या बला कमरौली पंचायत कें 22 अगस्त 2026 कें औपचारिक रूप सं बाल श्रम मुक्त पंचायत घोषित करबाक तैयारी चलि रहल अछि। एहि लेल विशेष कार्यक्रमक आयोजनक तैयारी सेहो कएल जा रहल अछि। ई उपलब्धि हासिल भेलाक बाद कमरौली कें शिवहर जिलाक पहिल बाल श्रम मुक्त पंचायत बनेबाक गौरव भेटत। अभियानक अंतर्गत पंचायत क्षेत्रक प्रतिष्ठान सभक सत्यापन, बाल श्रमक विरुद्ध जागरूकता, बच्चा सभ कें शिक्षा सं जोड़बाक आ आवश्यकता अनुसार पुनर्वासक दिशा मे कारबाइ कएल जा रहल अछि। एहि सं पहिने अभियानक दौरान कमरौली बाजार स्थित एकटा प्रतिष्ठान सं बाल श्रम मे नियोजित बच्चा कें मुक्त करा कए ओकर पुनर्वासक प्रक्रिया सेहो सुनिश्चित कएल गेल अछि।पंचायत मे बाल श्रमक रोकथाम आ बच्चा सभक अधिकारक सुरक्षा कें लए कए समुदाय बीच लगातार जागरूकता अभियान चलाओल जा रहल अछि। एहि संदर्भ मे श्रम प्रवर्तन पदाधिकारी सुरेश कुमार कहलनि जे बाल श्रमक उन्मूलन मात्र कारबाइ धरि सीमित नहि अछि, बल्कि एकरा लेल निरंतर निगरानी, जनजागरूकता आ सामुदायिक सहभागिता आवश्यक अछि। कमरौली कें बाल श्रम मुक्त पंचायत बनेबाक लेल विभागीय स्तर पर लगातार प्रयास कएल जा रहल अछि। पंचायतक मुखिया सह अध्यक्ष, पंचायतस्तरीय बाल कल्याण एवं संरक्षण समिति आलोक कुमार कहलनि जे बच्चा सभ कें श्रम सं मुक्त कराशिक्षा आ सुरक्षित बचपन उपलब्ध करेनाइ पंचायतक सामूहिक जिम्मेदारी अछि। कमरौली कें बाल श्रम मुक्त पंचायत बनायब संपूर्ण पंचायत लेल गौरवक उपलब्धि होयत। अदिथी कवच परियोजनाक कन्वर्जेंस विशेषज्ञ मुकुंद कुमार चौधरी कहलनि जे कमरौलीक ई सामूहिक पहल बाल संरक्षणक क्षेत्र मे एकटा अनुकरणीय मॉडल बनि सकैत अछि। उच्च माध्यमिक विद्यालय कमरौलीक प्रधानाध्यापिका नुशरत जहां कहलनि जे बाल श्रमक रोकथाम आ प्रत्येक बच्चा कें शिक्षा सं जोड़नाइ विद्यालयक प्राथमिक जिम्मेवारी मे शामिल अछि। बच्चा सभक सुरक्षित आ उज्ज्वल भविष्य लेल विद्यालय सभ स्तर पर सहयोग करैत रहत। एहि अवसर पर अदिथी कवच परियोजनाक प्रतिनिधि कोमल कुमारी आ शिवम कुमार सहित शिक्षक-शिक्षिका तथा छात्र-छात्रा सभ सहभागिता करैत बाल श्रम मुक्त पंचायतक निर्माण आ ओकर निरंतर संरक्षणक सामूहिक संकल्प लेलनि। उल्लेखनीय अछि जे कमरौली पंचायत मे चलि रहल ई पहलबाल श्रम उन्मूलन, बच्चा सभक शिक्षा अधिकार सुनिश्चित करबाक आ सुरक्षित बचपनक संरक्षणक दिशा मे शिवहर जिलाक लेल महत्वपूर्ण आ अनुकरणीय प्रयास अछि।

# साहित्य संगमक वार्षिकोत्सव मे स्मरण कएल गेलाह महाकवि आरसी प्रसाद सिंह

## जयंती पर पुस्तक मेला आ महाकवि सम्मेलनक आयोजन

रोसड़ा, समदिया



रोसड़ा प्रखंड अंतर्गत एरौत गाम निवासी महाकवि आरसी प्रसाद सिंहक जयंती बुधदिन धूमधाम सं मनाओल गेल। साहित्य संगमक वार्षिकोत्सव सह महाकवि आरसी प्रसाद सिंह जयंती समारोह मे अतिथि सभक मिथिला परंपरा अनुसार स्वागत कएल गेल। हिंदी आ मैथिली साहित्यक महाकवि आरसी प्रसादसिंहक रचना आइयो साहित्य प्रेमी सभक मानस पटल पर अमिट छाप छोड़ि रहल अछि। रोसड़ा प्रखंडक एरौत गामक माटि मे जन्म लेल महाकवि आरसी प्रसाद सिंहक जन्म 19 अगस्त 1911 कें भेल छल। हुनकर जयंतीक अवसर पर बुधदिन रोसड़ा मे साहित्य संगमक आयोजनक धूम रहल। साहित्य संगम रोसड़ाक दिस सं मारवाड़ी विवाह भवन मे वार्षिकोत्सव सह महाकवि आरसी प्रसाद सिंह जयंती समारोहक आयोजन कएल गेल। समारोहक अवसर पर पुस्तक मेलाक सेहो आयोजन भेल, जतयसाहित्य प्रेमी सभ विभिन्न पुस्तकक अवलोकन कएलनि आ साहित्य सं जुड़ल रचना सभक प्रति अपनरुचि देखौलनि। ओतहि शहरक एकटा निजी रिसॉर्ट मे महाकवि आरसी प्रसाद सिंहक जयंतीक अवसर पर महाकवि सम्मेलनक आयोजन कएल गेल। एहि मे साहित्यकार आ कवि सभ अपन रचनाक माध्यम संमहाकवि आरसी प्रसाद सिंहक साहित्यिक योगदान कें स्मरण कएलनि। वक्ता सभ कहलनि जे आरसी प्रसाद सिंह हिंदी आ मैथिली साहित्य कें समृद्ध करय मे महत्वपूर्ण भूमिका निभौने छथि। हुनकर रचना मे समाज, संस्कृति, संवेदना आ मानवीय मूल्यक गहीर झलक देखबा लेल भेटैत अछि। कार्यक्रमक दौरानशेफाली झा कहलनि जे वंदे मातरम् केर 150 वर्ष पूरा होयबाक अवसर पर 150 महाकवि सम्मेलन आयोजित कएल जायत। ओ कहलनि जे साहित्य आ राष्ट्रभावना कें जन-जन धरि पहुंचयबाक लेल एहि तरहक आयोजन महत्वपूर्ण अछि। जयंती समारोहक दौरान साहित्य प्रेमी सभ महाकवि आरसी प्रसाद सिंहक साहित्यिक विरासत कें आगू बढ़यबाक आ नव पीढ़ी कें हुनकर रचना सं जोड़बाक संकल्प सेहो लेलनि। आयोजन सं रोसड़ा मे साहित्यिक आ सांस्कृतिक वातावरण बेसी जीवंत भए उठल।

# पीड़ाक करुणा सं स्पर्श : जखन शिव भक्तक चरण थामि लैत छथि!



कुमार नितेश

श्रावणी पथ : कड़ी-20

श्रावणी पथ पर पीड़ा मनुष्य कें जतय रोकैत अछि, करुणा ओतहि सं चलि पड़ैत अछि। सुल्तानगंज सं देवघर दिस बढ़ैत कांवरियाक पांति मे हजारो डेग एक संग चलैत देखाइ पड़ैत अछि। कतहु बोल बमक नाद अछि, कतहु घंटीक ध्वनि, कतहु भजन आ कतहु थाकल शरीरक मंद गति। यात्रा अपन विराट स्वरूप मे निरंतर चलैत रहैत अछि। मुदा एहि गति मे कोनो यात्री अनचोके सड़कक कात बैसि जाइत अछि। कांवर एक दिस राखि दैत अछि। पैर आगू पसारि दैत अछि। तरबा मे फोका अछि, कतहु चमड़ी उधड़ि गेल अछि, कतहु सूजन अछि। किछु क्षण लेल एहन प्रतीत होइत अछि जे दीर्घ यात्राक संपूर्ण भार जेना पूरा शरीर सं उतरि ओहि चरण मे आबि गेल हो। एहि ठाम श्रावणी पथक एकटा दोसर रूप देखाइ पड़ैत अछि।

कोनो डेग हुनका दिस मुड़ैत अछि। केओ पानि बढ़बैत अछि। केओ लग मे बैसि जाइत अछि। केओ घायल चरण कें अपन हाथ मे लए लैत अछि। घाव साफ होइत अछि। औषधि लगैत अछि। आयोडीनक जलन सं मुख सिकुड़ि जाइत अछि। सामने बैसल हाथक स्पर्श आओर कोमल भए जाइत अछि, जेना ओहि क्षण औषधि संग हाथक ममता सेहो आवश्यक हो। ओ हाथ मात्र घाव पर औषधि नहि लगा रहल होइत अछि। ओ कांवरियाक संकल्प कें सेहो थामि रहल होइत अछि। इएह ओ क्षण अछि, जखन पीड़ा कें करुणाक स्पर्श भेटैत अछि। सेवा देखाइ पड़ैत अछि, करुणा देखाइ नहि पड़ैत अछि। ओ ओहि हाथक गति मे रहैत अछि, जे घाव कें छूबैत काल अपन स्पर्श बदलि लैत अछि। ओ ओहि स्वर मे रहैत अछि, जे पीड़ा सं सिकुड़ल मुख देखिते मंद पड़ि जाइत अछि। ओ ओहि व्यक्ति द्वारा किछु क्षण बेसी बैसि रहबा मे रहैत अछि, जकरा संभवतः आगू बहुत काज होयबाक अछि, मुदा ओहि समय ओकरा सामने एक मनुष्यक पीड़ा बेसी महत्वपूर्ण भए जाइत अछि।

श्रावणी पथक कथा मात्र ओहि डेगक नहि अछि, जे सुल्तानगंज सं देवघर दिस बढ़ैत अछि। ई ओहि डेगक सेहो कथा अछि, जे ककरो पीड़ा देखि अपन दिशा बदलि लैत अछि। ई ओहि आंखिक सेहो कथा अछि, जे घाव देखि दोसर दिस नहि हटैत अछि। आ ई ओहि हाथक सेहो कथा अछि, जे कोनो अपरिचित कांवरियाक पीड़ा कें छूबैत ओकर लेल किछु समयक सहारा बनि जाइत अछि।

चिकित्सा शिविर एहि करुणाक सर्वाधिक स्पष्ट पड़ाव अछि। बाहर यात्रा चलैत रहैत अछि। भीतर किछु क्षण लेल समय जेना मंद पड़ि जाइत अछि। कोनो यात्री ठेहुन मे हाथ देने बैसल अछि। ककरो कन्हा मे पीड़ा अछि। ककरो तरबा मे फोका अछि। केओ चक्कर अयलाक बाद बैसल अछि। चिकित्सक आ सेवाधारी निरंतर अपन काज मे लागल छथि। कतहु घाव साफ भए रहल अछि, कतहु पट्टी बान्हल जा रहल अछि, कतहु पानि देल जा रहल अछि।

मुदा एहि शिविरक वास्तविक कथा औषधि आ पट्टी सं किछु पैघ अछि। एतय पीड़ाक सामने दोसर मनुष्य उपस्थित होइत अछि। कतेको बेर उपचार अही ठाम सं आरंभ होइत अछि। एक वृद्ध कांवरिया धीरे-धीरे शिविर धरि पहुंचैत छथि। कांवर कन्हा पर अछि आ चालि मे थकान स्पष्ट देखाइ पड़ैत अछि। ओ बैसैत छथि आ दुनू पैर आगू पसारि दैत छथि। तरबा मे पड़ल फोका जेना बाटक संपूर्ण दूरीक हिसाब दए रहल हो। चिकित्सक हुनका सामने बैसैत छथि। पैर अपन हाथ मे लैत छथि। घाव साफ करैत छथि। औषधि लगबैत छथि। आयोडीनक जलन सं वृद्धक मुख सिकुड़ि जाइत अछि। चिकित्सकक हाथ आओर सावधान भए जाइत अछि। किछु समय बाद पट्टी बान्हि देल जाइत अछि। वृद्ध उठैत छथि। कांवर फेर कन्हा पर राखैत छथि। पीड़ा एखन पूर्णतः दूर नहि भेल अछि, मुदा जेना भीतर फेर चलबाक विश्वास लौटि आयल हो। ओ आगू बढ़ि जाइत छथि। किछु डेगक बाद हुनकर ठोर सं निकलैत अछि – बोल बम। ओ एक बेर पाछां मुड़ि कए देखैत छथि। चिकित्सक ताबत धरि दोसर यात्रीक पैर दिस झुकि गेल छथि। वृद्ध किछु नहि कहैत छथि। मात्र एक क्षण तकैत छथि आ आगू बढ़ि जाइत छथि। संभवतः करुणाक सर्वाधिक गहींर धन्यवाद शब्द मे नहि होइत अछि। ओहि क्षण मे होइत अछि, जखन पीड़ा सं किछु राहति पाबि मनुष्य पाछां मुड़ि ओहि हाथ दिस देखैत अछि, जे ओकरा पुनः पथ पर चलबाक सामर्थ्य देने छल।



राति गहींर होइत अछि। यात्रिक आवागमन बनल रहैत अछि। कतहु विश्राम अछि, कतहु फेर यात्रा आरंभ भए गेल अछि। कोनो छोट-सन चिकित्सा शिविर मे एखनहुं एकटा बल्ब जरि रहल अछि। एक कांवरिया मोच लगलाक कारण बैसल छथि। चिकित्सक हुनकर पैर देखि रहल छथि। सेवाधारी पानि दए रहल अछि। किछु समय बाद ओ पूछैत छथि जे अहां सभ सुतैत कखन छी? चिकित्सक हंसैत कहैत छथि, यात्रा चलि रहल अछि, तं हमहूं चलि रहल छी। आ फेर अपन काज मे लागि जाइत छथि।

श्रावणी पथ पर किछु लोक पैर सं यात्रा करैत छथि आ किछु एकटा छोट टेबुलक पाछां बैसि। हुनकर पैर मे फोका नहि पड़ैत अछि। कन्हा पर कांवर नहि होइत अछि। तैयो ओ यात्रा सं बाहर नहि छथि। ककरो घाव पर झुकैत, कोनो हाथ मे पानि दैत, ककरो कांवर किछु क्षण थामैत ओ दोसरक यात्रा मे अपन अंश जोड़ैत चलैत छथि। कांवर भले एक जनक कन्हा पर हो, मुदा यात्रा दुनूक अछि।

एतहि सेवा अपन गहींर अर्थ मे करुणा सं मिलैत अछि। सेवा हाथ सं देखाइ पड़ैत अछि, करुणा ओहि हाथक भीतर होइत अछि। सेवा घाव पर पट्टी बान्हैत अछि, करुणा ओहि पट्टीक नीचां धड़कैत पीड़ा कें अनुभव करैत अछि। सेवा पानि दैत अछि, करुणा ओहि क्षणक प्यास कें बुझैत अछि। करुणा दया नहि अछि। दया मे दूरी बांचल रहि सकैत अछि। करुणा ओहि दूरी कें मिटा दैत अछि। ओतय कोनो उपकार कएनिहार आ कोनो उपकार पौनिहार नहि रहैत अछि। एक मनुष्य दोसर मनुष्यक पीड़ाक सामने अपना कें उपस्थित कए दैत अछि।

एहि लेल करुणा पीड़ा कें मात्र देखैत नहि अछि। ओ ओकरा लग जाइत अछि।

श्रावणी पथ पर कोनो घायल कांवरियाक लग झुकल व्यक्ति मात्र सेवा नहि कए रहल होइत अछि। ओ ओहि क्षण मनुष्य होयबाक अर्थ कें सार्थक कए रहल होइत अछि। संभवतः सभ्यताक वास्तविक परीक्षा सेहो एहन क्षण मे होइत अछि। जखन सामने ककरो पीड़ा हो आ हमरा लग ओकरा सं दूर चलि जायबाक विकल्प सेहो हो, तखन हम की चुनैत छी – इएह हमर भीतर बचल मनुष्यताक पहिचान अछि।

श्रावणी पथक करुणाक एकटा आध्यात्मिक अर्थ सेहो अछि।

हम शिवक आराधना करैत कहैत छी – कर्पूरगौरं करुणावतारम्।

कर्पूरगौरं मंदिर मे विराजमान शिवक स्वरूप कें सामने अनैत अछि। मुदा करुणावतारम् शिव कें मंदिरक सीमा सं बाहर सेहो देखबाक दृष्टि दैत अछि। कोनो घायल कांवरियाक पैर पर झुकल हाथ, कोनो थाकल यात्री कें थामैत कन्हा, ककरो लेल आगू बढ़ाओल जल – एहि सभ मे सेवा देखाइ पड़ैत अछि। मुदा ओहि सेवा मे उतरैत करुणा भक्त कें ओहि शिवक स्मरण करबैत अछि, जिनका ओ अपन भीतर तकैत आयल अछि।

आ तखन भक्त आ भगवानक बीचक दूरी किछु क्षण लेल बदलि जाइत अछि। मंदिर मे भक्त भगवानक चरण धरि पहुंचैत अछि। श्रावणी पथ पर कहियो-कहियो दृश्य उलटि जाइत अछि। भक्त बाबाक चरण मे जल चढ़ेबाक लेल निकलल छल, मुदा बाट मे ओकर अपन घायल चरण कोनो सेवाधारीक हाथ मे आबि जाइत अछि। तखन प्रश्न उठैत अछि – के ककर चरण धरि पहुंचल? कांवरिया बाबाधाम धरि जल लए जाय लेल निकलल छल। मुदा की ई संभव नहि जे कोनो क्षण बाबा स्वयं ओकर घायल चरण थामि ठाढ़ छथि? सेवाधारीक हाथ भगवानक हाथ नहि भए जाइत अछि। मुदा ओहि हाथ मे करुणाक ओ स्पर्श उतरि सकैत अछि, जे भक्त शिव मे तकैत आयल अछि।

इएह ओ क्षण अछि, जखन कर्पूरगौरं करुणावतारम् मात्र पूजाक मंत्र नहि रहि जाइत अछि, बल्कि पथक अनुभव बनि जाइत अछि।

श्रद्धा एहि पथ पर नगर बसौलक। सेवा ओकर संविधान बनल। संस्कार सेवा कें जीवनक अंग बनौलक। स्वशासन समाज कें अपन भीतर सं चलब सिखौलक। मुदा जं एहि सभक भीतर करुणा नहि होय, तं व्यवस्था चलि सकैत अछि, यात्रा चलि सकैत अछि, सेवो चलि सकैत अछि – मुदा मनुष्यता अपूर्ण रहि जायत।

करुणा एहि संपूर्ण यात्राक हृदय अछि। पीड़ा मात्र बाधा नहि अछि। ई ओ क्षण सेहो अछि, जखन एक मनुष्य दोसर मनुष्यक सर्वाधिक निकट पहुंचि सकैत अछि। घाव भरि जायत। पट्टी खुलि जायत। यात्री देवघर पहुंचि जायत। कांवरक जल बाबा पर चढ़ि जायत। मुदा कोनो अनजान हाथक ओ स्पर्श संभवतः ओकर भीतर बहुत दूर धरि चलैत रहत। कारण किछु स्पर्श घाव नहि भरैत अछि, ओ मनुष्य कें फेर चलबाक साहस दैत अछि।

आ संभवतः श्रावणी पथक सर्वाधिक पैघ साधना इएह अछि – बाबा धरि पहुंचबाक पहिने कोनो मनुष्यक पीड़ा धरि पहुंचब।

**हर हर महादेव।**

# धानक बढ़ैत विस्तार : परंपरा, नीति आ बदलैत कृषि-व्यवस्थाक नव अध्याय

शशिकांत मिश्र

भारत कें कृषि-प्रधान देश कहल जाइत अछि, मुदा कृषि मात्र उत्पादनक विषय नहि अछि; ई जलवायु, परंपरा, सरकारी नीति, बाजार-व्यवस्था आ ग्रामीण समाजक जीवन-शैलीक समग्र प्रतिबिंब सेहो अछि। मध्यप्रदेश आ छत्तीसगढ़क कृषि एकर उत्कृष्ट उदाहरण अछि। एक समय अविभाजित मध्यप्रदेशक विशाल भू-भाग मे खरीफ ऋतुक पर्याय धान छल, जखनकि रबी मे गहूम, चना, मौसरी आ मटर सन फसिल किसानक विश्वसनीय आजीविकाक आधार मानल जाइत छल। समय बदलल, कृषि-प्रविधि बदलल, नव फसिल आयल, सरकारी नीति बदलल, मुदा आइयो जं एहि दुनू राज्यक खेतीक मूल आत्मा बुझबाक हो तं धानक हरियरीए ओकर सर्वाधिक सशक्त पहिचान देखाइ पड़ैत अछि।

पछिला तीन दशक मे किसान कतेको प्रयोग केलनि। जतय कहियो कोदो, कुटकी आ अन्य मोट अनाजक खेती होइत छल, ततय सोयाबीन तीव्र गति सं अपन स्थान बना लेलक। बढ़ैत मांग आ बेसी आयक संभावना सं किसान आकर्षित भेलाह। मुदा कृषि मात्र बाजारक इच्छा सं संचालित नहि होइत अछि। प्रतिकूल मौसिम, उत्पादन मे अस्थिरता, बढ़ैत लागति आ सरकारी खरीद-व्यवस्थाक कारण धीरे-धीरे किसान पुनः ओहि पारंपरिक फसिल दिस लौटबाक लेल प्रेरित भेलाह, जाहि पर हुनकर पीढ़ी-दर-पीढ़ीक विश्वास कायम छल। ई मात्र फसल-परिवर्तन नहि, बल्कि किसानक व्यावहारिक सोचक परिचायक अछि। किसान प्रयोग अवश्य करैत छथि, मुदा अंततः ओहि खेती कें अपनाबैत छथि, जे हुनका स्थिरता आ सुरक्षाक भरोसा दैत अछि।

छत्तीसगढ़ मे सेहो एक समय चीनी मिलक स्थापना भेलाक बाद कुसियारक खेती कें प्रोत्साहन भेटबाक आशा जागल छल। कतेको किसान एकरा अतिरिक्त आयक अवसरक रूप मे देखलनि। मुदा कुसियार दीर्घावधिक फसल अछि। एकर लागति बेसी अछि, निरंतर सिंचाइक आवश्यकता पड़ैत अछि आ भुगतानक प्रक्रिया सेहो प्रायः दीर्घ होइत अछि। छोट आ सीमांत किसान लेल वर्षभरि पूंजी फंसौने राखब सहज नहि छल। परिणामस्वरूप कुसियारक विस्तार किछु सीमित क्षेत्र धरि सिमटि गेल आ अधिकांश किसान फेर धानक खेती दिस लौटि गेलाह।



मध्यप्रदेश आ छत्तीसगढ़क भौगोलिक आ मौसमी परिस्थिति स्वाभाविक रूप सं धान उत्पादन लेल अनुकूल अछि। पर्याप्त बरखा, माटिक प्रकृति आ खरीफ ऋतुक स्वरूप एहि फसिल लेल उपयुक्त वातावरण उपलब्ध करबैत अछि। एहि कारण धानक रकबा बरखो सं लगभग स्थिर रहल अछि। एहि मे सरकारी खरीद-नीतिक सेहो महत्वपूर्ण भूमिका अछि। जखन किसान कें ई विश्वास रहैत अछि जे हुनकर उपजक सुनिश्चित उपार्जन होयत, तखन ओ ओहि फसल दिस बेसी आकर्षित होइत छथि।

तथापि एतय एकटा रोचक स्थिति देखाइ पड़ैत अछि। छत्तीसगढ़ सरकार धानक खरीद 3100 प्रति क्विन्टल केर दर सं कए रहल अछि, जखनकि मध्यप्रदेश मे ई मूल्य ?2369 प्रति क्विन्टल अछि। दुनू राज्यक बीच लगभग ?750 प्रति क्विन्टल केर अंतर होयबाक बादो मध्यप्रदेश मे धानक रकबा निरंतर बढ़ि रहल अछि आ उत्पादन नव कीर्तिमान स्थापित कए रहल अछि। ई स्थिति स्पष्ट करैत अछि जे किसानक निर्णय मात्र समर्थन-मूल्य सं निर्धारित नहि होइत अछि। जं उत्पादन बेसी हो, लागति अपेक्षाकृत नियंत्रण मे रहय आ मौसिम अनुकूल हो, तं कम मूल्य पर सेहो कुल आय संतोषजनक भए सकैत अछि।

वास्तव मे मध्यप्रदेश मे धान उत्पादन बढ़बाक पाछां कतेको कारण अछि। उच्च उत्पादकता-बला संकर आ हाइब्रिड बीजक कारण प्रति हेक्टेयर उत्पादन मे उल्लेखनीय वृद्धि भेल अछि। वैज्ञानिक खेती, उन्नत कृषि-यंत्र, नीक सिंचाइ आ आधुनिक कृषि-प्रविधिक सेहो महत्वपूर्ण योगदान अछि। मुदा एकर दोसर पक्ष सेहो अछि। संकर बीजक संग रासायनिक उर्वरक आ कीटनाशकक उपयोग तीव्र गति सं बढ़ल अछि। एहि सं उत्पादन तं बढ़ल अछि, मुदा खेतीक प्रकृति बेसी रसायन-आधारित भेल जा रहल अछि। भविष्य मे माटिक उर्वरता, जलक गुणवत्ता आ पर्यावरणीय संतुलनक दृष्टिएं एहि स्थिति पर गंभीर विचार आवश्यक अछि।

# मोदी सरकार की बांग्लादेशी प्रधानमंत्री तारिक रहमान कें धर्मसंकट मे दए देने अछि?

रजनीश कुमार

तारिक रहमान एहि वर्ष फरवरी मे बांग्लादेशी प्रधानमंत्री बनलाक बाद भारत हुनका नई दिल्ली अयबा लेल निमंत्रण देने छल। मुदा तारिक रहमान एहि निमंत्रण कें प्राथमिकता नहि देलनि आ प्रधानमंत्रीक रूप मे अपन पहिल विदेश यात्रा लेल मलेशिया कें चुनलनि। मलेशियाक बाद तारिक रहमान चीन गेलाह। एहि बीच भारत नई दिल्ली मे आयोजित होमयबला ब्रिक्स शिखर सम्मेलन मे अतिथिक रूप मे सम्मिलित होमय लेल हुनका फेर निमंत्रण देलक। मुदा एहि यात्राक लेल सेहो बांग्लादेशी प्रधानमंत्री एखन धरि सहमति नहि देने छथि। बांग्लादेशी विदेश मंत्रालय रविदिन कहलनि जे प्रधानमंत्री तारिक रहमानक संभावित भारत यात्रा कें लए कए कतेको सप्ताह सं बात चलि रहल अछि। मंत्रालय इहो कहलक जे पांच अगस्त कें दिल्लीक फॉरेन कॉरेस्पॉन्डेन्ट्स क्लब मे पदच्युत प्रधानमंत्री शेख हसीनाक प्रेस कॉन्फ्रेन्स सं दुनू देशक संबंधक वातावरण खराब भेल अछि। विदेश मंत्रालयक प्रवक्ता ए.के.एम. शाहिदुल करीमक अनुसार, तारिक रहमानक यात्रा लेल अनुकूल वातावरण बनायब आवश्यक अछि। एहि परिस्थिति मे प्रश्न उठैत अछि जे भारत बांग्लादेशी प्रधानमंत्री कें अपन देश बजयबाक लेल एतेक प्रयास किएक कए रहल अछि? पश्चिम एशिया आ दक्षिण एशियाक भू-राजनीति पर गहींर दृष्टि रखनिहार पत्रकार सौरभ कुमार शाहीक मानब अछि जे भारतक लग एकरा अतिरिक्त विशेष विकल्प नहि अछि।

**भारत एतेक प्रयास किएक कए रहल अछि? :** सौरभ कुमार शाहीक अनुसार, जं कोनो एहन सरकार सत्ता मे आबि गेल अछि, जकर विचार सं भारत सहमत नहि अछि, तं एहि आधार पर ओकरा सं संबंध नहि राखब संभव नहि अछि। हुनकर कहब अछि - मित्र बदलि सकैत छथि, मुदा पड़ोसी नहि बदलैत छथि। एहि लेल भारत बांग्लादेश सं संवाद बनौने रखबाक प्रयास कए रहल अछि। कतेको बेर संवादक माध्यम सं नीति मे किछु परिवर्तन आनला सं संबंध मे सुधारक संभावना बनैत अछि। उदाहरणक रूप मे श्रीलंकाक उल्लेख कएल जाइत अछि, जतय नव सरकारक समय मे सेहो भारत-विरोधी सरकारक चर्चा भेल छल। मुदा दुनू देशक बीच निरंतर संवाद भेल आ ओकर प्रभाव संबंध पर देखल गेल।



प्यू रिसर्चक सर्वेक्षणक अनुसार, बांग्लादेश मे भारतक प्रति आम लोकक धारणा मे नकारात्मकता बढ़ल अछि। सर्वेक्षण मे 42 प्रतिशत बांग्लादेशी भारतक संबंध मे सकारात्मक विचार व्यक्त कएलनि, जखनकि 51 प्रतिशत लोक नकारात्मक राय रखैत छथि। 2024 मे भारतक प्रति सकारात्मक राय रखनिहार बांग्लादेशीक संख्या 57 प्रतिशत छल। एहि प्रकारें 2026 मे सकारात्मक दृष्टिकोण मे 15 प्रतिशतक कमी देखल गेल। सर्वेक्षणक अनुसार, बांग्लादेश आ पाकिस्तान मे उल्लेखनीय संख्या मे लोक भारत कें अपन देश लेल पैघ खतरा मानैत छथि। सौरभ कुमार शाहीक मानब अछि जे कोनो प्रधानमंत्री जनताक एहि भावना कें पूर्णतः उपेक्षित नहि कए सकैत छथि। तारिक रहमान लेल सेहो ई स्थिति कठिन अछि, विशेष रूप सं जखन विपक्ष मे जमात-ए-इस्लामीक उपस्थिति अछि। हुनका ई ज्ञात अछि जे बांग्लादेश लेल भारत अत्यंत महत्वपूर्ण पड़ोसी अछि, कारण दुनू देशक सीमाक अधिकांश भाग भारत सं जुड़ल अछि। मुदा सत्ता मे बनल रहबाक लेल हुनका जनभावनाक सेहो ध्यान राखय पड़त।

तथापि भारतक दिस सं तारिक रहमान कें बजयबाक एतेक उत्सुकता किएक देखाइ पड़ैत अछि? शाहीक अनुसार, भारत अपन दिस सं पहुंच बनयबाक प्रयास कए रहल अछि। ओकरा बुझाइत अछि जे भारतक लेल एहन पहल करबाक क्षमता वर्तमान राजनीतिक परिस्थिति मे विशेष रूप सं सत्तारूढ़ सरकारक लग अछि। अमेरिका मे बांग्लादेशी राजदूत रहि चुकल मोहम्मद हुमायूं कबीरक अनुसार, बांग्लादेश आब बदलि चुकल अछि। हुनकर मत अछि जे जुलाई 2024 केर जनविद्रोहक बाद बांग्लादेशी जनताक आकांक्षा बदलल अछि। आब लोक बेसी स्वतंत्र विचार रखैत छथि आ अपन राष्ट्रीय आकांक्षाक प्रति बेसी सजग छथि। हुमायूं कबीरक अनुसार, एहि घरेलू परिवर्तनक प्रभाव विदेश नीति मे सेहो पड़ल अछि। बांग्लादेश भारत, चीन, अमेरिका आ अन्य महत्वपूर्ण साझेदार देश सभ कें नव दृष्टि सं देखैत अछि।

# भारतक चुनावी मॉडलक अमेरिका मे बाजल डंका

किशन सनपमुखदास भावनानी

विश्वक सभ सं पैघ लोकतंत्र भारतक चुनावी व्यवस्था कें लए कए देशक भीतर चुनाव-दर-चुनाव राजनीतिक बहस, आरोप-प्रत्यारोप आ निर्वाचन आयोगक कार्यप्रणाली पर प्रश्न उठैत रहल अछि। मुदा 18 अगस्त 2026 कें अमेरिकी राष्ट्रपति डोनाल्ड ट्रंप द्वारा भारतीय चुनाव प्रणाली, विशेष रूप सं मतदाता पहिचान-व्यवस्थाक सार्वजनिक प्रशंसा एकटा अलग अंतरराष्ट्रीय तस्वीर प्रस्तुत केलक। ट्रंप 2024 केर भारतीय लोकसभा चुनाव मे लगभग 64.6 करोड़ मतदाताक सहभागिताक उदाहरण दैत अमेरिका मे सेव अमेरिका एक्ट लागू करबाक आवश्यकता पर जोर देलनि। हुनकर तर्क छल जे जखन भारत एतेक विशाल जनसंख्या आ करोड़ो मतदाताक संग पहिचान-आधारित चुनाव करा सकैत अछि, तं अमेरिका मे मतदाता पहिचान लेल बेसी सुदृढ़ आ एकरूप व्यवस्था किएक नहि भए सकैत अछि। भारतक चुनावी विराटता अमेरिकाक लेल एकटा महत्वपूर्ण उदाहरण बनि गेल अछि। भारतक चुनावी मॉडल एहि कारण असाधारण अछि जे एतय चुनाव मात्र राजनीतिक सत्ताक हस्तांतरणक प्रक्रिया नहि, बल्कि विशाल भौगोलिक, भाषिक, सामाजिक आ जनसांख्यिक विविधताक बीच संवैधानिक लोकतंत्र कें संचालित करबाक विराट प्रशासनिक अभ्यास सेहो अछि। भारतक निर्वाचन आयोग लोकसभा, राज्य विधानसभा, राष्ट्रपति आ उपराष्ट्रपतिक चुनाव संचालित करबाक संवैधानिक दायित्व निभाबैत अछि। 2024 केर लोकसभा चुनाव सात चरण मे संपन्न भेल छल। भारत मे मतदानक लेल ईपीआईसी अर्थात मतदाता पहचान-पत्रक अतिरिक्त पासपोर्ट, ड्राइविंग लाइसेन्स, पैन कार्ड, आधार सहित निर्धारित फोटो-पहिचान दस्तावेज स्वीकार कएल जाइत अछि। अर्थात मतदान केंद्र पर मतदाताक पहिचान सत्यापन भारतीय चुनावी व्यवस्थाक महत्वपूर्ण अंग अछि। मुदा मात्र मतदाता पहचान-पत्रे एकमात्र मान्य दस्तावेज नहि अछि। इएह व्यवस्था अमेरिकाक वर्तमान चुनावी बहस लेल भारत कें महत्वपूर्ण संदर्भ बनबैत अछि।

**भारत आ अमेरिकाक चुनावी व्यवस्था मे अंतर :** भारत आ अमेरिका दुनू महत्वपूर्ण लोकतंत्र अछि, मुदा दुनूक चुनावी संरचना एक समान नहि अछि। भारत मे चुनाव संचालन लेल निर्वाचन आयोगक केंद्रीय आ संवैधानिक भूमिका अछि, जखनकि अमेरिका मे चुनाव प्रशासन बहुत हद धरि राज्य आ स्थानीय निर्वाचन संस्थाक हाथ मे अछि। एहि कारण अमेरिका मे मतदाता पंजीकरण, पहिचान, अर्ली वोटिंग, एब्सेंटी वोटिंग आ मेल-इन वोटिंगक नियम राज्य-दर-राज्य अलग भए सकैत अछि। भारत मे मतदाता पंजीकरणक बाद मतदान केंद्र पर पहिचानक जांच होइत अछि। अमेरिका मे संघीय चुनाव लेल पहिचान आ नागरिकता सं संबंधित नियम विभिन्न राज्य मे अलग-अलग होइत अछि। एहि अंतरक कारण ट्रंपक चुनाव सुधार अभियान मे भारतक उदाहरण विशेष महत्व रखैत अछि। मुदा इहो बुझब आवश्यक अछि जे भारत मे आधार कें अनिवार्य मतदाता पहचानक रूप मे उपयोग नहि कएल जाइत अछि; निर्वाचन आयोग निर्धारित कतेको वैकल्पिक फोटो-पहिचान दस्तावेज स्वीकार करैत अछि।



**सेव अमेरिका एक्ट की अछि? :** सेफगार्ड अमेरिकन वोटर एलिजिबिलिटी एक्ट, संक्षेप मे सेव एक्ट, अमेरिका मे मतदाता पात्रता आ नागरिकता सत्यापन सं संबंधित प्रस्तावित संघीय कानून अछि। एकर मूल उद्देश्य संघीय चुनाव मे मतदाता पंजीकरणक समय अमेरिकी नागरिकताक दस्तावेजी प्रमाण कें अनिवार्य करब अछि। प्रस्तावित कानूनक अनुसार अमेरिकी पासपोर्ट, किछु प्रकारक रियल आईडी-अनुरूप पहिचान दस्तावेज, सैन्य पहिचान आ सरकार द्वारा जारी किछु अन्य दस्तावेजक माध्यम सं नागरिकता प्रमाणित करबाक व्यवस्था अछि। मुदा सेव एक्टक बहस मात्र फोटो-पहिचान धरि सीमित नहि अछि। प्रस्तावित व्यवस्था मे सामान्य मेल-इन मतपत्रक उपयोग पर सीमा लगेबाक आ बेमारी, दिव्यांगता, सैन्य सेवा अथवा यात्रा सन विशेष परिस्थिति मे एकर अनुमति देबाक बात सेहो अछि। समर्थकक तर्क अछि जे मतदाता पहिचान आ नागरिकताक सुदृढ़ पुष्टि चुनावी प्रक्रियाक विश्वसनीयता बढ़ाओत। विरोधी पक्षक चिंता अछि जे अत्यधिक दस्तावेजी बाध्यता सं ओहि पात्र नागरिक लेल मतदान कठिन भए सकैत अछि, जिनका लग आवश्यक कागजात उपलब्ध नहि अछि। एहि कारण अमेरिकी बहसक वास्तविक प्रश्न मात्र ई नहि अछि जे मतदाता पहचान-पत्र होयबाक चाही अथवा नहि। प्रश्न ई अछि जे पहिचान आ नागरिकता सत्यापनक एहन व्यवस्था कोना बनय, जाहि सं चुनावी सुरक्षा सेहो बढ़य आ पात्र नागरिकक मतदान-अधिकार मे अनावश्यक बाधा सेहो नहि पड़य।

**अमेरिकाक चुनावी बहस मे भारतक संदर्भ :** ट्रंपक टिप्पणी राजनीतिक दृष्टिएं महत्वपूर्ण अछि। जाहि भारतीय चुनावी व्यवस्था पर देश मे निरंतर बहस होइत अछि, ओही व्यवस्था कें अमेरिकी राष्ट्रपति अपन देशक चुनावी सुधारक पक्ष मे उदाहरणक रूप मे प्रस्तुत कए रहल छथि। लोकतंत्रक विशेषता इएह अछि जे दुनियांक अलग-अलग लोकतांत्रिक व्यवस्था एक-दोसराक अनुभव सं सीखि सकैत अछि। मुदा भारत आ अमेरिकाक संवैधानिक संरचना, संघीय व्यवस्था, चुनावी इतिहास आ मतदान-पद्धति भिन्न अछि। एहि लेल भारतक संपूर्ण चुनावी मॉडल कें ओहिना अमेरिका मे लागू करब व्यावहारिक नहि होयत। तथापि मतदाताक पहिचान, मतदाता सूचीक शुद्धता, चुनावी प्रक्रियाक पारदर्शिता आ मतदानक विश्वसनीयता सन विषय दुनू देश लेल समान रूप सं महत्वपूर्ण अछि। भारतक अनुभव ई देखबैत अछि जे करोड़ो मतदाताक चुनाव संपन्न करेनाइ मात्र कानून बनौला सं संभव नहि अछि। एकरा लेल प्रशिक्षित कर्मचारी, चुनावी सुरक्षा, तकनीकी व्यवस्था, मतदाता सूची प्रबंधन, चरणबद्ध मतदान आ विशाल प्रशासनिक तंत्र आवश्यक अछि। एहि दृष्टिएं भारतक चुनावी क्षमता विश्वक लेल स्वयं मे एकटा उदाहरण अछि।

**भारत लेल सेहो आत्ममंथनक अवसर :** ट्रंपक टिप्पणी कें मात्र भारतक प्रशंसा मानि कए छोड़ि देब पर्याप्त नहि होयत। ई भारत लेल आत्ममंथनक अवसर सेहो अछि। जं विश्वक एकटा प्रमुख लोकतांत्रिक देश भारतीय चुनावी व्यवस्थाक किछु पक्ष कें अपन देशक सुधार लेल उदाहरण मानैत अछि, तं भारत कें सेहो अपन चुनावी प्रणाली कें निरंतर बेसी पारदर्शी, विश्वसनीय आ तकनीकी रूप सं सुरक्षित बनेबाक प्रयास करैत रहबाक चाही। कोनो लोकतंत्रक वास्तविक शक्ति मात्र एहि बात मे नहि अछि जे चुनाव समयपर संपन्न भए जाइ। वास्तविक शक्ति तखन अछि, जखन मतदाता कें विश्वास हो जे ओकर नाम मतदाता सूची मे सही अछि, ओकर पहिचान सुरक्षित अछि, ओकर मत सही रूप सं दर्ज भेल अछि आ चुनावक परिणाम निष्पक्ष प्रक्रिया सं प्राप्त भेल अछि। भारत दुनियां कें सभ सं पैघ स्तर पर चुनाव करेबाक क्षमता देखौने अछि।

# किएक पंजाबक राजनीति मे कमजोर छथि प्रवासी 33 लाखक आबादीक बादो नहि छोड़ैत छथि असरि

पंजाबक एक पैघ आबादी भले कनाडा, ब्रिटेन आ अमेरिका जेहन देश सभ मे बसल अछि वा ओतय जेबाक सपना देखैत अछि, मुदा भारतक कतेको राज्यक लोक पंजाब मे बसल छथि। एहि तरहे करीब 33 लाख लोक उत्तर प्रदेश, बिहार सहित कतेको राज्य सं पंजाब पहुंचल छथि, जिनका लेल पंजाब दोसर घर जकां अछि। ई लोक पंजाब मे रोजी-रोटी कमबैत छथि। किछु लोक कमाइ कए वापस लौटि जाइत छथि, जखनकि किछु लोक पंजाब मे घर-मकान बना कए रहि रहल छथि। दशक सं पंजाब मे रहला परो सूबेक राजनीति मे हुनकर दखल नगण्य अछि। पंजाबक चुनाव मे प्रवासी कामगार वा अन्य प्रवासी लोक मुद्दा नहि बनैत छथि। 33 लाख लोक आखिर पंजाबक राजनीति मे एतेक कमजोर किएक छथि, ई विचार करबाक विषय अछि। फसलक बुआइ आ कटाइक समय पैघ संख्या मे पूर्वी उत्तर प्रदेश आ बिहारक लोक पंजाब पहुंचैत छथि। फसलक मौसिम समाप्त भेलाक बाद ई लोक वापस लौटि जाइत छथि, मुदा लाखो लोक एहन छथि जे जालंधर, लुधियाना सहित कतेको शहरक उद्योग सभ मे काज करैत छथि। पंजाब मे 1971 मे मात्र 4,000 प्रवासी छलाह, जे आब 33 लाख भए गेल छथि। एहि मे 70 प्रतिशत लोक उद्योग सभ मे काज करैत छथि, जखनकि 30 प्रतिशत लोक खेतीक काज मे छथि। सरकारी आंकड़ाक अनुसार पंजाबक कुल आबादी मे प्रवासीक हिस्सेदारी 15 प्रतिशत धरि अछि। एकर अतिरिक्त एहि मे 80 सं 90 प्रतिशत लोक उत्तर प्रदेश आ बिहारक छथि। पंजाब मे जाहि विधानसभा क्षेत्र सभ मे प्रवासीक नीक-खासा आबादी अछि, ताहि मे लुधियाना साउथ, लुधियाना ईस्ट, लुधियाना सेंट्रल, आतम नगर, साहनेवाल, जालंधर सेंट्रल, जालंधर नॉर्थ, जालंधर वेस्ट, फगवाड़ा आदि शामिल अछि। एकर अतिरिक्त फतेहगढ़ जिला मे सेहो हुनकर नीक आबादी अछि। मुदा महत्वपूर्ण प्रश्न ई अछि जे एतेक आबादी आ कतेको



विधानसभा क्षेत्रक परिणाम बदलबाक क्षमता रखलाक बादो पंजाबक राजनीति मे एहि प्रवासी मतदातासभक चर्चा किएक नहि होइत अछि, जेना दिल्ली आ मुंबई जेहन शहर सभ मे होइत अछि। रोचक तथ्य ई अछि जे पंजाब मे प्रवासी आबादीक विधानसभा मे कोनो प्रतिनिधित्व नहि अछि। बिहारक एकमात्र व्यक्ति कुंवर विजय प्रताप सिंह छलाह, जे पंजाब कैडरक आईपीएस छलाह। ओ अमृतसर नॉर्थ सीट सं आम आदमी पार्टीक विधायक चुनल गेल छलाह। ओ मूल रूप सं बिहारक गोपालगंज जिलाक निवासी छथि। पंजाब मे ओ पुलिसक कतेको महत्वपूर्ण पद पर रहल छलाह। एहि सं पहिने बसपा 2022 मे नवांशहरक एक सीट जीतने छल। एकर अतिरिक्त समाजवादी पार्टी सेहो उम्मीदवार उतारैत रहल अछि, मुदा कहियो सफलता नहि भेटल। हिंदी पट्टीक जनता दल यूनाइटेड, राष्ट्रीय जनता दल जेहन दल सेहो उम्मीदवार उतारलक, मुदा सफलता नहि पओलक। प्रवासी सभ कें राजनीति मे महत्व नहि भेटबाक कतेको कारण अछि। पहिल कारण ई अछि जे प्रवासीक आबादी किछु निश्चित क्षेत्र धरि सीमित अछि। एकर अतिरिक्त राजनीतिक दल सेहो हुनका प्रवासी मजदूर सं बेसी नहि बुझैत छथि। ओ सभ हुनका स्थानीय राजनीतिक संस्कृतिक हिस्सा नहि मानैत छथि। हुनकर पहचान अस्थायी प्रवासीक रूप मे अछि आ ओ वोट बैंक नहि बनि सकल छथि। प्रवासीक एक पैघ समस्या ई सेहो अछि जे पंजाब मे राजनीति पंजाबियत आ सिख पहिचान पर आधारित अछि। ई प्रवासी न तं पंजाबी कहल जाइत छथि आ न सिख छथि। एहि कारण पहिचानक राजनीति मे ओ पाछू पड़ि जाइत छथि। हुनकर पहिचान हिंदू वा मुस्लिमक रूप मे होइत अछि, मुदा सिखक रूप मे नहि। एकर अतिरिक्त अलग-अलग पेशा मे लागल रहबाक कारण हुनकर कोनो एक संस्था सेहो नहि अछि, जाहि माध्यम सं ओ अपन शक्ति देखाबि सकथि। एकर अतिरिक्त जं ई प्रवासी अपन स्तर पर पहिचानक राजनीति मे शामिल होइत छथि, तं स्थानीय लोक दिस सं बहिष्कृत होएबाक खतरा सेहो रहैत अछि। एहि कारण राजनीतिक दल हुनका हुनकर आबादीक अनुपात मे महत्व नहि दैत छथि। आब एकटा दोसर बात ई अछि जे पंजाब मे भाषाक समस्या सेहो अछि। प्रवासी सभ कें वर्षो धरि रहला परो पंजाबी भाषा ओतेक बुझाइ नहि पड़ैत अछि वा ओतेक नीक जकां बजि नहि पबैत छथि, जेना मूल पंजाबी लोक बजैत छथि। एहि कारण हुनका लेल पंजाब मे अपन पहुंच बनायब सहज नहि रहैत अछि। वर्षो धरि पंजाब मे रहलो पर ओ पंजाबक नहि भए पबैत छथि। स्थानीय प्रशासनक बारे मे समझक अभाव आ कोनो मातृ संस्थाक कमी सेहो एकटा पैघ कारण अछि। लेबर यूनियन कतेको बनल सेहो अछि, मुदा ओ मजदूरीक स्थिति मे सुधार जेहन मांग करैत अछि। हुनकर स्थिति एतेक मजबूत नहि अछि जे चुनावी राजनीति मे कोनो प्रभाव डालि सकथि। एहि बीच बीतल किछु वर्ष मे प्रवासी विरोधी लहरि रहल-सहल कसरि सेहो पूरा कए देलक अछि। ग्रामीण क्षेत्र सहित कतेको इलाका मे प्रवासीसभक विरुद्ध माहौल बनल अछि। एहि स्थिति मे हुनका लेल राजनीतिक दखल राखब आरो कठिन भए गेल अछि।

## यूपी चुनाव सं पहिने भाजपा सोशल मीडिया पर सेहो कए रहल 'जंग'क तैयारी

भाजपा विधानसभा चुनाव सं पहिने सोशल मीडिया पर सेहो जंगक तैयारी कए रहल अछि। खास कए युवा पर केंद्रित नव कंटेंट तैयार कएल जा रहल अछि। एहि कंटेंट कें आमलोक धरि पहुंचेबाक लेल मंडल स्तर धरि टीमक गठन कएल गेल अछि। बूथ स्तर पर सेहो समूह बनाओल जा रहल अछि।

### सरकारक सकारात्मक छवि तैयार कएल जाएत

**युवा सं जुड़ल कंटेंट लोक धरि पहुंचेबाक पर जोर**

भाजपा सोशल मीडिया पर पहिनहि सं बहुत सक्रिय अछि। आब विधानसभा चुनाव 2027 कें ध्यान मे रखैत एहि पर विशेष कसरत कएल जा रहल अछि। हाल मे युवासभक आंदोलन आ विपक्ष दिस सं कएल जा रहल हमलाक जवाब देबाक तैयारी सेहो कएल जा रहल अछि। एकरा लेल एहन कंटेंट तैयार करबाक रणनीति पर चर्चा भेल जाहि सं युवा सभ मे भाजपा आ सरकारक सकारात्मक छवि बनाओल जा सकय।

### मंडल स्तर धरि टीमक गठन

प्रदेश संगठनक बैठक मे हालहि ई बात सामने आएल छल जे अपन बात गाम-गाम आ घर-घर धरि पहुंचेबाक लेल मंडल



स्तर धरि टीमक गठन भए चुकल अछि। ओतहि बूथ स्तर पर स्मार्टफोन चलाबय मे सक्षम युवासभक सूची तैयार कएल जा रहल अछि, जाहि सं निचला स्तर धरि कंटेंट पहुंचाओल जा सकय। जून मे भाजपा नेता आ विचारक विनय सहस्त्रबुद्धे संगे मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ निजी सोशल मीडिया इन्फ्लुएंसरसभक संग मंच साझा केने छलाह। मानल जा रहल अछि जे निजी इन्फ्लुएंसर सभ कें सेहो अपन संग जोड़बाक तैयारी पार्टी कए रहल अछि।

बता दी जे बसपा मे अलग सं कोनो सोशल मीडिया सेल नहि अछि। पार्टीक रुख, नव निर्णय आ कोनो मुद्दा पर शुरूआती प्रतिक्रिया सहित बेसीतर महत्वपूर्ण सूचना सीधे बसपा सुप्रीमो मायावतीक एक्स हैंडल सं सामने अबैत अछि। बसपा सुप्रीमोक ट्वीट भेलाक बाद बीएसपी राष्ट्रीय संयोजक आकाश आनंद, राष्ट्रीय महासचिव सतीश चंद्र मिश्रा आ प्रदेश अध्यक्ष विश्वनाथ पाल सहित पार्टीक प्रमुख पदाधिकारी एहि पोस्ट सभ कें रीट्वीट कए आगू बढ़बैत छथि। ओतहि नेता आ बसपा समर्थक सेहो सोशल मीडिया प्लेटफॉर्मक उपयोग कए बसपाक पक्ष मे अपन बात रखैत छथि।

## यूपी चुनावक लेल कांग्रेसक 7 सदस्यीय मीडिया-टीम घोषित : अभय दुबे कें कमान

उत्तर प्रदेश विधानसभा चुनाव 2027 कें लए कांग्रेस अपन तैयारी तेज कए देने अछि। पार्टी आब चुनावी रणनीतिक अंतर्गत मीडिया प्रबंधन कें मजबूत करबाक लेल 7 सदस्यीय टीमक गठन केने अछि। एआईसीसी दिस सं 18 अगस्त कें जारी ऑफिस नोट मे नेशनल मीडिया कोऑर्डिनेटर अभय दुबे कें टीमक कमान देल गेल अछि। कांग्रेस मीडिया एवं पब्लिसिटी विभागक प्रभारी पवन खेड़ा दिस सं जारी आदेशक अनुसार अभय दुबे संग डॉ. रतन लाल कें को-कोऑर्डिनेटर आ अब्बास हाफिज, टीना कर्मवीर, संजय छोकर, विवेक कोर्दे आ डॉ. सुधांशु यादव कें कोऑर्डिनेटर बनाओल गेल अछि। ई टीम प्रदेश कांग्रेस कमेटीक संग मिलि चुनाव सं जुड़ल मीडिया गतिविधिक संचालन करत। पार्टीक अनुसार ई सभ नेता प्रदेश कांग्रेस कमेटीक संग समन्वय कए मीडिया सं जुड़ल काजकाज आ चुनावी गतिविधि कें गति देताह। चुनाव सं पहिने कांग्रेसक फोकस संगठनक संग अपन मीडिया आ संचार रणनीति कें मजबूत करबाक पर अछि।



**6 सहप्रभारी कें पहिनहि भेटल अछि संगठनक जिम्मेदारी :** कांग्रेस 26 जून कें यूपी संगठन मे पैघ बदलाव करैत अविनाश पांडेयक स्थान पर राजेंद्र पाल गौतम कें प्रदेश प्रभारीक जिम्मेदारी देने छल। एकर बाद 6 सहप्रभारीक नियुक्ति कएल गेल। एहि 6 सहप्रभारी कें एखन प्रदेश मे संगठन सृजन अभियानक जिम्मेदारी देल गेल अछि। सहप्रभारी सभ कें अलग-अलग जोनक 11 सं 14 जिला सौंपल गेल अछि। सहप्रभारी सभ कें संगठन सृजन अभियानक अंतर्गत अपन-अपन क्षेत्र मे संगठनक स्थितिक आकलन करबाक, पार्टी कार्यकर्ता सभ सं संवाद करबाक आ संगठन कें मजबूत करबाक जिम्मेदारी देल गेल अछि। हुनका सभ कें एक मासक भीतर अपन रिपोर्ट प्रदेश अध्यक्ष अजय राय आ यूपी प्रभारी राजेंद्र पाल गौतम कें सौंपबाक अछि।

**20 मास सं कार्यकारिणीक प्रतीक्षा :** कांग्रेसक आगू संगठन कें लए सब सं पैघ चुनौती प्रदेश कार्यकारिणीक गठन अछि। प्रदेश अध्यक्ष अजय रायक कार्यकाल तीन वर्ष पूरा भए चुकल अछि, मुदा एखन धरि हुनकर प्रदेश कार्यकारिणीक गठन नहि भए सकल अछि। कांग्रेस 5 दिसंबर 2024 कें यूपीक प्रदेश, जिला, शहर आ ब्लॉक कमेटी कें भंग कए देने छल। पार्टी 20 मार्च 2025 कें सभ 75 जिलाक जिला कांग्रेस अध्यक्षक घोषणा केने छल। एकर संग महानगर अध्यक्षसभक नियुक्ति सेहो कएल गेल छल। कुल 133 जिला/महानगर अध्यक्षक सूची जारी कएल गेल छल। मुदा नव प्रदेश कार्यकारिणीक गठन एखन धरि नहि भए सकल अछि। पार्टी आब संगठन सृजन अभियानक रिपोर्टक आधार पर प्रदेश कार्यकारिणीक गठनक तैयारी कए रहल अछि। मानल जा रहल अछि जे सहप्रभारीसभक रिपोर्टक बाद संगठन मे नव चेहरा सभ कें जिम्मेदारी देल जा सकैत अछि।

> **6 सहप्रभारी पहिने सं संभारि रहल छथि संगठन सृजन अभियान**

# बीएसपीक यूपी चुनाव सं पहिने पैघ दांव सतीश मिश्रा कें देल गेल पैघ जिम्मेदारी

उत्तर प्रदेश मे विधानसभा चुनाव सं पहिने सभ दल ब्राह्मण सभ कें अपन दिस आकर्षित करबाक प्रयास मे लागल अछि। समाजवादी पार्टीक बाद आब बहुजन समाज पार्टी (बीएसपी) सेहो ब्राह्मण दांव चलौने अछि। पार्टी अध्यक्ष मायावती बुधदिन कहलनि जे बीएसपीक जनाधार कें सर्वसमाज मे मजबूत करबाक संग उम्मीदवारक चयन आ हुनकर नामक घोषणाक प्रक्रिया आगू बढ़ि रहल अछि। ओ दावा कएलनि जे बीएसपीक सक्रियता सं विरोधी दल सभ मे बेचैनी अछि। एहि क्रम मे पार्टीक राष्ट्रीय महासचिव आ वरिष्ठ अधिवक्ता सतीश चंद्र मिश्र कें कानूनी आ मीडिया संबंधी कार्यक संग चुनाव आयोग सं जुड़ल महत्वपूर्ण कार्यक जिम्मेदारी सेहो देल गेल अछि। मायावती सोशल मीडिया मंच एक्स पर पोस्ट कए कहलनि जे आगामी विधानसभा चुनाव मे बीएसपी कें मजबूत करबाक लेल जमीनी स्तर पर काज चलि रहल अछि। ओ ब्राह्मण समाज कें सेहो पार्टी सं जोड़बाक आ 2007 जकां पूर्ण बहुमतक सरकार बनेबाक रणनीतिक संकेत देलनि। मायावती पार्टी कार्यकर्ता सभ सं विरोधी दलक कथित हथकंडा कें लए सजग आ सतर्क रहबाक अपील सेहो कएलनि। मायावती सोशल मीडिया मंच एक्स पर लिखलनि जे उत्तर प्रदेश मे आगामी विधानसभा आम चुनाव 2027क तैयारीक मद्देनजर बीएसपीक जनाधार कें सर्वसमाज मे बढ़ेबाक जमीनी मजबूतीक संग पार्टी उम्मीदवारक चयन आ हुनकर






नामक पार्टीक विधानसभा स्तरक कार्यकर्ता सम्मेलन मे घोषणा करबाक प्रक्रिया सेहो चलि रहल अछि। एकरा लए विरोधी पार्टी सभ मे बहुत बेचैनी अछि आ सत्ताधारी पार्टी भाजपा सहित अन्य विरोधी पार्टी सभ मे निरंतर बदलाव होएब सेहो स्वाभाविक अछि। ओ लिखलनि जे बीएसपी सर्वसमाज मे सं खास कए ब्राह्मण समाज कें सेहो पार्टी सं जोड़बाक प्रयास कए रहल अछि। 2007 जकां बीएसपीक पूर्ण बहुमतक सरकार बनेबाक तैयारीक अनुसार ब्राह्मण समाजक लोक सभ कें बीएसपी उम्मीदवार बनाओल जाएत। जखन सं ई प्रक्रिया शुरू भेल अछि, तखन सं विरोधी पार्टी सभ मे एकरा लए चर्चा आ चिंता दुनू स्पष्ट अछि। हुनकर कथित हथकंडा सभ कें देखैत बहुजन समाजक लोक सभ कें लगातार सजग आ सतर्क रहबाक आवश्यकता अछि। मायावती कहलनि जे बहुजन समाज पार्टीक दीर्घकालीन राष्ट्रीय महासचिव, वरिष्ठ अधिवक्ता आ बीएसपी शासनकाल मे उत्तर प्रदेशक महाधिवक्ता रहल सतीश चंद्र मिश्र, जे उत्तर प्रदेश बार काउन्सिलक कतेको बेर अध्यक्ष, बीएसपी सरकार मे कैबिनेट मंत्री आ कतेको बेर बीएसपीक राज्यसभा सांसद सेहो रहल छथि, हुनका पार्टी दिस सं लीगल आ मीडिया सहित आब चुनाव आयोग सं जुड़ल कार्यक महत्वपूर्ण जिम्मेदारी देल गेल अछि। आगामी विधानसभा आम चुनावक दौरान हुनकर भूमिका कतेको दृष्टि सं महत्वपूर्ण रहबाक संभावना अछि।

# वाहनक ठोकर सं बुजुर्गक मृत्यु, आक्रोशित लोक सभ एसएच-88 कएलक जाम

## परिजन केलक दोषी चालक पर कारबाइ आ मृतकक परिजन कें मुआवजाक मांग

**समस्तीपुर/रोसड़ा, समदिया**



रोसड़ा थाना क्षेत्रक टेकुना मठ मे तेज रफ्तार वाहनक ठोकर सं घायल बुजुर्गक इलाजक दौरान मृत्यु भेलाक बाद बुधदिन रोसड़ा-केलुआघाट मुख्य सड़क (एसएच-88) कें आक्रोशित परिजन आ स्थानीय लोक सभ जाम कए देलनि। सड़क जाम कए रहल लोक सभ ठोकर मारयवाला वाहन आ चालकक विरुद्ध कारबाइ तथा मृतकक परिजन कें उचित मुआवजा देबाक मांग कए रहल छलाह। मृतकक पहचान गाम निवासी 50 वर्षीय रामशंकर यादवक रूप मे भेल अछि। स्थानीय लोकक अनुसार, बीतल राति रामशंकर यादव कें तेज रफ्तार वाहन ठोकर मारि देने छल। दुर्घटना मे गंभीर रूप सं घायल भेलाक बाद हुनकानीक इलाज लेल रोसड़ा सं बेगूसराय लए जायल गेल, जतऽ इलाजक दौरान हुनकर मृत्यु भए गेल। पोस्टमार्टमक प्रक्रिया पूरा भेलाक बाद बुधदिन शव गाम स्थित घर पहुंचल। शव पहुंचिते परिजन आ स्थानीय लोकक आक्रोश फूटि पड़ल। लोक सभ रोसड़ा-केलुआघाट मुख्य सड़क SH-88 कें जाम कए दोषी वाहन चालकक विरुद्ध कारबाइक मांग करय लगलाह। प्रदर्शन करैत स्थानीय लोक सभ कहलनि जे दुर्घटना मे शामिल वाहन आ ओकर चालकक पहचान हुनका सभक स्तर पर कए लेल गेल अछि। लोक सभ प्रशासन सं घटनास्थल पर पहुंचि मामिलाक जांच करबाक, संबंधित वाहन आ चालकक विरुद्ध उचित कानूनी कारबाइ करबाक तथा मृतकक परिजन कें सरकारी प्रावधानक अनुसार उचित मुआवजा देबाक पहल करबाक मांग कएलनि। सड़क जाम भेलाक कारण दुनू दिस वाहनक लंबा कतार लागि गेल आ आवागमन प्रभावित भेल। प्रदर्शनकारी अपन मांग पर कारबाइ होयबा धरि सड़क सं हटबाक लेल तैयार नहि छलाह। सूचना भेटलाक बाद पुलिस आ प्रशासनिक पदाधिकारी घटनास्थल पर पहुंचि लोक सभ कें बुझाबैत जाम समाप्त करयबाक प्रयास मे जुटल छथि।

# लनामिवि मे विद्वत परिषदक बैसार, तीन नव खेल कोर्स कें भेटल मंजूरी

## सत्र 2026-27 सं फुटबॉल, वॉलीबॉल आ कबड्डी कोचिंगक सर्टिफिकेट कोर्स होयत शुरू

**दरभंगा, समदिया**



ललित नारायण मिथिला विश्वविद्यालय, दरभंगाक कुलपति प्रो. संजय कुमार चौधरीक अध्यक्षता मे विद्वत परिषदक महत्वपूर्ण बैसार कुलपति आवासीय कार्यालयक सभाकक्ष मे ऑनलाइन माध्यम सं आयोजित भेल। बैसार मे विश्वविद्यालयक शैक्षणिक विस्तार आ विभिन्न पाठ्यक्रम सं जुड़ल कतेको महत्वपूर्ण निर्णय लेल गेल। बैसार मे विश्वविद्यालयक खेल एवं शारीरिक शिक्षा निदेशालय द्वारा शैक्षणिक सत्र 2026-27 सं छह मासक सर्टिफिकेट कोर्स शुरू करबाक स्वीकृति देल गेल। एहि मे सर्टिफिकेट कोर्स इन फुटबॉल कोचिंग, सर्टिफिकेट कोर्स इन वॉलीबॉल कोचिंग आ सर्टिफिकेट कोर्स इन कबड्डी कोचिंग शामिल अछि। एहि पाठ्यक्रमक माध्यम सं विद्यार्थी सभ कें खेल प्रशिक्षण आ कोचिंगक्षेत्र मे व्यावहारिक दक्षता हासिल करबाक अवसर भेटत।परिषद स्वयं एडवाइजरी कमिटीक 13 अगस्त कें भेल बैठकक कार्यवृत्त कें घटनोत्तर स्वीकृति प्रदान कएलक। संगहि अप्रेंटिसशिप एंबेडेड डिग्री प्रोग्रामक संशोधित अध्यादेश आ नियमावली कें सेहो मंजूरी देलगेल। बैसार मे चारि वर्षीय सीबीसीएस स्नातक पाठ्यक्रमक 31 विषयक पाठ्यक्रम कें स्वीकृति देल गेल। एहि मे विज्ञान, मानविकी, सामाजिक विज्ञान, वाणिज्य, मैथिली, संगीत, नाट्य, भोजपुरी, अरबी, पाली, प्राकृत, बंगाली, एंथ्रोपोलॉजी आ ग्रामीण अर्थशास्त्र सहित विभिन्न विषय शामिल अछि। बीसीए आ एमसीए मे नामांकनक निर्धारित योग्यता मे सेहो संशोधन कएल गेल। प्लस टू मे गणितकअनिवार्यता समाप्त करैत गणित नहि पढ़ने विद्यार्थी सभ लेल ब्रिज कोर्स अनिवार्य कएल गेल अछि।ओतहि राष्ट्रीय शिक्षा नीति-2020 केर अनुरूप सेल्फ फाइनेंस मोड मे एमएससी बायोटेक्नोलॉजी कार्यक्रम शुरू करबाक लेल तैयार अध्यादेश आ नियमावली कें सेहो मंजूरी देल गेल। बैसार मे कुलसचिव डॉ. दिव्यारानी हांसदा सहित विद्वत परिषदक सदस्य आ विशेष आमंत्रित सदस्य उपस्थित छलाह। स्वागत आ संचालन प्रो. अशोक कुमार मेहता कएलनि, जखनकि धन्यवाद ज्ञापन कुलसचिव द्वारा कएल गेल।

# राजस्व रैंकिंग मे सीतामढ़ीक शानदार प्रदर्शन, राज्य मे दोसर स्थान

## अपर समाहर्ता (राजस्व) कें तेसर, बेलसंड डीसीएलआर लगातार दोसर बेर प्रथम

**सीतामढ़ी, समदिया**

राजस्व एवं भूमि सुधार विभाग, बिहार द्वारा जुलाई 2026 लेल जारी राज्यस्तरीय राजस्व रैंकिंग मे सीतामढ़ी जिलाक उल्लेखनीय प्रदर्शन रहल अछि। जिला राजस्व संबंधी काजक समग्र निष्पादन मे 67.58 अंक प्राप्त कए राज्य मे दोसर स्थान हासिल कएलक अछि। जून मासक रैंकिंग मे सेहो जिलाक प्रदर्शन नीक रहल छल। राजस्व काजक ई रैंकिंग म्यूटेशनक निगरानी, परिमार्जन प्लस, अभियान बसेरा-2, आधार सीडिंग, अपर समाहर्ताक न्यायालय, डीसीएलआर न्यायालय आ जिलाधिकारी न्यायालय मे मामिला सभकनिष्पादन सहित विभिन्न निर्धारित मानकक आधार पर तैयार कएल जाइत अछि। निर्धारित लक्ष्यक अनुरूप काजक प्रभावी निष्पादन आ लंबित मामिला सभक त्वरित निपटारा सं जिलाक ई उपलब्धि संभव भेल अछि।अपर समाहर्ता (राजस्व) कें राज्य मे तेसर स्थान एडीएम पीओपी रैंकिंग मे सीतामढ़ीक अपर समाहर्ता (राजस्व) संजीव कुमार 64.40 अंक प्राप्त कए राज्यमे तेसर स्थान हासिल कएलनि। जून मासक रैंकिंग मे सेहो हुनकर तेसर स्थान छल। हुनकर ई प्रदर्शन म्यूटेशन आ परिमार्जन प्लसक निगरानी, अंचलाधिकारी कार्यालयक निरीक्षण, अभियान बसेरा-2, म्यूटेशन रिवीजन, जमाबंदी कलेक्शन सहित विभिन्न राजस्व काजक प्रभावी निष्पादनक परिणाम अछि।बेलसंड डीसीएलआर लगातार दोसर बेर राज्य मे अव्वल जुलाई 2026 केर पीओपी रैंकिंग मे भूमि सुधार उप समाहर्ता, बेलसंड 75.63 अंक प्राप्त कए राज्य मे प्रथम स्थान हासिल कएलनि। खास बात ई अछि जे जून मासक रैंकिंग मे सेहो बेलसंड डीसीएलआर राज्य मे प्रथम रहल छलाह। लगातार दोसर बेर भेटल ई उपलब्धि अनुमंडल स्तर पर राजस्व प्रशासनककार्यकुशलता आ प्रतिबद्धता कें दर्शबैत अछि। ओतहि पुपरी डीसीएलआर कें राज्य मे 16म आ सीतामढ़ी सदर डीसीएलआर कें 20म स्थान प्राप्त भेल अछि।बैरगनिया अंचल राज्य मे दोसर स्थान परअंचल स्तरक राजस्व रैंकिंग मे सेहो सीतामढ़ी जिलाक प्रदर्शन नीक रहल अछि। बैरगनिया अंचल कें राज्य मे दोसर स्थान भेटल अछि। एकर अतिरिक्त चोरौत अंचल कें 12म, सुप्पी अंचल कें 13म आ परिहार कें 14म स्थान प्राप्त भेल अछि। एहि उपलब्धि पर समाहर्ता रिची पांडेय प्रसन्नता व्यक्त करैत कहलनि जे राजस्व प्रशासन आम लोक सं सीधा जुड़ल विभाग अछि। पारदर्शिता, समयबद्धता आ उत्तरदायित्वक संग काज करब जिला प्रशासनक प्राथमिकता अछि। ओ कहलनि जे ई उपलब्धि राजस्व टीम, अपर समाहर्ता, डीसीएलआर, अंचल अधिकारी सहित सभ संबंधित पदाधिकारी आ कर्मी सभकसमन्वित आ निरंतर प्रयासक परिणाम अछि। आगांक मास मे जिला कें राज्य मे प्रथम स्थान पर अनबाक लक्ष्यक संग काज मे आरो तेजी अनल जायत। संगहि लंबित मामिला सभक शीघ्र निष्पादन पर विशेष ध्यान देल जायत। जिला प्रशासन एहि उल्लेखनीय उपलब्धि लेल सभ संबंधित पदाधिकारी आ कर्मी कें बधाई दैत भविष्य मे सेहो नीक प्रदर्शन कायम रखबाक आह्वान कएलक अछि।

# पति सं वीडियो कॉलक दौरान फंदा लगा महिलाक मृत्यु

## घटनाक बाद गाम मे पसरल शोक, पुलिस भेजलक शव पोस्टमार्टम लेल

**सिंहवाड़ा, समदिया**

सिंहवाड़ा थाना क्षेत्रक शंकरपुर पंचायतक वार्ड संख्या-1 मे मंगलदिन देर रात 28 वर्षीय एक महिलाक पति सं वीडियो कॉल पर बातचीतक दौरान कथित रूप सं फंदा लगेलाक बाद मृत्यु भए गेल। घटनाक समय महिलाक पति दिल्ली मे मजदूरी करैत छलाह। घटना केर जानकारी भेटिते गाम मे मातम पसरि गेल। मृतकाक पहचान शंकरपुर वार्ड संख्या-1 निवासी शहजादे कुरैशीक पुत्र तमन्ना कुरैशीक पत्नी शमीमुन निशा उर्फ रौनकक रूप मे भेल अछि। हुनकर मायका सीतामढ़ी जिलाक मेहसौल मे बताओल गेल अछि। करीब आठ वर्ष पूर्व हुनकर विवाह तमन्ना कुरैशीक संग भेल छल। दंपतीक कोनो संतान नहि छल। बताओल जाइत अछि जे मंगलदिन देर राति महिला अपन पति सं वीडियो कॉल पर बातचीत करैत छलथि। एहि दौरान ओ कथित रूप सं रस्सीक फंदा लगा लेलनि। वीडियो कॉलक दौरान घटना भेलाकबाद पति स्तब्ध भए गेलाह आ परिजन तथा आसपासक लोक कें सूचना देलनि। तकर बाद परिजन आ ग्रामीण घटनास्थल पर पहुंचलाह। सूचना भेटलाक बाद सिंहवाड़ा थाना पुलिस घटनास्थल पर पहुंचि मामिलाक जांच कएलक। पुलिस शव केंकब्जा मे लए आवश्यक प्रक्रिया पूरा कए पोस्टमार्टम लेल डीएमसीएच पठा देलक। पोस्टमार्टमक बाद शव मायका सीतामढ़ी जिलाक मेहसौल लए जेबाक बात बताओल गेल अछि, जतय आखरी संस्कार कएल जायत। ग्रामीण सभक अनुसार, विवाहक बाद सं पति-पत्नीक संबंध सामान्य नहि छल। हालांकि महिलाक मृत्यु केर कारण एखन स्पष्ट नहि भए सकल अछि। घटना कें लए कए ग्रामीण सभक बीच तरह-तरहक चर्चा अछि, मुदा पुलिस कोनो कारणक पुष्टि नहि कएलक अछि। थानाध्यक्ष बसंत कुमार कहलनि जे महिलाक मृत्यु केर सूचना भेटलाक बाद पुलिस शव कें पोस्टमार्टम लेल पठा देने अछि। मामिला मे एखन धरि कोनो लिखित आवेदन प्राप्त नहि भेल अछि। आवेदन भेटलाक बाद मामिलाक जांच कए नियमानुसार आगांक कारबाइ कएल जायत।

# नाबालिग सं दुष्कर्म मामिला मे एक दोषी करार

**दरभंगा, समदिया**

> » डीएनए रिपोर्ट आ सात गवाहक गवाही रहल महत्वपूर्ण, 25 अगस्त कें सजाक होयत सुनवाइ

दरभंगा जिला पॉक्सो अदालतक विशेष न्यायाधीश सुलेखा झा महिला थाना प्राथमिकी संख्या 72/22 आ जीआर संख्या 102/23 केर विचारणक बाद भालपट्टी थाना क्षेत्रक भालपट्टी गाम निवासी अनिरुद्ध मंडल कें नाबालिग सं दुष्कर्म मामिला मे दोषी करार देलनि। मामिलाक अभियोजन पक्षक संचालन विशेषलोक अभियोजक विजय कुमार पराजित कएलनि। हुनकर दिस सं सात गवाहक गवाही कराओल गेल। विशेष लोक अभियोजकक अनुसार नाबालिग पीड़िता सं दुष्कर्मक बाद गर्भधारण भेल छल। संतानक जन्मक बाद नवजात शिशु आ आरोपितक डीएनए एक समान पाओल गेल। गवाह सभक बयान आ डीएनए रिपोर्टक मेल आरोपितक दोष सिद्ध करय मे महत्वपूर्ण साबित भेल। विशेष न्यायाधीश सुलेखा झा बुधदिन भारतीय दंड संहिताक धारा 376(2) आ पॉक्सो एक्टक धारा 6 केर अंतर्गत अनिरुद्ध मंडलकें दोषी करार देलनि। अदालत 25 अगस्त कें सजाक बिंदु पर सुनवाइ आ सजाक अवधि निर्धारित करबाक लेल तिथि तय कएलनि।

# संत गुरु रविदास जीक 650म जयंती पर बेनीपट्टी मे निकलल जागरूकता कलश यात्रा

## पदाधिकारी सभ हरी झंडी देखा कए कएलनि विदा

**बेनीपट्टी, समदिया**



संत गुरु रविदास जीक 650म जयंतीक अवसर पर आयोजित समरसता संकल्प अभियानक अंतर्गत बुधदिन बेनीपट्टी प्रखंड कार्यालय परिसर सं जागरूकता कलश यात्रा निकालल गेल। प्रखंड विकासपदाधिकारी महेश्वर पंडित हरी झंडी देखा कए जागरूकता रथ सह कलश यात्रा कें रवाना कएलनि। राज्य स्तर सं प्राप्त निर्देश केर आलोक मे अनुसूचित जाति टोला मे सामाजिक समरसता, समानता, भाईचारा आ सामाजिक एकजुटताक संदेश जन-जन धरि पहुंचयबाक उद्देश्य सं ई अभियान 18 अगस्त 2026 सं 15 फरवरी 2027 धरि आयोजित कएल जा रहल अछि। कलश यात्रा प्रखंड कार्यालय सं निकलि लोहिया चौक,थाना मोड़, इंदिरा चौक, विद्यापति चौक, बेहटा बाजार होइत अंबेडकर चौक धरि गेल। यात्रा मे पदाधिकारी,विकास मित्र, जीविका कर्मी सहित अन्य संबंधित लोक सभ सहभागिता कएलनि। एहि अवसर पर बीडीओ महेश्वर पंडित कहलनि जे संत रविदास जीक जीवन आ हुनकर विचार समाज मे समानता, भाईचारा आ आपसी सद्भावक प्रेरणा दैत अछि। समरसता संकल्प अभियानक माध्यम सं समाजक सभ वर्गक बीच आपसी सम्मान, सहयोग आ सौहार्दक भावना कें आरो मजबूत करबाक प्रयास कएल जा रहल अछि। ओ कहलनि जे सामाजिक समरसता आ समानताक संदेश समाजक प्रत्येक वर्ग धरि पहुंचेनाइ सभक सामूहिक जिम्मेदारी अछि। अभियानक माध्यम सं संत रविदास जीक विचार आ हुनकर सामाजिक संदेश कें जन- जन धरि पहुंचयबाक प्रयास कएल जा रहल अछि। बीडीओ कहलनि जे एहि कार्यक्रमक अंतर्गत प्रखंडक महादलित टोला मे केंद्र आ राज्य सरकारक 22टा योजना सं वंचित पात्र लाभार्थी सभ कें योजना सं आच्छादित कराओल जायत। एहि लेल संबंधित स्तर पर आवश्यक कारबाइ कएल जा रहल अछि। मौकापर आरडीओ अकरम नजफी, बीस सूत्री अध्यक्ष बबलू गुप्ता, बीपीआरओ सह बीईओ मधुकर कुमार, बीसीओ सुरेश राम, सीडीपीओ रेखा कुमारी, जीविका बीपीएम प्रणवतोष मिश्र, श्रम प्रवर्तन पदाधिकारी आकांक्षा कुमारी, प्रखंड कल्याण पदाधिकारी सहित अन्य पदाधिकारी आ कर्मी उपस्थित छलाह।

## 27 अगस्त सं 15 फरवरी धरि प्रत्येक बृहस्पति महादलित टोला मे लागत संत रविदास विकास शिविर

# गुरु संत रविदास जीक 650म जयंती पर निकलल भव्य कलश यात्रा

**दरभंगा, समदिया**




श्री गुरु संत रविदास जीक 650म जयंती वर्षक अवसर पर जिला प्रशासन, दरभंगाक दिस सं बुधदिन श्याम मंदिर परिसर सं भव्य कलश यात्रा निकालल गेल। यात्रा मे भाजपा प्रदेश अध्यक्ष सह नगर विधायक संजय सरावगी, जिलाधिकारी कौशल कुमार, बिस्फीक पूर्व विधायक हरिभूषण ठाकुर बचौल, उप विकास आयुक्त स्वप्निल सहित कतेको पदाधिकारी आ गणमान्य लोक सहभागिता कएलनि। एहि अवसर पर जिलाधिकारी कौशल कुमार कहलनि जे जिलाक सभ प्रखंड लेल कलश पठाओल गेल अछि। सामाजिक समरसता, आपसी भाईचारा आ जनकल्याणक भावना कें मजबूत करबाक उद्देश्य सं 'श्री गुरु संत रविदास समरसता संकल्प अभियान' चलाओल जा रहल अछि। अभियानक अंतर्गत जिलाक सभ पंचायतक महादलित टोला मे विभिन्न कार्यक्रम आयोजित कएल जायत। ओ कहलनि जे गुरु संत रविदास जीक विचार आ आदर्श कें जन-जन धरि पहुंचयबाक उद्देश्य सं 27 अगस्त 2026 सं 15 फरवरी 2027 धरिप्रत्येक बृहस्पति 'संत रविदास विकास शिविर' आयोजित कएल जायत। शिविर मे अनुसूचित जाति टोलामे रहनिहार लोक कें सरकारक विभिन्न कल्याणकारी आ विकास योजनाक जानकारी देल जायत तथायोजनाक लाभ लेबाक लेल जागरूक कएल जायत।नगर विधायक संजय सरावगी कहलनि जे गुरु संत रविदास जीक 650म जयंती वर्ष पूरा देशक गाम-गाम मे मनाओल जायत। हुनकर विचारक माध्यम सं समानता, सामाजिक सद्भाव, भाईचारा आ समरसताक भावना कें मजबूत करबाक लेल विभिन्न कार्यक्रम आयोजित होयत। ओ कहलनि जे युवा आ विद्यार्थीसभक सक्रिय सहभागिता सुनिश्चित करबाक लेल खेलकूद प्रतियोगिता, साइकिल रैली, वाद-विवाद आ निबंध प्रतियोगिता सहित कतेको रचनात्मक कार्यक्रम आयोजित कएल जायत। कार्यक्रमक माध्यम सं गुरु संत रविदास जीक सामाजिक एकता, भाईचारा आ मानव कल्याणक संदेश कें जन-जन धरि पहुंचयबाक संकल्प लेल गेल।

# मिथिला हॉर्टिकल्चर क्लस्टर सं दरभंगाक किसान कें आत्मनिर्भर बनेबाक संकल्प होयत पूर्ण : सांसद

## रामनाथ ठाकुर सं भेटलनि डॉ. गोपाल जी ठाकुर, क्लस्टरक गठन लेल जतौलनि आभार

**दरभंगा, समदिया**



विकसित मिथिला आ आत्मनिर्भर किसानक संकल्प कें साकार करबाक दिशा मे केंद्र सरकार ठोस पहल शुरू कए देने अछि। मिथिला हॉर्टिकल्चर क्लस्टर लेल दरभंगाक चयन आ एहि लेल 100 करोड़ रुपैयाक स्वीकृति एकर महत्वपूर्ण उदाहरण अछि। दरभंगाक सांसद सह लोकसभा मे भाजपा सचेतक डॉ. गोपाल जी ठाकुर दिल्ली स्थित कृषि भवन मे केंद्रीय कृषि एवं किसान कल्याण राज्यमंत्री रामनाथ ठाकुर सं भेंट कए मिथिला हॉर्टिकल्चर क्लस्टरक गठन लेल आभार व्यक्त कएलनि। एहि दौरान सांसद क्लस्टरक शीघ्र क्रियान्वयन कें लए कए विस्तार सं चर्चा सेहो कएलनि। डॉ. ठाकुर कहलनि जे मिथिला हॉर्टिकल्चरक्लस्टरक मंजूरी सं दरभंगा आ मधुबनी जिलाक 19 हजार सं बेसी किसानक सर्वांगीण विकासक बाट होयत। क्लस्टरक माध्यम सं केला, आम, लीची आ मखाना जेकां प्रमुख कृषि उत्पाद सं जुड़ल किसान सभ कें आत्मनिर्भर बनेबाक दिशा मे व्यापक काज कएल जायत। ओ कहलनि जे हॉर्टिकल्चर उद्यानिकी परियोजना, मखाना क्षेत्रक विकास, कृषि एवं उद्यानिकी, केलाक नव प्रभेद सहित विभिन्न योजना लेल 100 करोड़ रुपैयाक राशि स्वीकृत कएल गेल अछि। एहि सं परंपरागतखेतीक संग आधुनिक तकनीक कें बढ़ावा भेटत। कृषि उत्पादक प्रसंस्करण, पैकेजिंग आ मूल्य संवर्धनक व्यवस्था विकसित कए ओकरा देशक संगहि वैश्विक बाजार धरि पहुंचयबाक प्रयास कएल जायत। एहि सं किसान सभ कें अपन उपजक उचित मूल्य भेटबाक संगहि कृषि क्षेत्र मे नव अवसर सेहो पैदा होयत।सांसद कहलनि जे मिथिला हॉर्टिकल्चर क्लस्टर दरभंगा आ संपूर्ण मिथिलाक विकास लेल वरदान साबित होयत। एहि सं किसानक आमदनी बढ़ेबा, रोजगारक अवसर पैदा करबा आ कृषि आधारित अर्थव्यवस्था कें मजबूत करबा मे मदद भेटत। डॉ. ठाकुर क्लस्टरक गठन आ ओकर क्रियान्वयनक दिशा मे केंद्र सरकारक तत्परताक लेल केंद्रीय कृषि एवं किसान कल्याण राज्यमंत्री रामनाथ ठाकुरक प्रति आभार व्यक्त कएलनि।

# पलामू मे कोयल नदी फेर उफान पर, निचला इलाका मे बाढ़िक खतरा बढ़ल

## रिवर फ्रंट पानि मे डूबल, युवा तेज बहाव मे कए रहल छथि स्टंट

पलामू,समदिया

पलामू जिला मे लगातार बरखा होयबाक कारण कोयल नदी एक बेर फेर उफान पर अछि। पांच दिनक भीतर दोसर बेर नदीक जलस्तर तेजी सं बढ़ल अछि, जाहि सं निचला इलाकामे बाढ़ि जेहन स्थिति बनि गेल अछि। मेदिनीनगरक कोयल रिवर फ्रंट पर किछु युवा जानखतरा मे राखि नदीक तेज बहाव मे तैराकी आ स्टंट कए रहल छथि। प्रशासन संवेदनशील इलाका कें अलर्ट पर रखने अछि। मुदा लोक कें नदीक कात जाय आ नदी मे उतरय सं रोकबाक लेल नगर निगम आ पुलिस प्रशासनक दिस सं कोनो ठोस व्यवस्था देखाइनहि पड़ि रहल अछि। एहि कारण हादसाक खतरा बढ़ि गेल अछि। आपात स्थिति मे तत्काल कारबाइक निर्देश नदीक जलस्तर बढ़लाक



कारण आसपासक निचला इलाका मे बाढ़िक खतरा बढ़ि गेल अछि। अनुमंडल पदाधिकारी (एसडीओ) संबंधित अंचल अधिकारी आ थाना प्रभारी सभ कें लगातारस्थिति पर नजरि रखबाक आ कोनो आपात स्थिति मे तत्काल कारबाइ करबाक निर्देश देलनि। उल्लेखनीय अछि जे पांच दिन पहिने सेहो कोयल नदीक ऊपरी क्षेत्र मे भेल भारी बरखाक असर पलामू मे देखल गेल छल। तखन राति करीब 3 बजे अनचोके नदी मे बाढ़ि आबि गेल छल।कोयल रिवर फ्रंट पूरा तरहे पानि मे डूबि गेल छल आ आसपासक सड़क पर नदीक पानि बहय लगल छल।पहाड़ी आ पंपुकल जेहन इलाका मे स्थिति गंभीर भए गेल छल, जतय सड़क पर 5 फीट धरि पानि बहि रहल छल आ कतेको घर मे सेहो पानि घुसि गेल छल। आब एक बेर फेर कोयलनदीक जलस्तर मे तेजी सं वृद्धि होयबाक कारण लोकनिक चिंता बढ़ि गेल अछि। बरखाक सिलसिला जारी रहल तं नदीक जलस्तर आओर बढ़बाक आशंका अछि।

# रांची मे सीजीएल रद्द करबाक विरुद्ध सचिवालय परिसर मे सफल अभ्यर्थीसभक हंगामा

रांची,समदिया

रांची मे प्रोजेक्ट भवन सचिवालयक बाहर जेएसएससी सीजीएलक सफल अभ्यर्थी परीक्षा रद्द करबाक निर्णयक विरुद्ध उग्र प्रदर्शन करैत परिसर मे घुसि गेलाह।सफल अभ्यर्थी जेएसएससी सीजीएल परीक्षा रद्द करबाक विरुद्ध प्रदर्शन कए रहल छथि। प्रदर्शनकारी प्रोजेक्ट भवन सचिवालय मे घुसि पुलिस सं धक्का-मुक्की कएलनि। न्याय दियौ अथवा फांसी दियौ; जेहन नारा सं सचिवालय परिसर मे तनाव बढ़ि गेल। राज्य ब्यूरो, रांची। प्रोजेक्ट भवन सचिवालयक बाहर अपन मांग कें लए प्रदर्शन कए रहल अभ्यर्थी बुधदिन अनचोके उग्र भए गेलाह आ पुलिस बल कें धक्का दैत भीतर प्रवेश करय मे सफल रहलाह। दिउस करीब 2 बजे सैकड़ो अभ्यर्थी प्रोजेक्ट भवनक मुख्य द्वार पर लागल बैरिकेडिंग तोड़ि सुरक्षा घेरा पार करैत परिसरक भीतर प्रवेश कए गेलाह। एहि दौरान पुलिस बल आ प्रदर्शनकारीसभक बीच तीखा बहस आ धक्का-मुक्की सेहो भेल। छात्रलगातार मांग कए रहल छलाह जे वरिष्ठ अधिकारी कें वार्ताक लेल पठाओल जाए। किछु समय धरि छात्र पाछू नहि हटलाह तं बल प्रयोगक स्थिति

## धक्का-मुक्की कए घुसलाह भीतर



बनि सकैत छल। पहिनहि सं सुरक्षा मे तैनात जवानक अतिरिक्त आसपासक थाना सं सेहो पुलिस कें बजाओल गेल।प्रोजेक्ट भवनक मुख्य द्वार कें पूरा तरहे अवरुद्ध करैत अभ्यर्थी सभ सरकार आ प्रशासनक विरुद्ध जोरदार नारेबाजी कएलनि। प्रदर्शनकारी सब सं बेसी न्याय दियौ अथवा फांसी दियौ;कनारा लगबैत छलाह। एकर अतिरिक्तआवाज दियौ, हम एक छीतानाशाही नहि चलत आदिनारो लगैत रहल। भारी पुलिस बलक मौजूदगी मे प्रदर्शनकारी युवा सरकारक विरोध मे नारा लगबैत रहलाह। विरोध प्रदर्शन कए रहल युवासभक मांग अछि जे सीजीएल परीक्षा कें रद्द करबाक आदेश वापस लेलजाए। प्रदर्शनक दौरान कतेको अभ्यर्थी भावुक भए जमीन पर सुति गेलाह आ कानैत न्याय लेलगुहार लगाबय लगलाह, जाहि सं परिसर मे तनावपूर्ण स्थिति बनि गेल। मौकाक नजाकत कें देखैत पहिनहि सं भारी संख्या मे तैनात पुलिस अधिकारी जखन सफल अभ्यर्थी सभ कें रोकय मे असफल रहलाह, तं ओ सभ उग्र भीड़ कें समझेबाक प्रयास कएलनि। पुलिस अधिकारी अभ्यर्थीसभक भीड़क आगू विनती करैत देखल गेलाह। हटिया डीएसपी नीरज कुमार कहलनि जे क्षेत्र मे निषेधाज्ञाक अंतर्गत धारा 144/163 बीएनएसलागू कए देल गेल अछि। ओ कहलनि जे अभ्यर्थी पढ़ल-लिखल युवा छथि आ हुनका ई बुझबाक चाही जे एहि तरहे प्रतिबंधित आ अति-संवेदनशील सरकारी परिसर मे विरोध प्रदर्शन करला सं हुनका विरुद्ध कानूनी कारबाइ भए सकैत अछि।

# जमशेदपुर मे फेर मंडरायल बाढ़िक खतरा, प्रशासन हाई अलर्ट पर

## स्वर्णरिखा-खरकई एखन धरि लाल निशानक पार

जमशेदपुर,समदिया

जमशेदपुर मे नदीसभक जलस्तर किछु घटलाक बावजूद लगातार बरखा सं बाढ़िक खतरा कायम अछि। स्वर्णरिखा आ खरकई नदी एखन धरि खतरा रेखा सं बहुत ऊपर बहि रहलअछि, जाहि सं तटीय बस्ती मे चिंता बनल अछि।जमशेदपुर मे लगातार बरखा सं बाढ़िक खतरा कायम अछि। पूर्वी सिंहभूम मे 97 मिमी सं बेसीबरखा दर्ज भेल अछि।जागरण संवाददाता, जमशेदपुर। जमशेदपुर आ आसपासक क्षेत्र मे बुधदिन सेहो रुकि-रुकि कएभए रहल बरखा सं प्रशासन आ तटीय बस्ती मे रहनिहार लोकनिक चिंता बढ़ि गेल अछि। यद्यपि भोर 8 बजेक रिपोर्ट मे स्वर्णरिखा आ खरकई नदीक जलस्तर मे मामूली गिरावट दर्ज कएल गेल अछि, मुदा लगातार भए रहल बरखा आ मौसिम विभागक चेतावनीक कारण बाढ़िक खतरा एखन टलल नहि अछि। दूनू नदी



एखन धरि खतरा रेखा सं बहुत ऊपर बहि रहल अछि। पूर्वी सिंहभूम मे 97 मिमी सं बेसी बरखा, अलर्ट जारी मौसिम विज्ञान केंद्र (आईएमडी) रांचीक अनुसार, झारखंडक ऊपर बनल अवदाबक प्रभाव सं पूर्वी सिंहभूम जिला मे पछिला 24 घंटा मे 97.4 मिलीमीटर सं बेसी बरखा दर्ज भेल अछि। मौसिम विभाग बुधदिन (19 अगस्त) लेल जिला मे मेघगर्जन आ वज्रपातक संग भारी बरखाक अलर्ट जारी रखने अछि। मौसिम वैज्ञानिकक कहब अछि जे जं जलग्रहण क्षेत्र मे बरखा जारी रहल, तं डैम सं फेर पानि छोड़ल गेला सं नदीक जलस्तर फेर तेजी सं बढ़ि सकैत अछि।जलस्तर मे मामूली गिरावटबाढ़ि नियंत्रण कक्षक भोर 8 बजेक रिपोर्टक अनुसार मानगो ब्रिज पर स्वर्णरिखाक जलस्तर 123.20 मीटर दर्ज कएल गेल, जे खतरा रेखा 121.50 मीटर सं 1.70 मीटर ऊपर अछि।एहि तरहे आदित्यपुर ब्रिज पर खरकई नदीक जलस्तर 133.60 मीटर रहल, जे खतरा रेखा129.00 मीटर सं 4.60 मीटर ऊपर अछि। यद्यपि भोर मे दूनू नदीक जलस्तर घटैत देखल गेल, मुदा रिमझिम बरखाक कारण बस्ती सभ सं पानि निकलबाक गति धीमा पड़ि गेल अछि। फेर बरखा शुरू भेला सं तटीय इलाका मे बढ़ल खौफ बरखा फेर शुरू भेला सं राहति शिविर मे शरण लेने लोक मे खौफक माहौल अछि। बागबेड़ाक 68वर्षीय बुजुर्ग हरिराम महतो कहलनि, "भोर मे लागल छल जे पानि उतरि जाएत, मुदा आकाश मे छाएल कारी बादल आ बरखा देखि फेर डर लगय लागल अछि।मानगो शंकोसाइक 35 वर्षीय गृहिणी सुनीता देवी चिंता व्यक्त करैत कहलनि, "कमरा सं पानि पूरा तरहे निकलल नहि अछि। जं बरखा तेज भेल तं हम घर कोना लौटब ?ओतहि जुगसलाईक 22 वर्षीय युवा मोहम्मद अरशद कहलनि जे तटीय इलाकाक युवा राति भरि गश्त कए रहल छथि, जाहि सं पानि बढ़ला पर तुरंत लोक कें सतर्क कएल जा सकय। 25 सं बेसी राहति शिविर मे अलर्ट जारी पूर्वी सिंहभूम जिला प्रशासन जेएनएसी, मानगो, जुगसलाई आ आदित्यपुर नगर निकाय कें हाई अलर्ट पर रखने अछि। 25 सं बेसी शेल्टर होम मे भोजन, ब्रेड, दूध आ दवाइक वितरण जारी अछि। एनडीआरएफ आ गोताखोरक टीम कें नदीक कात नावक संग मुस्तैद राखल गेल अछि।

# गुणवत्ता सुधार आ नवाचारक दिशा मे बीएसएलक 28 क्वालिटी सर्किल टीमसभ कएलक उत्कृष्ट प्रदर्शन

बोकारो,समदिया

बोकारो स्टील प्लांट मे डायरेक्टर-इन-चार्ज क्वालिटी सर्किल ट्रॉफी 2026 क आयोजन कएल गेल। प्लांट स्तर पर आयोजित क्वालिटी सर्किल प्रतियोगितासभक श्रृंखला मे ई दोसर प्रतियोगिता छल।एहि प्रतियोगिता मे बीएसएलक विभिन्न विभागक कुल 28 क्वालिटी सर्किल टीमसभ उत्साहपूर्वक भागलेलक। सभ टीम अपन-अपन कार्यक्षेत्र मे कएल गेल अभिनव सुधार काज, समस्या-समाधानक क्षमता आ निरंतर सुधारक प्रति अपन प्रतिबद्धताक प्रभावशाली प्रदर्शन कएलक।सभ टीम निर्णायक मंडलक समक्ष अपन परियोजना प्रस्तुत कएलक। प्रस्तुतिक दौरान टीमसभ कार्यस्थलक समस्याक पहिचान, ओकर मूल कारणक विश्लेषण तथा प्रभावी एवं टिकाऊ समाधान लागू करबाक अपन व्यवस्थित कार्यप्रणाली प्रदर्शित कएलक। प्रत्येक टीमक प्रयास ई दर्शबैत अछि जे बीएसएलक कर्मचारी अपन कार्यक्षेत्र मे सुधारक नव अवसरक पहिचान करबा आ ओकरा प्रभावी समाधान मे बदलबाक लेल कतेक सजग आ प्रतिबद्ध छथि। प्रतियोगिताक अंतर्गत आयोजित मॉडल प्रतियोगिता मे सेहो टीमसभ उत्साहपूर्वक भाग लेलक आ क्वालिटी सर्किल टीमसभ द्वारा



विकसित बेहतर प्रक्रियासभ एवं सुधार पहलसभ कें प्रदर्शित कएलक। ई गतिविधि टीमसभक व्यावहारिक क्षमता संग-संग क्वालिटी सर्किलक अवधारणाक हुनकर समझ आ ओकर अनुप्रयोग कें सेहो सामने अनलक।डायरेक्टर-इन-चार्ज क्वालिटी सर्किल ट्रॉफी टीमसभ कें उच्च-स्तरीय क्वालिटी सर्किल प्रतियोगितासभ मेआगू बढ़बाक अवसर प्रदान करैत अछि। गोल्ड अवार्ड प्राप्त करनिहार टीमसभ बोकारो कें सीसीक्यूसी मे बीएसएलक प्रतिनिधित्व करत। एकर बाद आगामी स्तर पर उत्कृष्ट प्रदर्शनक माध्यम सं टीमसभ केंएनसीक्यूसी आ आईक्यूसी जेहन प्रतिष्ठित प्रतियोगितासभ मे बीएसएलक प्रतिनिधित्व करबाक अवसर भेटत।

# सीआईएसएफ बोकारोक पूर्व डीआईजी विनयतोष मिश्र बनलाह ओडिशाक नव डीजीपी

## बोकारो इस्पात संयंत्र के सुरक्षा मे निमाहने छलाह अहम भूमिका

बोकारो,समदिया

वर्ष 1993 बैचक वरिष्ठ आईपीएस अधिकारी विनयतोष मिश्र के ओडिशा के नव पुलिस महानिदेशक (डीजीपी) नियुक्त कएल गेल अछि। निवर्तमान डीजीपी वाई.बी. खुरानिया केकार्यकाल पूरा भेलाक बाद ओ इ महत्वपूर्ण पदभार ग्रहण कयलनि अछि। एहि सं पहिले ओ ओडिशा पुलिस के अपराध शाखा (क्राइम ब्रांच) के डायरेक्टर जनरल पद पर अपन सेवा द रहल छलाह। अपन सख्त कार्यशैली, निष्पक्षता आ कुशल प्रशासनिक दक्षताक लेल पहिचानय जायवला विनयतोष मिश्र के झारखंडक इस्पात नगरी बोकारो सं सेहो गहीर जुड़ाव रहल अछि। लगभग डेढ़ दशक पूर्व ओ बोकारो स्टील प्लांट (बीएसएल) मे पुलिस उप-महानिरीक्षक (डीआईजी) के पद पर कार्यरत छलाह। अपन ओहि



कार्यकाल के दौरान ओ सीआईएसएफ आ स्थानीय पुलिस प्रशासन के बीच बेहतर समन्वय स्थापित कय प्लांटक सुरक्षा व्यवस्था आ कानून- व्यवस्था के मजबूत करबा मे ऐतिहासिक योगदान देने छलाह, जाहि कारण ओ क्षेत्र मे बहुत लोकप्रिय भेलाह। हुनक परिवार सेहो लंबा समय धरि बोकारो मे निवास क चुकल अछि। 30 वर्ष सं बेसी के अपन लंबा आ बेदाग करियर मे विनयतोष मिश्र अपराध जांच, स्टेट फॉरेंसिक साइंस लैबोरेटरी, फायर सर्विसेज, होम गाड्र्स आ सिविल डिफेंस सन कतेको महत्वपूर्ण विभागसभक कुशलतापूर्वक नेतृत्व कयलनि अछि। उत्कृष्ट सेवाक लेल भेटल छथि राष्ट्रपति पुलिस पदक सहित कतेको सम्मान वर्ष 1993 मे संघ लोक सेवा आयोग (यूपीएससी) के सिविल सेवा परीक्षा उत्तीर्ण कय ओडिशा कैडर के आईपीएस अधिकारी बनयवला विनयतोष मिश्र के हुनक उत्कृष्ट आ साहसिक सेवासभक लेल कतेको प्रतिष्ठित राष्ट्रीय सम्मानसभ सं अलंकृत कएल जा चुकल अछि। हुनका वर्ष 2009 मे सराहनीय सेवाक लेल पुलिस पदक सं सम्मानित कएल गेल छल। तकर बाद वर्ष 2016 मे हुनक उत्कृष्ट व विशिष्ट सेवाक लेल सर्वोच्च राष्ट्रपति पुलिस पदक प्रदान कएल गेल। ओतहि वर्ष 2017 मे आंतरिक सुरक्षाक क्षेत्र मे साहसिक व अभूतपूर्व योगदानक लेल हुनका आंतरिक सुरक्षा सेवा पदक सं अलंकृत कएल गेल।

# बोकारो मे एनटीपीसी नेशनल रैंकिंग तीरंदाजी टूर्नामेंट शुरू

## देशभरि सं करीब 900 तीरंदाज लए रहल छथि भाग, अंतरराष्ट्रीय स्तरक खेलाड़ी सेहो शामिल

बोकारो,समदिया

बोकारो मे एनटीपीसी नेशनल रैंकिंग तीरंदाजी टूर्नामेंट 2026क बुधदिन आगाज भेल। सेक्टर-4 स्थित मोहन कुमार मंगलम स्टेडियम मे आयोजित एहि प्रतियोगिताक उद्घाटनझारखंडक राज्यपाल संतोष कुमार गंगवार कएलनि। देशभरि सं करीब 900 तीरंदाज एहि मेहिस्सा लए रहल छथि, जाहि मे विश्व चैंपियन रजत चौहान आ दीपिका जेहन अंतरराष्ट्रीयखेलाड़ी शामिल छथि। उद्घाटन समारोह मे कतेको जनप्रतिनिधि, खेलाड़ी आ खेल संघक पदाधिकारी मौजूद छलाह। राज्यपाल संतोष कुमार गंगवार खेलाड़ीसभक उत्साहवर्धन करैत झारखंड कें लैंड ऑफ आर्चरी बतौलनि। ओ कहलनि जे राज्य मे तीरंदाजीक प्रतिभाक कोनो कमी नहि अछि आ खेलाड़ी सभ कें उचित मंच भेटला पर ओ राष्ट्रीय आ अंतरराष्ट्रीय स्तर पर प्रदेशक नाम रोशन कए सकैत छथि। बोकारो तीरंदाजी संघक सचिव एंजेला



सिंह कहलनि जे बोकारो मे पहिल बेर एतेक पैघ स्तर परतीरंदाजी प्रतियोगिताक आयोजन कएल जा रहल अछि। देशक विभिन्न राज्य सं खेलाड़ी एतय छथि। प्रतियोगिता मे विश्व चैंपियन रजत चौहान आ दीपिका जेहन अंतरराष्ट्रीय खेलाड़ीहिस्सा लए रहल छथि। अर्जुन पुरस्कार विजेता आ प्रशिक्षक राहुल बनर्जी सहित करीब 15 सं 20 अर्जुन पुरस्कार प्राप्त खेलाड़ी तथा पद्मश्री सम्मानित खेलाड़ी सेहो एहि आयोजनक हिस्सा छथि। बुधदिन बरखाक कारण प्रतियोगिता शुरू होय मे किछु देरी भेल, मुदा खेलाड़ी आ खेलप्रेमीसभकउत्साह बनल रहल। मैदान मे देशक अनुभवी तीरंदाजसभक संग युवा खेलाड़ी सभ सेहो अपननिशाना साधलनि। विश्व चैंपियन आ अर्जुन पुरस्कार प्राप्त रजत चौहान कहलनि जे तीरंदाजी हुनकर करियर कें नव दिशा देलक। ओ कहलनि जे एहि खेलक बदौलत ओ राजस्थान पुलिस मे डीएसपी बनि सकलाह। रजत चौहान ईहो कहलनि जे एहि खेल मे युवा सभ लेल नीक भविष्य अछि, मुदा एकरा लेल एकाग्रता, अनुशासन आ लगातार मेहनत आवश्यक अछि। ओ नव खेलाड़ी सभ कें सलाह देलनि जे अपन ध्यान भटकय नहि दिअ आ पूरा एकाग्रता संग खेल पर केंद्रित रहू।रजत चौहान कहलनि जे ओ 2014 एशियन गेम्स मे स्वर्ण आ 2018 एशियन गेम्स मे रजतपदक जीतने छथि। व्यक्तिगत स्पर्धा मे भारत लेल पहिल स्वर्ण पदक जीतबाक उपलब्धि सेहोहुनकर नाम अछि। आब हुनकर लक्ष्य 2028 ओलंपिक मे देश लेल पदक जीतब अछि। ओ कहलनि जे कतेको पैघ प्रतियोगिता खेललाक बावजूद ओलंपिक मे पदक जीतबाक सपना एखन बाकी अछि आ एकर तैयारी लगातार जारी अछि। आयोजकसभक कहब अछि जे पछिला करीब एक दशक मे भारत मे तीरंदाजीक स्तर तेजी सं नीक भेल अछि। खेलाड़ी सभ कें आधुनिक प्रशिक्षण आ राष्ट्रीय-अंतरराष्ट्रीय प्रतियोगिता मे बेसी अवसर भेटि रहल अछि। प्रतियोगिताक आयोजन झारखंड तीरंदाजी संघ आ बोकारो जिला तीरंदाजी संघक सहयोग सं कएल जा रहल अछि। डॉ. लंबोदर महतो, पूर्णिमा महतो आ एंजेलासिंह सहित संघक पदाधिकारी आयोजन कें सफल बनाबय मे जुटल छथि। आयोजक सभ खेलप्रेमी सभ सं प्रतियोगिता स्थल पर पहुंचि खेलाड़ीसभक उत्साह बढ़ेबाक अपील कएलनि।

21 अगस्त कें मतदान

# झारखंड हाई कोर्ट एडवोकेट एसोसिएशन चुनाव, 92 उम्मीदवारक बीच मोकाबला

रांची,समदिया

झारखंड हाई कोर्ट एडवोकेट एसोसिएशन चुनाव मे नामांकन पत्रक जांचक बाद 92 उम्मीदवार मैदान मे छथि, जिनका लेल 21 अगस्त 2026 कें मतदान होयत। एहि चुनाव मे 2889 मतदाता अपन मताधिकारक प्रयोग करताह। अध्यक्ष, उपाध्यक्ष आ महासचिव सहित विभिन्न पदक लेल उम्मीदवार मैदान मे छथि।आखरी दिन एकटा नामांकन वापस, 21 अगस्त कें होयत मतदान हाई कोर्ट एडवोकेट एसोसिएशन चुनाव मे 92 उम्मीदवार मैदान मे छथि। 21 अगस्त 2026 कें मतदान आ 22 अगस्त कें मतगणना होयत। 2889 मतदाता अपन मताधिकारक प्रयोग करताह। राज्य ब्यूरो, रांची। झारखंड हाई कोर्ट एडवोकेट एसोसिएशनक चुनाव मे नामांकन पत्रक जांच कएलाक बाद 92 उम्मीदवार मैदान मे रहि गेल छथि। 93 उम्मीदवारक नामांकन कें वैध घोषित कएल गेल छल। एहि मे




गवर्निंग काउंसिल पद लेल नामांकन कएनिहार तनु कुमारी अपन नामवापस लए लेलनि। एकर बाद मंगलदिन चुनाव समिति उम्मीदवारक आखरी सूची जारी कएलक। एहि चुनाव मे 2889 मतदाता अपन मतक प्रयोग करताह। अध्यक्ष पद लेल पांच उम्मीदवारक नामांकन वैध पाओल गेल अछि। एहि मे वरिष्ठ अधिवक्ता अजीत कुमार, महेश तिवारी, मनोज टंडन,आरएसपी सिन्हा आ ऋतु कुमार शामिल छथि। उपाध्यक्ष पद लेल 7 उम्मीदवार मैदान मे छथि। एहि मे अमरेश कुमार, धीरज कुमार, जय शंकर तिवारी, नवीन कुमार सिंह, प्राण प्रणय, राहुल कुमार गुप्ता आ संजीव ठाकुर शामिल छथि। महासचिव पद लेल पांच नामांकन वैध भेल अछि। एहि मे अमित सिन्हा, बिनोद सिंह, मयंक कुमार, नवीन कुमार आ संतोष कुमार सोनी शामिल छथि। कोषाध्यक्ष पद लेल नलिनी झा, श्रेष्ठ मेहता आ विपुल दिव्या केर नामांकन वैध घोषित कएलगेल अछि। ओतहि सहायक कोषाध्यक्ष पद लेल 8 उम्मीदवारक नामांकन वैध पाओल गेल अछि। एहि मे आकाश दीप, अंजनी कुमार, कौशल किशोर मिश्रा, फैजाल आलम, नमिता सहाय, प्रेममांडी, रमेश कुमार आ वीर विजय प्रधान शामिल छथि। एहि पद लेल नमिता सहाय एकमात्र महिला अधिवक्ता छथि। सचिव प्रशासन पद लेल जारी सूची मे अमृत राज किस्कू, अरुण कुमार दुबे, आशीष वर्मा, धर्मेंद्र कुमार मालित्यार, कविता सिंह, मोती गोप, सुमित प्रकाश आ विकास कुमारक नाम शामिल अछि।सचिव पुस्तकालय पद लेल अशोक कुमार, भोलानाथ ओझा, संजीव कुमार शिवप्रसाद आ शुभाशीष रसिक सोरेनक नाम शामिल अछि। कार्यकारिणी समिति (गवर्निंग काउंसिल) लेल 51 उम्मीदवार मैदान मे छथि। बता दी जे झारखंड हाई कोर्ट एडवोकेट एसोसिएशनक चुनाव 21 अगस्त 2026 कें भोर 11 बजेसं सांझ 5 बजे धरि होयत आ 22 अगस्त कें मतगणना कएल जाएत।

# देशक 54 उत्कृष्ट स्टेशन मे रांची, टाटानगर आ तेतुलमारी

## धनबाद-कोडरमा आ जसीडीह मे वाटर कूलरक कमी

रांची ,समदिया

देशभरिक चयनित 512 रेलवे स्टेशन मे मात्र 54 स्टेशन निर्धारित न्यूनतम आवश्यक सुविधाक मानक पर खरा उतरि सकल अछि। एहि मे झारखंडक तीन स्टेशन रांची, टाटानगर आ तेतुलमारी शामिल अछि। रिपोर्ट मे टाटानगर कें एनएसजी-2, रांची कें एनएसजी-3 आ तेतुलमारी कें एनएसजी-5 श्रेणी मे राखल गेल अछि। देशक बाकी 458 स्टेशन पर बुनियादी सुविधा मानकसं कम पाओल गेल। कैगक रिपोर्ट मे ई खुलासा भेल अछि।रिपोर्ट मे कहल गेल अछि जे साउथ ईस्टर्न रेलवे मे न्यूनतम आवश्यक सुविधाक स्कोर 29.1 रहल, जे सभ रेलवे जोन मे सब सं कम अछि। ई झारखंड लेल चिंता बढ़ेबयबला अछि। सब सं गंभीर मामिला मधुपुर स्टेशन पर सामने आएल। एतय वाटर कूलर सं लेल गेल पानिक नमूना मे ई-कोलाई बैक्टीरिया भेटल। ई बैक्टीरिया देशक 8 स्टेशनक वाटर कूलरक पानि नमूना मे सेहोभेटल।रिपोर्ट मे मात्र पानिक गुणवत्ता मे कमी नहि, बल्कि सुविधा उपलब्ध करेनाइ मे सेहो कमी पाओल गेल। धनबाद




स्टेशन पर पीबाक पानिक नल आ वाटर कूलरक कमी भेटल। कोडरमा मे ड्रिंकिंग वाटर टैप, वाटर कूलर आ साइनेजक कमी दर्ज कएल गेल। ओतहि जसीडीह मे पानिकनलक अतिरिक्त सीटिंग, वाटर कूलर आ साइनेजक व्यवस्था सेहो अपर्याप्त पाओल गेल।रिपोर्ट मे ई खामी सभ गनाओल गेलसफाइ व्यवस्था पर्याप्त नहि, कीट नियंत्रणक सेहो कतेको ठाम उपाय नहिकैगक जांच मे साउथ-ईस्टर्न रेलवेक कतेको स्टेशन पर सफाइ आ स्वच्छताक व्यवस्था मे कमीसेहो सामने आएल। पांच स्टेशन पर कीट आ कृंतक नियंत्रणक उपाय नहि कएल गेल छल, जखनकि चारि स्टेशन पर पेयजल बूथ आ वाटर कूलर अस्वच्छ भेटल। 6 स्टेशन पर आवाराकुकुरक मौजूदगी दर्ज कएल

» मधुपुर मे पानि मे भेटल ई-कोलाई बैक्टीरिया

गेल। एकटा स्टेशन पर खानपान स्टॉलक आसपास सफाइ नहिछल। तीन स्टेशन पर पान-गुटखाक दाग भेटल, जखनकि दू प्रतीक्षालय आ एक फुट ओवरब्रिजअस्वच्छ पाओल गेल। कांड्रा मे तीन साल सं बेसी समय सं लटकल यात्री सुविधाक काज यात्री सुविधा सं जुड़ल निर्माण काजक धीमी गति सेहो रेलवेक कार्यप्रणाली पर सवाल ठाढ़ केनेअछि। कांड्रा स्टेशन पर प्लेटफॉर्मक स्तर बढ़ेब, वेटिंग हॉल, टॉयलेट आ प्लेटफॉर्म शेल्टर सं जुड़ल काज तीन साल सं बेसी समय सं लंबित पाओल गेल। मार्च 2024 धरि एकर भौतिकप्रगति 85 प्रतिशत छल। रेलवेक आधिकारिक दस्तावेज मे सेहो एहि परियोजना कें तीन साल सं बेसी विलंबित आ 85% पूरा बताओल गेल अछि। महालीमरूप स्टेशन पर फुट ओवरब्रिजक काज सेहो तीन साल सं लंबित पाओल गेल।

# मोतिहारी मे ग्रामीण बैंकक जनप्रतिनिधि समन्वय कार्यक्रम, 86 शाखाक प्रबंधक भेलाह शामिल

मोतिहारी , समदिया

## पंचायत सभक संग नीक तालमेल पर जोर



मोतिहारीक बापू सभागार मे मंगलदिन बिहार ग्रामीण बैंकक तत्वावधान मे जनप्रतिनिधि समन्वय कार्यक्रम आयोजित कएल गेल। एहि मे जिलाक विभिन्न पंचायतक जनप्रतिनिधिसभक संग बिहार ग्रामीण बैंकक सभ 86 शाखाक शाखा प्रबंधक शामिल भेलाह। कार्यक्रमक उद्देश्य बैंक आ पंचायतक बीच नीक समन्वय स्थापित कए ग्रामीण क्षेत्रक आर्थिक विकास कें गति देब छल। ग्रामीण अर्थव्यवस्था मजबूत करबाक लेल जोर कार्यक्रम मे बिहार ग्रामीण बैंकक महाप्रबंधक राजेश कुमार पांडेय मुख्य अतिथिक रूप मे शामिल भेलाह। ओ विभागीय बैठक आ जनप्रतिनिधि समन्वय कार्यक्रम कें संबोधित करैत बैंक दिस सं संचालित विभिन्न लाभकारी योजनाक जानकारी देलनि। ओ कहलनि जे ग्रामीण अर्थव्यवस्था कें मजबूत करबाक लेल बैंक आ ग्राम पंचायतक बीच नीक समन्वय आ साझेदारी जरूरी अछि। दूनू संस्था मिलि कए काज करय तं किसान, महिला, युवा आ स्वयं सहायता समूह धरि सरकारी योजनाक लाभ बेसी प्रभावी ढंग सं पहुंचाओल जा सकैत अछि। बैंकिंग सेवा कें गाम धरि पहुंचेबाक अपील क्षेत्रीय प्रबंधक मनीष कुमार बैंक आ पंचायतक बीच सहयोगात्मक संबंध कें आओर मजबूत करबाक लेल जोर देलनि। ओ जनप्रतिनिधि सभ सं ग्रामीण क्षेत्र धरि बैंकिंग सेवाक पहुंच बढ़ेबा मे सक्रिय सहयोगक अपील कएलनि। जनप्रतिनिधि सभ देलनि सुझाव कार्यक्रमक दौरान खुलल मंचक आयोजन सेहो कएल गेल। एहि मे विभिन्न पंचायतक मुखिया आ दोसर जनप्रतिनिधि सभ बैंकिंग सेवा कें सरल, पारदर्शी आ ग्रामीण हितक अनुरूप बनेबाक लेल अपन सुझाव रखलनि। बैंक अधिकारी सभ जनप्रतिनिधिसभक सुझाव पर सकारात्मक पहल करबाक भरोसा देलनि। जनप्रतिनिधि सभ कें कएल गेल सम्मानित कार्यक्रमक अंत मे शामिल सभ जनप्रतिनिधि कें सम्मान चिह्न दए सम्मानित कएल गेल। एहि अवसर पर पूर्वी चंपारण मुखिया संघक अध्यक्ष शशि भूषण सिंह सहित जिलाक विभिन्न पंचायतक मुखिया, जनप्रतिनिधि, बैंक अधिकारी आ सभ 86 शाखाक शाखा प्रबंधक मौजूद छलाह। कार्यक्रम सौहार्दपूर्ण वातावरण मे संपन्न भेल। एकरा ग्रामीण विकास लेल बैंक आ पंचायतक बीच नीक तालमेल स्थापित करबाक दिशा मे महत्वपूर्ण कदम मानल गेल।

# गयाजी मे जर्जर तार-ट्रांसफार्मरक भए रहल अछि जांच, गड़बड़ी पर तुरंत होयत मरम्मति

गया ,समदिया

## पितृपक्ष मेला कें लए बिजली विभागक तैयारी



गयाजी मे पितृपक्ष मेला-2026क तैयारी तेज भए गेल अछि। देश-विदेश सं लाखो श्रद्धालुक पहुंचबाक संभावना कें देखैत विद्युत विभाग तैयारी पूरा कए लेने अछि। एकर उद्देश्य मेला अवधिक दौरान श्रद्धालु आ स्थानीय नागरिक कें बिना कोनो बाधाक बिजली उपलब्ध करेनाइ अछि। विभागक ध्यान एहि बात पर अछि जे मेलाक दौरान बिजली आपूर्ति मे कोनो व्यवधान नहि आबय आ कोनो आकस्मिक स्थिति उत्पन्न भेलापर तत्काल ओकरा सं निपटल जा सकय। कार्यपालक अभियंता विनोद कुमार एहि तैयारी आ रखरखावक काजक लगातार निगरानी कए रहल छथि। हुनकर नेतृत्व मे अभियंता आ तकनीकी कर्मीसभक टीम प्रतिष्ठान आ मेला क्षेत्रक नियमित निरीक्षण कए रहल अछि। संभावित विद्युत समस्या बला क्षेत्र सभ कें चिह्नित कए आवश्यक कारबाइ कएल जा रहल अछि। पितृपक्ष मेलाक दौरान बिजलीक मांग बढ़बाक आशंका कें देखैत विभाग विद्युत नेटवर्क कें मजबूत करबाक अभियान चला रहल अछि। एहि अंतर्गत जर्जर तार, पोल, ट्रांसफार्मर, फीडर आ सब-स्टेशनक जांच कएल जा रहल अछि। जतय सेहो मरम्मत अथवा रखरखावक आवश्यकता अछि, ततय काज कराओल जा रहल अछि। बिजली बिल मे सुधार लेल शिविर सेहो लागल अछि विभागीय अधिकारीसभक मानब अछि जे मेलाक दौरान मजबूत बिजली व्यवस्था लेल मात्र नियमित आपूर्ति पर्याप्त नहि अछि, बल्कि वैकल्पिक आ बैकअप व्यवस्थाक तैयारी सेहो रहब आवश्यक अछि। एहि कें ध्यान मे राखैत संवेदनशील क्षेत्र सभ मे तैयारी कएल जा रहल अछि। विद्युत बिल मे सुधार लेल विशेष शिविर सेहो आयोजित कएल जा रहल अछि। विभागक अनुसार, एहि शिविर अंतर्गत एखन धरि 302 उपभोक्ताक आवेदन भेटल अछि आ हुनकर विद्युत बिल मे सुधारक प्रक्रिया सफलतापूर्वक कएल जा रहल अछि। ई शिविर 22 अगस्त धरि चलत। विभागक टेक्निकल टीम कए रहल अछि गश्त विभागक तकनीकी टीम मेला क्षेत्र आ आसपासक इलाका मे लगातार गश्त आ निरीक्षण कए रहल अछि। एकर उद्देश्य कोनो संभावित तकनीकी खराबीक समय रहैत पता लगेनाइ आ ओकरा पैघ समस्या बनय सं पहिने दूर करब अछि। विभागीय स्तर पर अधिकारी आ कर्मचारी सभ कें सतर्क रहबाक निर्देश देल गेल अछि। अनचोके बिजली आपूर्ति बाधित होय अथवा कोनो दोसर तकनीकी समस्या उत्पन्न होयबाक स्थिति मे शीघ्र कारबाइ लेल सेहो आवश्यक व्यवस्था तैयार कएल जा रहल अछि। विभागक प्रयास अछि जे कोनो आकस्मिक खराबी कें कम सं कम समय मे दूर कए बिजली आपूर्ति बहाल कएल जा सकय।

# पेपरलेस रजिस्ट्रीक विरोध मे डॉक्यूमेंट राइटरक हड़ताल, जमुई मे रजिस्ट्री कचहरीक काजकाज ठप

जमुई ,समदिया



जमुई मे जमीनक रजिस्ट्री प्रक्रिया कें पेपरलेस करबाक सरकारी निर्णयक विरोध मे दस्तावेज नवीस अनिश्चितकालीन हड़ताल पर चलि गेल छथि। बिहार दस्तावेज नवीस संघ सोसाइटी एक्ट 407/81क आह्वान पर ई हड़ताल शुरू कएल गेल अछि। मंगलदिन दिउस 2 बजे रजिस्ट्री कचहरी मे दस्तावेज नवीस सभ जमीनक रजिस्ट्री सं संबंधित सभ काज बंद कए देलनि। ओ सभ सरकारक एहि निर्णयक विरोध करैत स्पष्ट कएलनि जे जखन धरि पेपरलेस व्यवस्था वापस नहि लेल जाइत अछि, तखन धरि हड़ताल जारी रहत। आंदोलन जारी रखबाक चेतावनी जमुई मे ई आंदोलन अध्यक्ष अनिल कुमार वर्मा आ सचिव मनोज कुमार सिन्हाक नेतृत्व मे शुरू भेल। अध्यक्ष अनिल कुमार वर्मा कहलनि जे 17 अगस्त सं पूरा बिहार मे पेपरलेस व्यवस्थाक विरोध मे अनिश्चितकालीन हड़ताल चलि रहल अछि। ओ

## आंदोलन जारी रखबाक घोषणा

कहलनि जे दस्तावेज लेखक सरकारक एहि नव नीतिक अंतर्गत काज नहि करताह। वर्मा जोर दैत कहलनि जे जखन धरि सरकार अपन निर्णय वापस नहि लैत अछि, तखन धरि आंदोलन जारी रहत। रजिस्ट्री कचहरी मे दिन भरि सन्नाटा ओ ईहो कहलनि जे आगूक आंदोलनक रणनीति महासंघक निर्देश अनुसार तय कएल जाएत। दस्तावेज नवीससभक हड़तालक कारण रजिस्ट्री कचहरी मे दिन भरि सन्नाटा पसरल रहल। जमीनक रजिस्ट्री कराबय पहुंचल विक्रेता आ खरीदार सेहो ततय नहि देखल गेलाह। दस्तावेज नवीस कार्यालय परिसर मे शांतिपूर्वक बैसि सरकारक निर्णयक विरोध करैत रहलाह।

# सिकटा प्रखंड मुख्यालय कें जोड़यबला रोडक मरम्मतिक मांग

बेतिया,समदिया

## बेतिया के महेशड़ा गांव मे जर्जर सड़क सं ग्रामीण परेशान



बेतियाक सिकटा प्रखंड अंतर्गत पुरैना पंचायतक महेशड़ा गांव मे मुख्य सड़कक बदहाली कें लए ग्रामीण सभ प्रदर्शन कएलनि। सड़क पर पैघ-पैघ खद्धा होयबाक कारण आवागमन मे बहुत परेशानी भए रहल अछि आ बेर-बेर दुर्घटना सेहो घटि रहल अछि। ग्रामीणसभक कहब अछि जे ई सड़क लगभग 15 हजारक आबादीबला गांव लेल अत्यंत महत्वपूर्ण अछि। ई मुख्य मार्ग महेशड़ा गांव कें सिकटा प्रखंड मुख्यालय सं जोड़ैत अछि। प्रतिदिन पैघ संख्या मे लोक एहि सड़क सं बाजार, अस्पताल, स्कूल, कॉलेज आ प्रखंड कार्यालय सहित दोसर जरूरी स्थान पर जाइत छथि। लंबा समय सं जर्जर अछि सड़क ग्रामीण सभ आरोप लगौलनि जे सड़क बहुत दिन सं जर्जर अछि, मुदा जिम्मेदार जनप्रतिनिधि आ अधिकारी सभ द्वारा एकर मरम्मत लेल कोनो ठोस कदम नहि उठाओल गेल अछि। हुनकर कहब अछि जे चुनावक समय नेता विकासक पैघ-पैघ वादा करैत छथि, मुदा चुनावक बाद ओकरा बिसरि जाइत छथि। सड़कक खराब स्थिति सं वाहन चालक कें हर समय दुर्घटनाक डर बनल रहैत अछि। खास कए राति मे गड्ढाक कारण हादसाक आशंका बढ़ि जाइत अछि। ग्रामीण सभ प्रशासन आ संबंधित विभाग सं सड़कक तत्काल जांच कए शीघ्र निर्माण अथवा मरम्मत करबाक मांग कएलनि। समाधान नहि भेलापर आंदोलनक चेतावनी ग्रामीण सभ चेतावनी देलनि जे जं शीघ्र सड़कक समस्या समाधान नहि कएल गेल तं ओ सभ पैघ स्तर पर आंदोलन करबाक लेल बाध्य होयताह। जर्जर सड़कक संबंध मे स्थानीय मुखिया ओबर आलम कहलनि जे शिकायत जिला स्तर धरि कए देने छी, मुदा कोनो अधिकारी अथवा पैघ नेता समस्या सुनबाक लेल एखन धरि नहि पहुंचल छथि।

# राजा बाजार अंडरपास लग सड़क कराओल गेल खाली, वैकल्पिक स्थान पर दोकान लगेबाक निर्देश

जहानाबाद,समदिया

## जहानाबाद मे अतिक्रमण पर चलल प्रशासनक बुलडोजर



जहानाबाद नगर परिषद प्रशासन बुध दिन भोर मे राजा बाजार अंडरपास लग अतिक्रमणक विरुद्ध पैघ कारबाइ कएलक। जेसीबीक मदति सं सड़कक कात मे लागल ठेला, सब्जीक दोकान आ दोसर अस्थायी अतिक्रमण हटाओल गेल। एहि कारबाइ सं अतिक्रमण कएनिहार लोक मे हड़कंप मचि गेल। बताओल गेल जे अंडरपासक लग पैघ संख्या मे सब्जी विक्रेता आ ठेला संचालक दोकान लगा रहल छलाह। एहि सं सड़कक एकटा पैघ हिस्सा बाधित भए रहल छल, जाहि कारण राहगीर आ वाहन चालक कें आवागमन मे बहुत परेशानी भए रहल छल। लगातार बढ़ैत अतिक्रमणक कारण एतय बेर-बेर जामक स्थिति सेहो बनि जाइत छल। वैकल्पिक स्थान पर दोकान लगाबयक निर्देश जिला पदाधिकारीक निर्देश पर नगर परिषद पहिने सेहो अतिक्रमण कएनिहार लोक कें सड़क सं हटबाक निर्देश देने छल। ठेला लगेनिहार दोकानदार सभ कें निर्धारित वैकल्पिक स्थान पर दोकान लगाबय लेल कहल गेल छल। मुदा नगर परिषदक कर्मचारीसभक अनुसार, निर्देश देलाक बावजूद कतेको लोक फेर अंडरपासक लगहि ठेला आ दोकान लगाबय लगल छलाह। सड़क कें कराओल जा रहल अछि अतिक्रमणमुक्त बुधदिन नगर परिषदक टीम जेसीबीक संग घटनास्थल पर पहुंचल आ सड़कक कात कएल गेल अतिक्रमण हटेनाइ शुरू कएलक। कर्मचारी सभ कहलनि जे अंडरपासक लग अतिक्रमणक कारण कखनो कोनो अप्रिय घटना भए सकैत अछि। यातायात व्यवस्था कें सुचारु राखबाक आ आम लोकक सुरक्षा सुनिश्चित करबाक लेल सड़क कें पूरा तरहे अतिक्रमणमुक्त कराओल जा रहल अछि। कारबाइक दौरान नगर परिषदक टीम ठेला लगेनिहार दोकानदार सभ सं जुर्माना सेहो वसूल कएलक। कर्मचारी सभ स्पष्ट कएलनि जे निर्धारित स्थानक बदला मे सड़क पर फेर ठेला अथवा दोकान लगेनिहार लोक विरुद्ध आगू सेहो सख्त कारबाइ कएल जाएत। प्रशासनक एहि पहलाक बाद सड़क पर आवागमन सुचारु होयबाक उम्मीद अछि।

## विविध

# शरीर मे आयरनक कमी कें नहि अनठियाबी, बढ़ि सकैत अछि एनीमियाक खतरा




शरीर मे होयबला प्रत्येक छोट समस्या कें हम अक्सर थकान, बेसी काज अथवा नीनक कमी सं जोड़ि दैत छी। खास कए कमजोरी, चक्कर आयब अथवा किछु दूर चललाक बाद सांस फूलब जेहन समस्या कें लोक सामान्य मानि लैत छथि। मुदा कतेको बेर एहि समस्याक पाछू शरीर मे कोनो जरूरी पोषक तत्वक कमी भए सकैत अछि। आयरन सेहो एहनहि जरूरी पोषक तत्व अछि, जकर कमी धीरे-धीरे शरीर पर प्रभाव पड़ि सकैत अछि। आयरन हमर शरीर लेल एहि लेल जरूरी अछि, किएक तं एकर मदति सं हीमोग्लोबिन बनैत अछि। हीमोग्लोबिन रक्त मे मौजूद एकटा जरूरी हिस्सा अछि, जे फेफड़ा सं ऑक्सीजन लए शरीरक अलग-अलग भाग धरि पहुंचबैत अछि। जं शरीर मे आयरन कम भए जाए तं हीमोग्लोबिन सेहो कम भए सकैत अछि। आयरनक कमी मे व्यक्ति कें हर समय थकान महसूस होइत अछि। थोड़ा काज कएलाक बादे कमजोरी बुझाइत अछि। कतेको बेर सीढ़ी चढ़ला अथवा तेज चलला पर सांस सेहो फूलय लगैत अछि। जं आयरनक कमी बहुत दिन धरि बनल रहय तं ई एनीमियाक कारण भए सकैत अछि। आयरनक कमी ककरो सेहो भए सकैत अछि, मुदा किछु स्थिति मे एकर खतरा बढ़ि जाइत अछि। बच्चा आ किशोरक शरीर मे विकासक दौरान आयरनक आवश्यकता बढ़ैत अछि। ओतहि मासिक धर्मक दौरान बेसी रक्तस्राव होयबला महिला सभ मे सेहो आयरनक कमी होयबाक खतरा रहैत अछि। गर्भावस्थाक दौरान सेहो शरीर कें बेसी आयरनक आवश्यकता होइत अछि। तहिना जं भोजन मे आयरनबला चीज पर्याप्त मात्रा मे शामिल नहि अछि तं सेहो एकर कमी भए सकैत अछि। किछु लोक कें पेट अथवा आंत सं जुड़ल बेमारी होइत अछि, जाहि कारण भोजन कएलाक बाद आयरन शरीर मे नीक सं नहि पहुंचि पबैत अछि। एहन मामिला मे सेहो आयरनक कमी भए सकैत अछि। बेर-बेर रक्तदान करबाक अथवा कोनो ऑपरेशनक दौरान बेसी रक्त निकललाक बाद सेहो शरीर मे आयरन कम भए सकैत अछि। जं बेर-बेर आयरनक कमी देखाइ पड़ि रहल अछि तं डॉक्टर सं सलाह लेब जरूरी अछि। आयरनक कमीक लक्षण जानब बहुत जरूरी अछि। सब सं पहिने लगातार थकान आ कमजोरी महसूस होइत अछि। आराम कएलाक बादो शरीर मे ऊर्जा कम बुझाइत अछि। एकर अतिरिक्त चक्कर आयब, माथ दर्द, सांस फूलब आ काज करैत समय शीघ्र थकि जायब सेहो एकर संकेत भए सकैत अछि। किछु लोक कें कोनो काज पर ध्यान केंद्रित करय मे कठिनाइ भए सकैत अछि। आयरनक कमीक प्रभाव शरीरक बाहर सेहो देखाइ पड़ि सकैत अछि। त्वचा पहिने सं बेसी पीयर देखाइ पड़ैत अछि, बाल बेसी खसैत अछि आ नह कमजोर भए शीघ्र टूटि जाइत अछि। किछु लोक कें हाथ-पैर ठंढ रहबाक शिकायत सेहो भए सकैत अछि। मुदा एहि सभ लक्षणक अर्थ ई नहि अछि जे व्यक्ति कें आयरनक कमीए अछि। दोसर स्वास्थ्य समस्या मे सेहो एहन लक्षण देखाइ पड़ि सकैत अछि। जं बहुत दिन सं थकान, कमजोरी, चक्कर अथवा सांस फूलबाक जेहन समस्या भए रहल अछि तं एकरा नजरअंदाज नहि करू। डॉक्टर सं सलाह लए जरूरी जांच करेनाइ नीक रहत।

# फ्लू कें हल्का मे लेब पड़ि सकैत अछि भारी, बेमारी मे बिसरियो कए नहि करी ई गलती



मौसिम बदललाक संग सर्दी, खांसी आ बोखार जेहन समस्या सामान्य भए जाइत अछि। एहि मे सं एकटा फ्लू अछि। ई वायरस सं होयबला एक प्रकारक संक्रमण अछि, जे नाक आ गला संग- संग फेफड़ा पर सेहो असर करैत अछि। कतेको बेर फ्लूक लक्षण एतेक सामान्य होइत अछि जे लोक एकरा मामूली सर्दी-जुकाम बुझि लैत छथि आ अपन इच्छा सं दवा लेब शुरू कए दैत छथि। इएह छोट-छोट गलती कतेको बेर बेमारी कें बढ़ा सकैत अछि। फ्लू भेलाक बाद शरीर कें वायरस सं लड़बाक लेल आराम, पानि आ नीक भोजनक आवश्यकता होइत अछि। एहन स्थिति मे किछु बातक ध्यान राखब बहुत जरूरी अछि। फ्लू मे अनचोके बोखार भए सकैत अछि। एकरा संग खांसी, गला मे पीड़ा, माथ दर्द, शरीर मे पीड़ा आ बहुत बेसी थकान महसूस भए सकैत अछि। किछु लोक कें भूख सेहो कम लागि सकैत अछि। सामान्य रूप सं कतेको लोक घर मे आराम कएलाक बाद ठीक भए जाइत छथि, मुदा प्रत्येक व्यक्तिक स्थिति एक समान नहि होइत अछि। जं बोखार बहुत बेसी हो, सांस लेब मे कठिनाइ हो, छाती मे पीड़ा हो, बहुत बेसी कमजोरी महसूस हो अथवा स्वास्थ्य लगातार बिगड़ैत जाए तं डॉक्टर सं सलाह लेब जरूरी अछि। छोट बच्चा, बुजुर्ग, गर्भवती महिला आ पहिनहि सं कोनो बेमारी सं पीड़ित लोक कें फ्लू मे विशेष सावधानी रखबाक चाही। फ्लूक दौरान बोखार आ पसीना निकलला सं शरीर मे पानिक कमी भए सकैत अछि। बेमारी मे कतेको लोक कें पानि पीबाक इच्छा कम होइत अछि। एहन स्थिति मे शरीर मे पानिक कमी भए सकैत अछि आ कमजोरी बेसी महसूस होय लगैत अछि। तें दिन भरि किछु-किछु विराम पर पानि पीबैत रहू। सूप, नारियल पानि आ दोसर तरल पदार्थ सेहो लेल जा सकैत अछि। जं उल्टी अथवा दस्त सेहो भए रहल हो तं शरीर मे पानि आ नमकक कमी शीघ्र भए सकैत अछि। एहन स्थिति मे डॉक्टर सं सलाह लेब जरूरी अछि। चाय आ कॉफी कें पानिक विकल्प नहि बनाउ। शरीर कें सब सं बेसी आवश्यकता सामान्य पानि आ उचित तरल पदार्थक होइत अछि। फ्लू भेलाक बाद शरीर भीतर सं वायरस सं लड़ि रहल होइत अछि। तें ओहि समय बेसी काज कएलाक बाद थकान बढ़ि सकैत अछि। जं बोखार आ शरीर मे पीड़ा अछि तं आराम करब बेसी जरूरी अछि। पर्याप्त नीन लेला सं शरीर कें अपना कें संभारबाक समय भेटैत अछि। बेमारीक दौरान दोसर लोक सं किछु दूरी बनाकए राखब सेहो जरूरी अछि, किएक तं फ्लू एक व्यक्ति सं दोसर व्यक्ति धरि पसरि सकैत अछि। खांसैत अथवा छींकैत समय मुंह आ नाक कें ढाकि राखू आ हाथ साफ राखू। फ्लू मे भोजन करबाक इच्छा कम भए जाइत अछि। एकरा बावजूद बहुत समय धरि भोजन छोड़ि देब उचित नहि अछि। शरीर कें बेमारी सं लड़बाक लेल शक्तिक आवश्यकता होइत अछि। तें एक संग बहुत बेसी भोजन करबाक बदला मे किछु-किछु मात्रा मे भोजन करब नीक होइत अछि। दाल, अंडा, दूध, दही आ पनीर जेहन प्रोटीनयुक्त भोजनक संग फल आ हरियर सब्जी सेहो आहार मे शामिल करू। खिचड़ी, दलिया अथवा हल्का भोजन सेहो लेल जा सकैत अछि। विटामिन आ दोसर जरूरी पोषक तत्व शरीर कें सामान्य रूप सं काज करय मे मदति करैत अछि। मुदा कोनो एकटा विटामिनक बेसी मात्रा लेला सं फ्लू तुरंत ठीक नहि होइत अछि। फ्लू वायरसक कारण होइत अछि, तें प्रत्येक रोगी कें एंटीबायोटिकक आवश्यकता नहि होइत अछि। एंटीबायोटिक एहन दवा अछि, जे बैक्टीरिया सं होयबला संक्रमण मे काज करैत अछि। वायरस पर एकर सीधा प्रभाव नहि होइत अछि। तइयो कतेको लोक डॉक्टर सं पूछने बिना एंटीबायोटिक लेब शुरू कए दैत छथि। एहन करब नोकसानदायक भए सकैत अछि।

# शहजाद भट्टी के अछि, जकर नेटवर्कक नाम गृहमंत्री अमित शाह आ एनआईए लए रहल अछि?







**नई दिल्ली, एजेंसी**

गृहमंत्री अमित शाह सोमदिन अपन एक्स अकाउंट पर जारी एक बयान मे कहलनि जे मोदी सरकार स्वतंत्रता दिवस सं पहिने पाकिस्तानक खुफिया संस्था आईएसआई समर्थित कथित चरमपंथी संगठन शहजाद भट्टी नेटवर्क कें समाप्त कए देने अछि। गृहमंत्रीक अनुसार, एहि नेटवर्कक 200 सं बेसी कार्यकर्ताक गिरफ्तारी कएल गेल अछि आ संगठन द्वारा कएल जाए बला विध्वंसकारी हमलाक योजना कें विफल कए देल गेल अछि। हालांकि, ई पहिल बेर नहि अछि जखन भारतीय अधिकारी देश मे अरतंकवादी गतिविधिक संदर्भ मे शहजाद भट्टी नेटवर्क नामक उल्लेख केने छथि।

### शहजाद भट्टी पर की आरोप अछि?

एक्स पर जारी बयान मे अमित शाह कहलनि जे भारतीय सुरक्षा बल 14 राज्य मे अलग-अलग ठाम समन्वित अभियान चला कए पाकिस्तानक खुफिया संस्था आईएसआई द्वारा समर्थित आतंकी संगठन शहजाद भट्टी नेटवर्क कें ध्वस्त कए देलक अछि। ओ एकरा आतंकवादक विरुद्ध भारतक जीरो टॉलरेंस नीतिक उदाहरण बतौलनि। गृहमंत्रीक अनुसार, अभियानक क्रम मे भारी मात्रा मे हथियार आ गोला-बारूद बरामद कएल गेल, जाहि मे पाकिस्तान ऑर्डिनेंस फैक्ट्रीक

**गृहमंत्रीक अनुसार, एहि नेटवर्कक 200 सं बेसी कार्यकर्ताक गिरफ्तारी कएल गेल अछि**

निशान बला हैंड ग्रेनेड, पिस्तौल, कारतूस आ जासूसी मे उपयोग होइत सीसीटीवी कैमरा शामिल अछि। 9 जून कें भारतक राष्ट्रीय जांच एजेंसी (एनआईए) शहजाद भट्टी नेटवर्कक विरुद्ध कारबाइ संबंधी बयान जारी केने छल। एनआईएक अनुसार, कथित चरमपंथी शहजाद भट्टी सं जुड़ल गैंगस्टर नेटवर्कक विरुद्ध पंजाब आ हरियाणाक नौ जिलाक 18 ठाम पर छापेमारी कएल गेल। एहि क्रम मे कतेको लोक सं पूछताछ सेहो कएल गेल। जांच एजेंसी कहलक जे छापेमारी मे डिजिटल उपकरण आ दस्तावेज जब्त कएल गेल। एकरा अतिरिक्त अलग-अलग संचार माध्यम, आर्थिक लेन-देन आ मामिला सं जुड़ल लोकक गतिविधिक संबंध मे सेहो जानकारी जुटाओल गेल। एनआईएक दावा अछि जे मार्च 2025 मे पंजाबक जालंधर शहर मे सोशल मीडिया इन्फ्लुएंसर रोजर संधूक घर पर भेल ग्रेनेड हमलाक मामिला मे शहजाद भट्टीक संलिप्तता सामने आयल अछि।

अप्रैल 2026 मे एहि मामिला मे ओकरा भगोड़ा आरोपी घोषित कएल गेल। एनआईएक अनुसार, नवंबर 2025 मे हरियाणाक सिरसा जिला महिला थाना आ जनवरी 2026 मे अंबाला जिलाक बलदेव नगर थाना मे भेल विस्फोटक घटनाक कथित मास्टरमाइंड सेहो शहजाद भट्टी छल। 11 जुलाई कें जारी एकटा दोसर बयान मे एनआईए कहलनि जे अंबालाक बलदेव नगर थाना परिसरक पार्किंग मे भेल कार बम विस्फोट मामिला मे शहजाद भट्टी सहित आठ लोकक विरुद्ध आरोपपत्र दाखिल कएल गेल अछि। आरोपपत्र मे करमजीत सिंह उर्फ टोनी, आकाश, सोरिब उर्फ सोबी उर्फ सौरभ, रमन कुमार, सत्यम, सुखदेव सिंह उर्फ सुखा आ अमरजीत सिंह उर्फ अंबी सहित आठ आरोपीक नाम अछि। एनआईएक दावा अछि जे शहजाद भट्टी भारत मे अपन स्थानीय नेटवर्क तैयार केने छल। पुलिस ठिकाना पर हमला करबाक लेल रसद उपलब्ध करेनाइ आ विस्फोटकक व्यवस्था करबाक जिम्मेदारी स्थानीय लोक कें देल गेल छल।

एजेंसीक अनुसार, आकाश भारत मे शहजाद भट्टीक मुख्य संपर्क छल आ दोसर आरोपितक संग हमला करबाक योजना आ समन्वयक जिम्मेदारी ओकरा देल गेल छल। जांच मे इहो बात सामने आयल जे शहजाद भट्टी सोशल मीडिया प्लेटफॉर्म आ गुप्त संचार माध्यम द्वारा लोक कें भर्ती करैत छल आ ओकरा आतंकी विचारधारा दिस प्रेरित करैत छल।

### आईएसआई सं संबंधक आरोप सं केलक मना

बीबीसी उर्दू शहजाद भट्टी सं भारतीय अधिकारी द्वारा लगाओल गेल आरोप पर प्रतिक्रिया लेबाक प्रयास कएलक, मुदा रिपोर्ट तैयार होए धरि ओकर कोनो जवाब नहि भेटल। 19 जुलाई कें टिकटॉक आ फेसबुक पर जारी एक वीडियो मे शहजाद भट्टी भारत सरकार आ गृहमंत्री अमित शाह द्वारा लगाओल गेल सभ आरोप सं मना केने छथि। 23 जूनक एक वीडियो मे अपना कें शहजाद भट्टी बताबय वला व्यक्ति कहलक जे भारत मे ओकर नाम सं लोकक गिरफ्तारीक जे खबरि आबि रहल अछि, से झूठ अछि। ओ कहलनि जे जं हुनका विरुद्ध कोनो प्रमाण अछि तं ओ सार्वजनिक कएल जाय। ओ इहो दावा कएलक जे भारत मे किछु लोक ओकरा लेल काज करैत छथि, मुदा ई काज कोन प्रकारक अछि, तकर जानकारी नहि देलक। आईएसआई सं संबंधक आरोप पर ओ कहलक जे जं ओ पाकिस्तानी खुफिया एजेंसीक कर्मचारी होइत तं छह वर्ष धरि पाकिस्तान सं बाहर नहि रहैत। ओ अपना कें एजेंसीक कर्मचारी होयबाक आरोप सं सेहो मना कएलक।

### लॉरेंस बिश्नोई सं संबंधक दावा

शहजाद भट्टी एकटा दोसर वीडियो मे भारतीय गैंगस्टर लॉरेंस बिश्नोई सं अपन पुरान संबंधक दावा केने अछि। ओ कहलक जे सिद्धू मूसेवाला हत्याक घटना आ अपन संग काज करय बला लोकक प्रति लॉरेंस बिश्नोईक व्यवहारक कारण दुनू मे संबंध समाप्त भए गेल। किछु भारतीय सोशल मीडिया उपयोगकर्ता आ पत्रकारक दावा अछि जे शहजाद भट्टी संयुक्त अरब अमीरात मे रहैत अछि। 4 जुलाई कें ओकर टिकटॉक अकाउंट पर पोस्ट भेल एक वीडियो मे ओकरा दुबईक एकटा रेस्टोरेंट मे बैसल देखल गेल। ओकर कतेको तस्वीर आ वीडियो दुबईक अलग-अलग ठामक सेहो अछि।

शहजाद भट्टीक कतेको वीडियो आ तस्वीर मे ओकरा जमीयत उलेमा-ए-इस्लाम (एफ)क नेता फारुख इम्तियाज खोखरक संग सेहो देखल गेल अछि। फारुख इम्तियाज खोखर पाकिस्तानक रावलपिंडी आ इस्लामाबादक प्रभावशाली खोखर परिवार सं जुड़ल छथि। 14 जुलाई 2026 कें रावलपिंडीक एकटा न्यायालय फारुख इम्तियाज खोखर आ दू अन्य आरोपित कें माजिद सत्ती हत्या मामिला मे आजीवन कारावासक सजा सुनौलक। हालांकि, शहजाद भट्टीक विरुद्ध भारतीय एजेंसी द्वारा लगाओल गेल आरोपक स्वतंत्र पुष्टि नहि भेल अछि। भारतीय अधिकारी जे आरोप लगौने छथि, तकर जवाब मे भट्टी लगातार एहि आरोप सं मना करैत आएल छथि।

# मिथिला नव चेतना समितिक चेतना समारोह-2026 आयोजित

**हुगली, समदिया**

मिथिला, मैथिली भाषा-साहित्य आ सांस्कृतिक चेतनाक संरक्षण-संवर्धन लेल निरंतर सक्रिय मिथिला नव चेतना समिति, रिषड़ा द्वारा 15 अगस्त 2026 कें स्वतंत्रता दिवसक अवसर पर वार्षिक चेतना समारोह-2026 अपन मिथिला भवन सभागार, रिषड़ा मे हर्षोल्लास आ साहित्यिक-सांस्कृतिक वातावरण मे आयोजित कयल गेल। समिति रिषड़ा, जिला हुगली मे अपन अढाइ कट्ठा जमीन पर दू तल्लाक मिथिला भवन निर्मित केने अछि, जतय ई संपूर्ण कार्यक्रम संपन्न भेल। समारोहक शुभारंभ भोर 10 बजे समितिक वरिष्ठ एवं संस्थापक सदस्य राजेंद्र झाक कर-कमल सं राष्ट्रीय ध्वजारोहणक संग भेल। उपस्थित सदस्य आ अतिथिगण राष्ट्रक प्रति श्रद्धा प्रकट कयलनि। पूर्वाह्न 11 बजे वार्षिक आम समारोहक प्रथम सत्र समितिक अध्यक्ष कालीकांत मिश्रक अध्यक्षता मे आरंभ भेल। सत्र मे विगत वर्षक गतिविधि, उपलब्धि, सांगठनिक कार्य आ आगामी योजनापर विस्तार सं चर्चा भेल। समितिक आय-व्ययक विवरण सेहो प्रस्तुत कयल गेल। एहि अवसर पर नव कार्यकारिणीक घोषणा कएल गेल, जाहि मे पुनः कालीकांत मिश्र अध्यक्ष, रंजीत कुमार झा सचिव



आ तपेश्वर चौधरी कोषाध्यक्ष निर्वाचित/मनोनीत भेलाह। दोसर सत्र मे समितिक स्मारिका नव चेतनाक 11म अंकक विमोचन भेल। एकर संपादन साहित्यकार डॉ. अनमोल झा केने छथि। कार्यक्रमक शुभारंभ कवि कोकिल विद्यापति रचित भगवती वंदना जय जय भैरवि...क स्तुति-गायन सं भेल। एहि सत्रक अध्यक्षता वरिष्ठ कवि लक्ष्मण झा सागर कयलनि। वैचारिक सत्र मे मिथिला-मैथिली आ कोलकाता मे मैथिली भाषा-साहित्यक वर्तमान स्थिति, संरक्षण, नव पीढ़ीक सहभागिता आ साहित्यिक गतिविधिक निरंतरतापर विमर्श भेल। अपराह्न 4 बजे डिजिटल युग मे भाषा ओ साहित्य : अवसर आ चुनौती विषय पर तेसर सत्र आयोजित भेल। गंगा झाक अध्यक्षता मे रूपेश त्योथ, संतोष मिश्र आ रोशन चौधरी डिजिटल माध्यम मे मैथिली भाषा-साहित्यक विस्तार, नव पाठक धरि पहुंच, दस्तावेजीकरणक अवसर तथा भाषिक शुद्धता आ गुणवत्तापूर्ण सामग्रीक चुनौतीपर अपन विचार रखलनि। सांझ 5 बजे कवि सम्मेलनक आयोजन भेल। पवन कुमार झा गुमनाम फरिश्ता, लखनपति झा, विजय इस्सर, अशोक झा भोली, भवनाथ झा, कामेश्वर झा कमल, शैल झा सागर आ रंजीत कुमार झा अपन-अपन रचनाक पाठ कयलनि। संपूर्ण कार्यक्रमक संचालन समितिक सचिव रंजीत कुमार झा कयलनि। अंत मे वरिष्ठ संस्थापक

**कार्यक्रम मे विभिन्न मुद्दा पर कएल गेल विचार-विमर्श**

सदस्य बद्री नाथ झा धन्यवाद ज्ञापन कयलनि। आयोजन कें सफल बनयबा मे रोशन झा आ दीपक कुमार झाक विशेष सहयोग रहल। मिथिला नव चेतना समिति सामाजिक, सांस्कृतिक, साहित्यिक आ धार्मिक गतिविधिक लेल विशिष्ट रूप सं सक्रिय अछि। विशेष रूप सं कोलकाता आ उपनगरीय क्षेत्र मे कतेको बरख सं मैथिली पत्र-पत्रिका अथवा स्मारिकाक प्रकाशनक अभावक बीच समितिद्वारा नव चेतना स्मारिकाक निरंतर प्रकाशन मैथिली भाषा-साहित्यक संरक्षण आ संवर्धनक महत्वपूर्ण प्रयास अछि। स्वतंत्रता दिवसक अवसर पर आयोजित चेतना समारोहझ2026 राष्ट्रीय चेतना, सांगठनिक सक्रियता, साहित्यिक विमर्श आ सांस्कृतिक अभिव्यक्तिक सुंदर संगम बनल। अपन मिथिला भवन मे आयोजित ई समारोह मैथिली भाषा-साहित्य आ संस्कृतिक नव पीढ़ी धरि पहुंचाबयक सामूहिक संकल्प कें सेहो सुदृढ़ कयलक।

## महुआ मोइत्राक बढ़ल परेशानी गिरफ्तारी वारंट जारी

**कोलकाता, एजेंसी।** पश्चिम बंगालक नदिया जिलाक कृष्णानगर न्यायालय बुधदिन तृणमूल कांग्रेसक सांसद महुआ मोइत्राक विरुद्ध गिरफ्तारी वारंट जारी कए देलक। कथित भड़काऊ भाषण सं जुड़ल मामिला मे अदालतक समन आ पेश होयबाक आदेशक बेर-बेर उल्लंघनक बाद ई कठोर डेग उठाओल गेल। न्यायालय वारंटक तामील संबंधी रिपोर्ट 28 अगस्त धरि प्रस्तुत करबाक निर्देश सेहो देलक अछि। महुआ मोइत्रा पर महिलाक अपमान करबाक आ घृणा पसरायबला भाषण देबाक आरोप अछि। एहि मामिला मे न्यायालय पहिने सेहो हुनका कतेको बेर समन पठौने छल, मुदा ओ कोनो सुनवाइ मे उपस्थित नहि भेलथि। न्यायिक



मजिस्ट्रेट मंगलदिन स्पष्ट निर्देश देने छलाह जे मोइत्रा बुधदिन स्वयं न्यायालय मे उपस्थित होथि। मुदा ओ अदालत नहि पहुंचलीह, जाहि कारणें गिरफ्तारी वारंट जारी करबाक आदेश देल गेल। न्यायालय अपन आदेश मे कहलक जे न्यायालयक बेर-बेर देल गेल आदेशक लगातार अवहेलना सं स्पष्ट अछि जे न्यायालयक निर्देश पालनक प्रति पूर्ण रूप सं लापरवाह छथि। एहन स्थिति मे गिरफ्तारी वारंट जारी करबाक अतिरिक्त दोसर कोनो विकल्प नहि बचैत अछि। न्यायालय मे महुआ मोइत्राक वकील आशंका व्यक्त कएलनि जे जं सांसद पेश होयबाक लेल अबैत छथि तं हुनका संग दुर्व्यवहार भए सकैत अछि। मुदा वकीलक एहि दलीलक बादो न्यायालय अपन निर्णय पर कायम रहल आ गिरफ्तारी वारंट जारी कए देलक।

## बाबा जी, हमर जवानी वा बेडरूमक सपना नहि देखू : कंगना





**नई दिल्ली, एजेंसी**

योगगुरु बाबा रामदेव आ भाजपा सांसद तथा अभिनेत्री कंगना रनौतक बीच बयानबाजी तेज भए

**कंगना रनौत बाबा रामदेव कें देलनि जवाब**

गेल अछि। कंगनाक गटर जेनरेशन बला बयान पर निशाना साधनिहार बाबा रामदेव कें आब अभिनेत्री पलटवार केने छथि। कंगना कहलनि जे बाबा जी हमर जवानी वा बेडरूमक विषय मे दिन मे सपना नहि देखू। हुनकर ई प्रतिक्रिया रामदेवक ओहि बयानक बाद आयल अछि, जाहि मे ओ कंगनाक नेनपन, जवानी आ पूर्वक कारनामाक चर्चा केने छलाह। कंगना इंस्टाग्राम स्टोरीक माध्यम सं बाबा रामदेव कें जवाब दैत लिखलनि जे बाबा जी, हमर जवानी वा बेडरूमक विषय मे दिन मे सपना नहि देखू। मात्र अफवाह आ गप-सपक आधार पर कोनो निष्कर्ष निकालल जा सकैत अछि। मुदा कम-सं-कम हमरा ठोस तथ्यपर आधारित झूठ आ भ्रामक चिकित्सकीय दावाक मामिला मे सर्वोच्च न्यायालयक फटकार नहि भेटल अछि। कंगना आगू कहलनि जे एहि कारण हुनका चरित्रक पाठ नहि पढ़ाओल जाय। हुनकर कहब छल जे हुनकर चरित्र बाबा रामदेवक चरित्र सं बेसी नीक अछि। असल मे एक टीवी चैनल कें देल एकटा साक्षात्कार मे बाबा रामदेव कंगनाक गटर जेनरेशन बला बयानक आलोचना केने छलाह। ओ कहलनि जे संपूर्ण जेन जी कें गटर कहनाइ बिगड़ल मानसिकताक परिचायक अछि आ ई गलत बात अछि। हुनकर अनुसार, एहि विषयपर भाजपा कें सेहो संज्ञान लेबाक चाही। रामदेव कहलनि जे युवा अपना मे बहुत पैघ शक्ति छथि आ हुनका नकारल नहि जा सकैत अछि। युवा मे किछु नकारात्मक तत्व भए सकैत अछि, मुदा देश कहियो ओकरा स्वीकार नहि करैत अछि।

**की अछि गटर जेनरेशन विवाद? :** जंतर-मंतर पर भेल छात्र आंदोलनक दौरान कंगना रनौत जेन जीक विषय मे विवादित टिप्पणी केने छलथि। जुलाइ मे सोशल मीडिया पर किछु पोस्टक माध्यम सं ओ किछु जेन जी प्रदर्शनकारी आ युवा महिला कें गटर जेनरेशन कहने छलथि। एहि बयानक विपक्षी दल आ लोक सभ दिस सं कड़ा विरोध भेल छल।

# अमेरिका पर जोरदार हमला करबाक योजना बना रहल अछि ईरान

**नई दिल्ली, एजेंसी**

ईरान आ अमेरिकाक बीच चलि रहल युद्ध सं पूरा मध्य-पूर्व मे तनाव बनल अछि। समझौता भेलाक बादो दुनू देशक बीच बीच-बीच मे हमला जारी अछि। आब ईरान अमेरिका कें मुंहतोड़ जवाब देबाक तैयारी मे जुटि गेल अछि। फाइनेंशियल टाइम्सक रिपोर्टक अनुसार, जं अमेरिकी राष्ट्रपति डोनाल्ड ट्रंप युद्ध कें आरो बढ़बैत छथि तं ईरान यूरोप मे उपस्थित अमेरिकी सैन्य ठिकाना आ सैन्य संसाधन पर हमला कए सकैत अछि। अखन धरि ईरान एहि संघर्ष कें मध्य-पूर्व धरि सीमित रखने छल। अमेरिकी हमलाक जवाब ओ दुबई, कुवैत आदि ठाम पर हमला कए दैत रहल अछि। मुदा आब तेहरान संघर्ष कें मध्य-पूर्व सं बाहर लए जाएबाक विकल्प पर सेहो विचार कए रहल अछि। ब्रिटिश अखबारक अनुसार, ईरानी सरकारक निकट दू व्यक्तिक हवाला दैत कहल गेल अछि जे ईरानी सेनाक दिस सं दक्षिण-पूर्वी यूरोपक देश सभ मे अमेरिकी सैन्य संसाधनपर संभावित हमलाक आकलन कएल गेल अछि। एहि मे बुल्गारिया सेहो शामिल अछि। बुल्गारियान पिछले मास अमेरिकी ईंधन भरबाक विमान लेल अपन बेजमर एयरबेसक उपयोगक अनुमति देने छल।

**तेहरान संघर्ष कें मध्य-पूर्व सं बाहर लए जाएबाक विकल्प पर सेहो विचार कए रहल अछि**



**संघर्ष बढ़ेबाक विकल्प तैयार कए रहल अछि ईरान :** एकटा सूत्रक अनुसार, साइप्रस कें सेहो अमेरिका द्वारा नव हमला कएल गेलाक स्थिति मे ईरानक संभावित निशाना मानल गेल अछि। साइप्रस मे मार्च मे एकटा ब्रिटिश एयरबेसपर ड्रोन सं हमला भेल छल। रिपोर्ट मे ईहो कहल गेल अछि जे ईरानी सेनाक दिस सं होर्मुज जलडमरूमध्य मे समुद्रक नीचां बिछाओल फाइबर-ऑप्टिक केबल कें निशाना बनेबाक संभावनाक समीक्षा कएल गेल अछि। एकटा सूत्रक अनुसार, जं ट्रंप ईरानक आधारभूत संरचनापर हमला करबाक अपन पुरान धमकीपर कायम रहैत छथि तं तेहरान संघर्ष कें आरो बढ़ेबाक विकल्प तैयार कए रहल अछि।

### कोनो हाल मे अपन बचाव करत ईरान

एकटा सूत्र कहलनि जे जं अमेरिका बहुत आगू बढ़त तं ईरान कोनो हाल मे अपन बचाव करत। संघर्षक क्षेत्र सं बाहर लए जा यूरोपपर सेहो हमला कए सकैत अछि। ई रिपोर्ट ओहि समय आयल अछि जखन होर्मुज जलडमरूमध्य कें फेर सं खोलबाक विषयपर वार्ता रुकल अछि आ तेहरान-वाशिंगटन वार्ता फेर शुरू होयबाक संभावना कम देखाइ पड़ि रहल अछि।

ट्रंप मंगलदिन कहलनि जे तेहरानक संग कोनो बात नहि भए रहल अछि आ नहि एखन कोनो बातचीतक योजना अछि। ईरानी सैन्य अधिकारी पहिनहि चेतावनी दए चुकल छथि जे ईरानी क्षेत्रपर हमला करबाक लेल उपयोग मे आनल जाएवला कोनो सैन्य अड्डा कें निशाना मानल जा सकैत अछि। सैन्य विशेषज्ञक अनुसार, ईरानक लग दक्षिणी आ दक्षिण-पूर्वी यूरोपक किछु भाग धरि पहुंचबाक क्षमता वला मिसाइल सेहो अछि।

# बैडमिंटन वर्ल्ड चैंपियनशिप : ऑस्ट्रिया कें कॉलिन्स फिलिमोन पर जीतक संग लक्ष्यक अभियान शुरू




भारतक शीर्ष मेंस सिंगल्स खेलाड़ी लक्ष्य सेन मंगलदिन जीतक संग अपन बीडब्ल्यूएफ वर्ल्ड चैंपियनशिप 2026 अभियानक शुरूआत कएलनि। लक्ष्य इंदिरा गांधी इंडोर स्टेडियम मे खेलल गेल मेंस सिंगल्स इवेंटक 'राउंड ऑफ 64' मे ऑस्ट्रियाक कॉलिन्स फिलिमोन कें 16-21, 21-8, 21-4 सं मात देलनि। 14म वरीयता प्राप्त भारतीय खेलाड़ी कें वापसी करय मे 45 मिनट लगल। पहिल गेम हारलाक बाद ओ अपन लय पकड़लनि आ तकर बाद अपन प्रतिद्वंद्वी कें मोकाबला मे वापसीक कोनो खास मौका नहि देलनि।

एहि भिड़ंतक दौरान पहिल गेम मे सब सं कड़ा मोकाबला देखबाक भेटल, जाहि मे शुरूआती दौर मे कोनो खेलाड़ी पैघ बढ़त नहि बना सकलाह। वर्ल्ड चैंपियनशिपक पूर्व ब्रॉन्ज मेडलिस्ट लक्ष्य सेन आ फिलिमोन पहिल हाफ मे एक-दोसर कें कड़ी टक्कर देलनि, जाहि मे ऑस्ट्रियाई खेलाड़ी इंटरवल धरि 11-10क मामूली बढ़त बना लेने छलाह। गेम आगू बढ़लाक संग सेन कें लय पाबय मे संघर्ष करय पड़ल। कतेको शॉट चूकबाक कारण ओ कड़ा मोकाबलाक फायदा नहि उठा सकलाह। फिलिमोन महत्वपूर्ण मोड़ पर आगू निकललाह आ 20-16 पर गेम प्वाइंट हासिल कएलनि। तकर बाद मौका कें भुनबैत 15 मिनट मे पहिल गेम 21-16 सं जीत लेलनि। मुदा दोसर गेम शुरू होइतहि मैचक रुख पूरा तरहे बदलि गेल। शुरूआत मे फिलिमोन सेनक संग बनल रहलाह आ स्कोर 6-6 सं बराबर कए देलनि, मुदा भारतीय खेलाड़ी शीघ्रे अपन दबदबा बनाबय लगलाह। लगातार चारि प्वाइंट जीतैत सेन मैच पर नियंत्रण बना लेलनि आ तकर बाद रैली सभ हुनका पक्ष मे जाए लगल।

भारतीय खेलाड़ी दबाव बढ़ौलनि आ धीरे-धीरे अपन बढ़त कें आओर मजबूत करैत 20-8 पर गेम प्वाइंट धरि पहुंचलाह। 16 मिनटक बाद दोसर गेम 21-8 सं जीतैत मैच कें निर्णायक गेम धरि लए गेलाह। निर्णायक गेम मे लक्ष्य सेन आक्रामक शुरूआत कएलनि आ तुरंतहि ऑस्ट्रियाई खेलाड़ी पर बढ़त बना लेलनि। इंटरवल धरि ओ 11-1 सं आगू भए गेल छलाह, जाहि सं फिलिमोन लेल मोकाबला मे वापसी करब बहुत कठिन भए गेल। शीघ्रे भारतीय खेलाड़ी जीत सं मात्र एक अंक दूर 20-4 पर पहुंचलाह आ अगिलहि रैली मे जीत पक्का कए लेलनि। 21-4क स्कोरक संग मात्र 14 मिनट मे निर्णायक गेम समाप्त भेल।

# सिनसिनाटी ओपन : सबालेंका, एंड्रीवा आ गॉफ चारिम राउंड मे बनौलनि स्थान



आर्यना सबालेंका सिनसिनाटी ओपनक चारिम राउंड मे पहुंचि गेल छथि। सबालेंका 54 मिनट धरि चलल मोकाबला मे वांग शिन्यु कें 6-1, 6-3 सं हरा देलनि। एहि जीतक संग सबालेंका अपन करियर मे 45 डब्ल्यूटीए 1000 इवेंट मे राउंड ऑफ 16 धरि पहुंचि गेल छथि। हुनकर एहि जीतक बाद सिनसिनाटी मे जीतक मामिला मे ओ सक्रिय खेलाड़ी सभ मे सब सं आगू भए गेल छथि। सबालेंकाक नाम आब डब्ल्यूटीए 1000 इवेंट मे करियरक 50 जीत अछि। 2009 मे एहि फॉर्मेटक शुरूआत भेलाक बाद ओ सेरेना विलियम्स (104) आ इगा स्वियाटेक (58)क बाद एहन उपलब्धि हासिल कएनिहार तेसर खेलाड़ी छथि।

एहि बीच नंबर 5 सीड मीरा एंड्रीवा नंबर 32 सीड जेनिस त्जेन कें हरा कए चारिम राउंड मे पहुंचि गेल छथि। एंड्रीवा 1 घंटा 42 मिनट धरि चलल एहि मैच मे 6-1, 7-6(5) सं जीत दर्ज कएलनि।

एंड्रीवा 2024 मे टूनार्मेंट मे अपन पछिला एकमात्र उपस्थिति मे सिनसिनाटी मे क्वार्टर फाइनलिस्ट रहल छलथि। जून मे रोलैंड गैरोस मे अपन पहिल ग्रैंड स्लैम खिताब जीतलाक बाद ई पहिल बेर अछि जखन ओ लगातार मैच जीतलनि।

आब हुनकर सामना एहि साल चारिम बेर नंबर 10 सीड मार्टा कोस्त्युक सं होयत। कोस्त्युक हेड-टू-हेड मे 2-1 सं आगू छथि, मुदा पिछला मोकाबला मे एंड्रीवा रोलैंड गैरोस सेमीफाइनल मे कोस्त्युक कें हरा देने छलथि।

2023क चैंपियन कोको गॉफ सेहो साथी अमेरिकन एन ली कें 6-1, 7-6(3) सं हरा कए 2026 सिनसिनाटी ओपनक चारिम राउंड मे अपन जगह पक्का कए लेलनि।

गॉफ आब अपन करियरक 36म डब्ल्यूटीए 1000 चारिम राउंड मे छथि, जाहि मे एहि सीजनक 6 टा सेहो शामिल अछि। सिनसिनाटी सिंगल्स मे हिस्सा लैत सक्रिय खेलाड़ी सभ मे मात्र एरिना सबालेंका (44), कैरोलिन प्लिसकोवा (44), एलिना स्वितोलिना (43), इगा स्वियाटेक (38) आ जेसिका पेगुला (38) हुनका सं बेसी बेर चारिम राउंड मे पहुंचल छथि।

# गाले टेस्ट : भारत ने श्रीलंका कें 165 रन सं हरौलक, मानव सुथार झटकलनि 6 विकेट

भारतीय क्रिकेट टीम गाले इंटरनेशनल स्टेडियम मे खेलल गेल टेस्ट मैच मे श्रीलंका कें 165 रन सं हरा देलक। मानव सुथारक घातक गेंदबाजीक बदौलत टीम इंडिया श्रीलंका कें पांचम दिन दोसर सेशन मे दोसर पारी मे 206 रन पर समेटि गाले टेस्ट अपना नाम कए लेलक। जीतक संग 2 मैचक सीरीज मे टीम इएह समय छल, जखन टीमक हार तय भए गेल छल। मुदा कप्तान धनंजय डी सिल्वा (59) आ पहिल पारीक शतकवीर सोनल दिनुशा 84 रनक पारी खेलि टीमक हार किछु समय लेल टारि देलनि, मुदा हुनकर ई प्रयास पर्याप्त नहि छल। दूनूक आउट होयबाक संगहि श्रीलंकाक पारी 77.4 ओवर मे 206 रन पर सिमटि गेल आ 165







इंडिया 1-0 सं आगू भए गेल अछि। श्रीलंका कें चारिम पारी मे जीत लेल 372 रनक लक्ष्य भेटल छल। टीमक शुरूआत बहुत खराब रहल। श्रीलंका अपन शुरूआती 4 विकेट मात्र 47 रन पर गमा देलक। रनक पैघ भेद सं मैच गमा देलक।

युवा गेंदबाज मानव सुथार भारत लेल दोसर पारीक हीरो रहलाह। सुथार 23.4 ओवर मे 55 रन दए 6 विकेट लेलनि। एकर अतिरिक्त प्रसिद्ध कृष्णा 2 आ सिराज-जडेजा 1-1 विकेट लेलनि।

भारतीय टीम टॉस जीतिकए पहिने बल्लेबाजी करैत देवदत्त पड्डिकलक 167, केएल राहुलक 82 आ ध्रुव जुरेलक 51 रनक मदति सं 462 रन बनौने छल। श्रीलंका पहिल पारी मे सोनल दिनुशाक 100 आ निरोशन डिकवेलाक 80 रनक पारीक बावजूद 284 रन पर सिमटि गेल छल आ 178 रन सं पाछां छल। भारतक दोसर पारी 193 रन पर सिमटि गेल छल। ऋषभ पंत 66 रन बनेने छलाह। 178 रनक बढ़त पर भारत श्रीलंका कें जीत लेल 372 रनक लक्ष्य देने छल। सीरीजनक दोसर टेस्ट 23 अगस्त सं कोलंबो मे खेलल जाएत।

# हॉकी वर्ल्ड कप : साउथ अफ्रीका कें 6-1 सं हरा भारतीय महिला टीम दर्ज कएलक पहिल जीत

एफआईएच हॉकी वर्ल्ड कप 2026 मे भारतीय महिला हॉकी टीम साउथ अफ्रीका पर 6-1 सं शानदार जीत हासिल करैत 'पूल-डी' मे अपन स्थिति आओर मजबूत कए लेलक। ई मोकाबला मंगलदिन एमस्टेलवीनक वैगनर हॉकी स्टेडियम मे खेलल गेल। एहि शानदार जीतक संग भारत टूनार्मेंट मे एखन धरि अजेय अछि। एकर पहिने भारत 2024 ओलंपिक सिल्वर मेडलिस्ट चीनक संग 2-2 सं ड्रॉ खेलने छल, जाहि सं दूनू मैच मे ओकर चारि अंक भए गेल अछि आ गोल अंतरक आधार पर भारत एखन पूल मे सब सं आगू अछि। भारत 20 अगस्त कें इंग्लैंड विरुद्ध अपन अभियान समाप्त करत। अपन पहिल मैच मे चीनक संग 2-2 सं ड्रॉ खेललाक बाद भारतीय महिला




टीम एहि मोकाबला मे तीनू अंक हासिल करबाक इरादा सं उतरली। भारत शुरूआती मिनट सं अपन आक्रामक इरादा स्पष्ट कए देलक। भारत सातम मिनट मे अपन पहिल पेनाल्टी कॉर्नर हासिल कएलक। बामा दिस सं बलजीत कौरक खेलक दौरान सर्कलक भीतर गेंद पैर सं लागि गेल। दीपिका सेट पीस लेबाक प्रयास कएलनि, मुदा वैन टोंडर भारतीय ड्रैग-फ्लिक कें रोकि देलनि। लगातार दबावक नतीजा आखिरकार 11म मिनट मे देखबाक भेटल। भारत साउथ अफ्रीकी सर्कलक आसपास धैर्यपूर्वक गेंद घुमौलक आ तकर बाद साक्षी राणाक शॉट दूरक पोस्ट दिस गेल, जतय सुनेलिता टोप्पो गोल कए भारतक खाता खोललनि। मोकाबलाक 15म मिनट मे इशिका चौधरी कें 'ग्रीन कार्ड' भेटलाक बाद भारत कें किछु समय लेल 10 खेलाड़ी संग खेलय पड़ल, मुदा भारत अपन संयम बनौने रहल। दोसर क्वार्टरक शुरूआत मे सविता भारत लेल गोलकीपिंगक जिम्मेदारी संभारलनि आ टीम आगू बढ़ैत रहल। भारत 17म मिनट मे पेनाल्टी कॉर्नरक एकटा बेहतरीन मूव सं अपन बढ़त दोगुना कए लेलक।

धन्यवाद मिथिला




आइ अपने लोकनिक प्रेम आ स्नेहक बल पर प्रतिदिन 'समदिया मिथिला'क डिजिटल संस्करण दस लाख पाठक धरि पहुंच रहल अछि।भारत आ नेपालक संगहि अपनेक ई दैनिक पत्र यूके, यूएसए, यूएई, सिंगापुर, मॉरिशस, श्रीलंका आदि देश मे रहि रहल मैथिली भाषी लोकनि प्रतिदिन एहि अखबारक बाट तकैत रहैत छथि आ बहुत चाव सं एहि अखबार कें पढ़ैत छथि।अपने लोकनिक एहि प्रेमक बल पर 'समदिया मिथिला' मिथिलाक एकमात्र लोकप्रिय दैनिक पत्र बनि गेल अछि। एकर हार्ड कॉपी सेहो संपूर्ण मिथिला मे देखिते-देखिते छुहुक्का उड़ि जाइत अछि।

हमरा सभकें आशा आ विश्वास अछि जे अपने लोकनिक प्रेम आ स्नेह अहिना बनल रहत आ 'समदिया मिथिला'क पाठकक संख्या मे उत्तरोत्तर वृद्धि होइत रहत।

आभार सहित
समदिया परिवार




# जिंबाब्वे विरुद्ध टी-20 सीरीज लेल साउथ अफ्रीकाक महिला टीमक घोषणा

जिंबाब्वे विरुद्ध होयबला टी-20 इंटरनेशनल सीरीज लेल साउथ अफ्रीका क्रिकेट महिला टीमक घोषणा कए देने अछि। युवा तेज गेंदबाज कैटलिन विंगार्ड, नथाबिसेंग निनी आ ऑफ-स्पिनर लुयांडा न्जुजा कें पहिल बेर टीम मे शामिल कएल गेल अछि। नियमित कप्तान लौरा वोल्वार्ट पांच मैचक एहि सीरीज मे टीमक कमान संभारती। ई सीरीज 11 सं 19 सितंबर धरि बुलावायोक क्वींस स्पोर्ट्स क्लब मे खेलल जाएत। कतेको वरिष्ठ खेलाड़ी ग्लोबल फ्रेंचाइजी लीग आ घरेलू प्रतियोगिता मे व्यस्त छथि, तें चयनकर्ता सभ बेंच स्ट्रेंथ आ अगिला पीढ़ीक खेलाड़ी सभ कें आजमाबयक निर्णय लेलनि। 15 सदस्यीय टीम मे कतेको एहन खेलाड़ी शामिल छथि जे हालहि मे इंग्लैंड मे भेल आईसीसी महिला टी-20 विश्व कप मे खेलि नहि सकल छलाह। एहि मे वर्तमान घरेलू टी-20 'प्लेयर ऑफ द ईयर' फे टुनिक्लिफ सेहो शामिल छथि। हुनका एनेके बॉश, अयांडा हलुबी, एलिज-मारी मार्क्स, सेशनी नायडू, नोंडुमिसो शंगासे आ मियाने स्मिटक संग टीम मे




स्थान भेटलनि। टीम मे विकेटकीपर-बल्लेबाज सिनालो जाफ्टा आ काराबो मेसो संग-संग ऑलराउंडर कायला रेनेके आ एनेरी डर्कसेनक रूप मे अनुभवी खेलाड़ी सभ कें सेहो स्थान देल गेल अछि। हेड कोच मांडला माशिंबी एहि ऐतिहासिक दौराक महत्व पर जोर दैत एकरा भविष्यक ग्लोबल आयोजन सभ लेल महत्वपूर्ण कदम बतौलनि। ओ बुधदिन एकटा बयान मे कहलनि, जिंबाब्वेक दौरा कतेको कारण सं रोमांचक अछि। सब सं पहिने आ महत्वपूर्ण बात ई अछि जे हम एकटा टीमक रूप मे अपन अफ्रीकी पड़ोसी देशक दौराक तैयारी कए रहल छी आ एकर हिस्सा बनब बहुत खास अछि। हम अपन देश मे हमर स्वागत करबाक लेल जिंबाब्वेक सेहो धन्यवाद देबय चाहैत छी। युवा सभ पर केंद्रित चयन नीतिक बारे मे बतबैत माशिंबी कहलनि जे स्थापित वरिष्ठ खेलाड़ीसभक अनुपस्थिति सं उभरैत खेलाड़ी सभ लेल शानदार अवसर बनल अछि। ओ कहलनि, टी-20 इंटरनेशनल मैच सभ कें लए उत्साहित होयबाक दोसर कारण ओ युवा टीम अछि, जें हम बुलावायो लए जा रहल छी। ओ कहलनि, जखनकि कतेको खेलाड़ी दुनियाभरिक फ्रेंचाइजी लीग मे साउथ अफ्रीकाक प्रतिनिधित्व कए रहल छथि, तें हम एकटा युवा आ महत्वाकांक्षी टीम चुनबाक निर्णय लेलहुं। एकर संगहि हम ओहि खेलाड़ी सभ कें इंटरनेशनल स्तर पर खेलबाक अवसर देबाक सोचलहुं जे 'प्रोटियाज' (दक्षिण अफ्रीकी टीम) धरि पहुंचबाक बाट मे नीक प्रदर्शन कए रहल छथि। बांग्लादेश एमर्जिंग टीम विरुद्ध साउथ अफ्रीका इमर्जिंग टीमक दौराक दौरान प्रभावशाली प्रदर्शन कएनिहार तीन नव खेलाड़ी कैटलिन, नथाबिसेंग आ लुयांडा पर ध्यान केंद्रित करैत माशिंबी इंटरनेशनल मंच पर हुनकर पदार्पणक लेल उत्सुकता व्यक्त कएलनि। ओ कहलनि, निनी, न्जुजा आ विंगार्ड एहन युवा खेलाड़ी छथि, जकर विकास पर हम पछिला 12-18 मास सं बारीकी सं नजरि राखने छी आ हम ई देखबाक लेल बहुत उत्साहित छी जे ओ सभ इंटरनेशनल मंच पर कोना प्रदर्शन करैत छथि।

## साउथ अफ्रीका टी-20 इंटरनेशनल टीम

लौरा वोल्वार्ट (कप्तान), एनेके बॉश, एनेरी डर्कसेन, अयांडा हलुबी, सिनालो जाफ्टा, एलिज-मारी मार्क्स, काराबो मेसो, सेशनी नायडू, नथाबिसेंग निनी, लुयांडा न्जुजा, कायला रेनेके, नोंडुमिसो शंगासे, मियाने स्मिट, फे टुनिकलिफ आ कैटलिन विंगार्ड।

वर्ष 16, अंक 202 **स्वत्वाधिकारी, प्रकाशक एवं संपादक राघवेंद्र** द्वारा 104 रामबली निवास, मदरसा पथ, पिलर नंबर 52, राजा बाजार, पटना 14 से प्रकाशित एवं **एसएच प्रिंटर्स**, रातु काठीटांड़, नीयर-टेंडर बगीचा, एचपी पेट्रोल पंप, पीओ+पीएस - रातु, रांची, 835222 से मुद्रित। प्रधान संपादक : राघवेंद्र*। **कार्यकारी संपादक :** अखिलेश, **संपादकीय प्रभारी :** सच्चिदानंद सच्चू, **राजनीतिक संपादक :** शैलेश तिवारी, **बिजनेस हेडः** पंकज मिश्रा, संपर्क : 7488117482 (* पीआरबी एक्ट के तहत खबरों के चयन के लिए जिम्मेवार) RNI NO- BIHMAI/2010/33053/2010/33053